मंगल
13 अक्टूबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

आश्विन, शुक्ल पक्ष, तृतीया संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक



मां चंद्रघंटा के प्रणाम

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 35 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

# वंचित वर्गक मसीहा छलाह रूपनारायण झा

# जमीन सं सदन धरि गूंजैत छल गरीबक आवाज

## वर्तमान राजनीतिक परिवेश मे जमीन सं जुड़ल एहन नेताक अभाव लोक सभ कें खटकैत अछि

- रिक्शा सं करैत छलाह जनसंपर्क

**झंझारपुर, समदिया**

मधुबनी जिलाक गरीबक मसीहा कहला पर स्व. रूपनारायण झाक छवि आइयो लोकक हृदय मे जीवित अछि। वर्तमान मे जिला मे 10 टा विधानसभा क्षेत्र अछि, मुदा पहिने 11 टा विधानसभा क्षेत्र छल। ओहि समय मधेपुर विधानसभा क्षेत्र सं निर्दलीय आ जनता दलक टिकट पर चुनाव लड़ि विधानसभा पहुंचयबला रूपनारायण झाक व्यक्तित्व आइयो लोक लेल प्रेरणास्त्रोत अछि। वर्तमान राजनीतिक परिवेश मे जमीन सं जुड़ल एहन नेताक अभाव लोक सभ कें खलैत अछि।



### हारि सं नहि माननलि हारि 1990 मे 22 हजार मत सं जीत

गरीबक अधिकार लेल 1980 मे पहिल बेर निर्दलीय प्रत्याशी बनलाह, मुदा हारि गेलाह। 1985 मे फेर चुनाव लड़लनि। कहल जाइत अछि जे ओहि समय मतगणना मे गड़बड़ीक आरोप लागल छल आ मधेपुर मे हजारो लोक हंगामा कयने छलाह। तत्कालीन जिलाधिकारी कें सीआरपीएफ सं लाठीचार्ज कराबय पड़ल छल। निरंतर संघर्षक परिणाम रहल जे 1990 मे रूपनारायण झा 22 हजार सं बेसी मत सं जीत हासिल कए पहिल बेर विधानसभा पहुंचलाह। बाद मे हुनका मंत्रीक दर्जा भेटलनि। 1995 मे 32 हजार सं बेसी मत सं जीतलाह आ 2000 धरि विभिन्न विभागक मंत्री रहलाह।

### झंझारपुर कें जिला बनेबाक आंदोलनक पहिल नायक

लालू प्रसाद यादवक कार्यकाल मे झंझारपुर कें जिला बनेबाक मांग जमीन सं सदन धरि उठेबाक साहस रूपन बाबू देखौने छलाह। एहि कारण 2000 मे हुनका टिकट नहि भेटलनि। मुदा 2005 मे निर्दलीय प्रत्याशी बनि फेर जीत दर्ज कयलनि।

### मंत्री रहितो रिक्शा सं करैत छलाह जनसंपर्क

रूपन बाबूक सब सं पैघ विशेषता छलनि सादगी। ओ पटना मे रहबाक बदला मधेपुर विधानसभा क्षेत्र मे जनताक बीच रहैत छलाह। मंत्री रहितो सरकारी गाड़ी आ तामझाम छोड़ि रिक्शा सं जनसंपर्क करैत छलाह। कुर्ता-गंजी पहिरने, मुस्कुराइत चेहरा संग लोकसभक बीच पहुंचैत छलाह। गरीबक पीड़ा बुझि ओकर समाधान करबाक प्रयास करैत छलाह। 2010 मे परिसीमनक बाद कोनो राजनीतिक दल हुनका प्रत्याशी नहि बनौलक। तकर बाद ओ चुनाव नहि लड़लनि। आइयो गरीब आ वंचित वर्ग हुनक अभाव अनुभव करैत अछि।

### आजुक राजनीति मे नहि छैक ओ बात : पंकज झा

लोक सभ हुनकर एकमात्र पुत्र पंकज कुमार झा कें राजनीतिक विरासत सम्हारबाक आग्रह कयलनि, मुदा ओ एहि रस्ता सं अलग रहलाह। हुनकर कहब छनि जे वर्तमान राजनीति मे पिताक आदर्श पर चलब कठिन अछि। रूपन बाबू कहियो जनता कें ठकलनि नहि, झूठ नहि बजलाह आ चौबीसों घंटा लोकक बीच रहलाह। हुनकर परिवार मे एकटा पुत्र आ तीनटा पुत्री छथि। क्षेत्रक लोक आइयो रूपन बाबू सन समाजवादी विचारधाराबला जननेताक प्रतीक्षा कए रहल अछि।

### साधारण किसान परिवार मे जन्म छात्रजीवन सं करैत रहला संघर्ष



रूपनारायण झाक जन्म 1945 मे एकटा गरीब किसान ब्राह्मण परिवार मे भेल छलनि। हुनकर निधन 2020 मे भेलनि। हुनकर पिता स्व. कंटीर झा छोट व्यवसायी छलाह। ओहि समय कपड़ा पर सरकारी नियंत्रण छल आ झंझारपुर मे कपड़ा बेचबाक अधिकार हुनके प्राप्त छलनि। अल्पायु मे पिताक निधन भेला पर रूपन बाबू जमीनक एकटा टुकड़ा बेचि पढ़ाइ पूरा कयलनि। बीआइटी सिंदरी मे इंजीनियरिंगक पढ़ाइ शुरू कयलनि, मुदा दोसर वर्ष मे पढ़ाइ छोड़ि ग्रामीण राजनीति मे आबि गेलाह। ओहि समय सामंती व्यवस्था चरम पर छल। बाहुबली आ सामंत गरीब-वंचित समाजक लोक कें मतदान केंद्र धरि जयबा सं रोकैत छलाह। रूपन बाबू सीपीआइ आंदोलन सं जुड़ि शोषित आ वंचित समाजक नेतृत्व शुरू कयलनि। गरीब कें मतदान आ अपन अधिकारक प्रति जागरूक करबाक कारण हुनका कतेको कठिनाइ झेलय पड़लनि। हुनका फर्जी मुकदमा मे सेहो फंसाओल गेलनि।

---

**एक नजरि**

### आरएलएम सं छह सालक लेल निलंबित कएल गेला राम पुकार सिन्हा

**पटना।** बिहार विधान परिषद चुनाव मे सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं निर्दलीय प्रत्याशी बनल राम पुकार सिन्हा कें राष्ट्रीय लोक मोर्चा (आरएलएम) 6 वर्ष लेल पार्टी सं निलंबित कए देलक अछि। ओ पार्टीक प्रदेश महासचिव सह प्रवक्ता छलाह। एनडीएक अधिकृत प्रत्याशीक विरुद्ध चुनाव लड़बाक कारण ई कारबाइ कयल गेल अछि। पार्टी अध्यक्ष उपेंद्र कुशवाहाक निर्देश पर कार्यकारी प्रदेश अध्यक्ष प्रशांत पंकज सोमदिन निलंबनक आदेश जारी कएलनि। मुदा निलंबनक बादो राम पुकार सिन्हा चुनाव मैदान मे डटल छथि।

### बीपीएससी 72म प्रारंभिक परीक्षा स्थगित, 25 अक्टूबर कें नहि होयत एग्जाम

**पटना :** बिहार लोक सेवा आयोग (बीपीएससी) 72म संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा स्थगित कए देलक अछि। ई परीक्षा 25 अक्टूबर 2026 कें होमयबला छल। आयोगक अनुसार, अपरिहार्य कारण सं परीक्षा स्थगित कयल गेल अछि।

---

# दरभंगा मे कार्गो हब लेल 226 करोड़ स्वीकृत

# ग्रामीण सड़कक सेहो होयत कायाकल्प

- सम्राट मंत्रिमंडलक 24 प्रस्ताव पर लागल मोहर

**पटना, समदिया**

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे सोमदिन भेल राज्य मंत्रिमंडलक बैसार मे 24 महत्वपूर्ण प्रस्ताव पर स्वीकृति देल गेल। दरभंगा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डाक लग लॉजिस्टिक पार्क आ कार्गो हब बनेबाक लेल करीब 226 करोड़ टाका मुआवजा राशि स्वीकृत कयल गेल अछि। एकर संगहि पांच वर्षक अनुरक्षण अवधि पूरा कए चुकल ग्रामीण सड़कक मरम्मत आ देखरेख लेल ग्रामीण सड़क अनुरक्षण एवं प्रबंधन कार्यक्रम लागू करबाक निर्णय लेल गेल। सूचना प्रौद्योगिकी विभागक विस्तार जिला आ क्षेत्रीय स्तर पर सेहो कयल जायत। दरभंगा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डाक लग लॉजिस्टिक पार्क आ कार्गो हब बनेबाक लेल 49.9973 एकड़ जमीन अधिग्रहण कयल जायत। एहि लेल 225 करोड़ 91 लाख 30 हजार 742 टाकाक संशोधित प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल अछि। एहि सं पहिने 50.0004 एकड़ जमीन अधिग्रहण लेल 138 करोड़ 73 लाख 77 हजार 534 टाका स्वीकृत कयल गेल छल। जमीनक मुआवजा राशि बढ़लाक कारण अतिरिक्त राशि स्वीकृत करबाक निर्णय लेल गेल। एहि परियोजना सं मिथिला आ उत्तर बिहारक कृषि उत्पाद कें हवाई मार्ग सं दोसर राज्य आ विभिन्न बाजार धरि पहुंचेबा मे सहायता भेटत। एहि सं किसान सभ कें लाभ होयबाक संगहि क्षेत्र मे आर्थिक गतिविधि बढ़बाक आशा अछि।



### पुरान ग्रामीण सड़कक होयत मरम्मति

ग्रामीण कार्य विभागक सड़कक देखरेख लेल ग्रामीण सड़क अनुरक्षण एवं प्रबंधन कार्यक्रम (आरआरआरएमपी) लागू कयल जायत। एहि कार्यक्रमक अंतर्गत ओहि ग्रामीण सड़क सभक नियमित मरम्मत, नवीकरण आ अनुरक्षण कयल जायत, जिनकर पांच वर्षक अनुरक्षण अवधि पूरा भए गेल अछि अथवा आगू पूरा होयत। एहि व्यवस्थाक उद्देश्य ग्रामीण सड़क सभ कें जर्जर होयबा सं बचायब, ओकर उपयोगिता बनौने राखब आ सरकारी धनक नीक उपयोग करब अछि। एहि सं गाम-गाम धरि सड़क संपर्क दीर्घकाल तक नीक बनल रहत आ ग्रामीण लोकसभक आवागमन आसान होयत।

### जिला सभ धरि पहुंचत सूचना प्रौद्योगिकी विभाग

सूचना प्रौद्योगिकी विभागक विस्तार जिला आ क्षेत्रीय स्तर पर कयल जायत। एहि लेल बिहार सूचना प्रौद्योगिकी अवर सेवा नियमावलीक अंतर्गत आवश्यक व्यवस्था विकसित कयल जायत। प्रमंडल, जिला आ प्रखंड स्तर पर तकनीकी आवश्यकता पूरा करबाक संगहि सरकारी सूचना प्रौद्योगिकी परियोजना सभक कार्यान्वयन, निगरानी आ विभिन्न विभागक बीच समन्वय स्थापित करबाक काज कयल जायत। एहि विस्तार सं सरकारी सेवा सभक डिजिटलीकरण मे तेजी आयत आ स्थानीय स्तर पर तकनीकी समस्या सभक समाधान करब सहज होयत। एहि निर्णय सं सरकारी कामकाज मे तकनीकी सुविधा बढ़बाक संगहि आम लोक कें सेवा उपलब्ध करेबा मे सेहो सहायता भेटबाक अपेक्षा अछि।

---

# एसआइआर आ ज्ञानेश कुमारक विरुद्ध विपक्षक सुप्रीम कोर्ट धरि मार्च, 11 नेता बनलाह याचिकाकर्ता

## राहुल कहलनि, विपक्षक ई मार्च शिवक बरियाती सन अछि

**नई दिल्ली, समदिया**

विपक्षी दलक नेता सोमदिन सांझ अनचोके सुप्रीम कोर्ट परिसर मे पहुंचि गेलाह। एहि सं पहिने राहुल गांधी, प्रियंका गांधी, मल्लिकार्जुन खड़गे आ अन्य विपक्षी सांसद दिल्लीक बाराखंभा रोड सं सुप्रीम कोर्ट दिस मार्च निकालने छलाह। मुदा हुनका सभ कें सुप्रीम कोर्ट सं करीब 500 मीटर पहिनहि रोकि देल गेलनि। कोनो मांग लए कए विपक्षी नेताक सुप्रीम कोर्ट धरि मार्च निकालबाक ई पहिल घटना अछि। मतदाता सूची पुनरीक्षण (एसआइआर) मे गड़बड़ीक विरोध मे विपक्ष सुप्रीम कोर्ट मे याचिका दायर कयने अछि। एहि याचिका मे राहुल गांधी, अखिलेश यादव, तेजस्वी यादव सहित 10 दलक 11 नेता याचिकाकर्ता छथि।

मार्च सं पहिने राहुल गांधी करीब 40 मिनट धरि पत्रकार सम्मेलन केलनि। ओ कहलनि जे विपक्षक ई मार्च भगवान शिवक बरियाती सन अछि, जाहि मे केओ शामिल भए सकैत छथि। रवि विपक्षी सांसद सभ मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत कें पत्र लिखि ज्ञापन सौंपबाक लेल समय मंगने छलाह। मुदा मुख्य न्यायाधीश भेंट करबाक अनुरोध अस्वीकार कए देलनि आ याचिका दायर करबाक सलाह देलनि।



### जंतर-मंतर पर प्रदर्शन पर रोक

दिल्लीक जंतर-मंतर आब निर्धारित प्रदर्शन स्थल सभक सूची मे नहि रहत। केंद्र सरकार एकरा सूची सं हटा देने अछि। 33 वर्ष पहिने जंतर-मंतर कें प्रदर्शन स्थल घोषित कयल गेल छल। गृह मंत्रालयक समितिक अनुशंसा पर आब रामलीला मैदान, बुराड़ी मैदान आ पूर्वी दिल्लीक सीबीडी मैदान कें प्रदर्शन स्थल बनाओल गेल अछि। एतहि अन्ना आंदोलन आ पहलवान सभक प्रदर्शन भेल छल। कॉकरोच जनता पार्टी सोमदिन फेर मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमारक इस्तीफा आ एसआइआर पर रोक लगेबाक मांग लए प्रदर्शनक अनुमति मंगलक, मुदा पुलिस अनुमति नहि देलक।

एहि सं पहिने पार्टी 20 जून सं 25 जुलाई धरि नीट प्रश्नपत्र लीक मामिला मे धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफाक मांग पर प्रदर्शन कयने छल। 36 दिन चलल एहि आंदोलन मे सोनम वांगचुक सेहो भूख हड़ताल पर बैसल छलाह। 25 जुलाई कें प्रधानक इस्तीफाक बाद प्रदर्शन समाप्त भेल छल।

---

# सुपौलक करजाइन मे ठेकेदारक घर मे 65 लाखक डकैती

## छहरदेवारी तड़पि कए घुसल आ हथियारक बल पर सभ कें बना लेलक बंधक

**सुपौल, समदिया**

सुपौल जिलाक करजाइन थाना क्षेत्रक वार्ड संख्या-9 मे रविदिन राति करीब 1:20 बजे 10 सं 12 गोट नकाबपोश अपराधी एकटा ठेकेदारक घर मे घुसि करीब 65 लाख टाकाक संपत्ति लूटि लेलक। अपराधी सभ घरक छहरदेवारी फानि भीतर प्रवेश केलक आ ठेकेदार सतेंद्र नारायण सिंह आ हुनकर परिवार कें हथियारक बल पर बंधक बना लेलक। पीड़ितक अनुसार, अपराधी तीनटा कोठली मे लूटपाट केलक। अलमारीक चाबी नहि देला पर एकटा अपराधी बंदूक देखबैत कहलक जे ई



खेलौना नहि अछि। भयभीत परिवार चाबी सौंपि देलक। अपराधी करीब एक घंटा धरि लूटपाट केलक। ठेकेदारक पत्नी मुन्नी देवी बतौलनि जे सभ अपराधीक हाथ मे बंदूक छल। हुनकर बेटी निधि सिंह, जे राघोपुर मे शिक्षिका छथि, कहलनि जे माय, हुनकर आ भौजाइक गहना, नवविवाहित भाइ कें भेटल गहना आ चानीक बरतन सेहो अपराधी लूटि लेलक।

पीड़ितक अनुसार, अपराधी करीब 20 भरि सोनाक गहना, 500 ग्राम चानी, नगदी आ दामी कपड़ा लए गेलाह। घरक महिला सभक पहिरल गहन सेहो उतरबा लेल गेल। लूटपाटक बाद अपराधी मुख्य दरबज्जा बाहर सं बन्न कए फरार भए गेल। सूचना भेटिते करजाइन थाना पुलिस जांच शुरू कए देलक। वीरपुरक एसडीपीओ पवन कुमार कहलक जे एफएसएल टीम घटनास्थल सं वैज्ञानिक साक्ष्य आ फिंगरप्रिंट जुटाओत।

---

# मिथिलाक अधिष्ठात्री मां कमलाक दिव्य शक्तिपीठ अछि सखरा

- भारत-नेपालक श्रद्धालुक अटूट आस्थाक अछि केंद्र

**राजविराज, समदिया**

मिथिलाक अधिष्ठात्री मां कमलाक आराधना लेल नेपालक सप्तरी जिलाक सखरा स्थित प्रसिद्ध छिन्नमस्ता भगवती मंदिर श्रद्धालुक प्रमुख आस्थाक केंद्र अछि। मधुबनी जिलाक नेउर बॉर्डर सं करीब 2 किलोमीटर दूर नेपाल मे अवस्थित एहि पवित्र शक्तिपीठक संग मिथिलाक धार्मिक आ सांस्कृतिक परंपरा जुड़ल अछि। नेपाल आ भारतक हजारो श्रद्धालु वर्ष भरि एहि ठाम दर्शन-पूजन लेल अबैत छथि। विशेष कए नवरात्रि आ कार्तिक पूर्णिमाक अवसर पर मंदिर मे भक्तिक विशेष उल्लास देखबा लेल भेटैत अछि।



एहि मंदिरक इतिहास 13म शताब्दीक कर्नाट राजवंश सं जुड़ल अछि। मानल जाइत अछि जे कर्नाट राजवंशक पांचम शासक शक्ति सिंह देव द्वारा एहि शक्तिपीठक स्थापना भेल अछि। कालांतर मे ई स्थल धार्मिक, सांस्कृतिक आ आध्यात्मिक दृष्टि सं अपार महत्व प्राप्त कयलक।

देवीक नाम छिन्नमस्ता सेहो अछि। कारण ई अछि जे जहन मूर्तिक खोज भेल, तखन ओकर मस्तक अलग छल। बाद मे श्रद्धालुक द्वारा मुखौटा लगा देल गेल आ ओहि रूप मे देवीक पूजा प्रारंभ भेल। छिन्नमस्ता स्वरूप स्व-त्याग आ आत्मबलिदानक प्रतीक मानल जाइत अछि। देवी अपन शीष त्याग कए समस्त सृष्टिक हितार्थ बलिदान देलनि, एहि कारणें भक्त ओकरा परम करुणामयी आ शक्तिशाली रूप मे पूजैत अछि।

मां कमला मिथिलाक अधिष्ठात्री देवी मानल जाइत छथि। लोकमान्यता अछि जे एहि मंदिर मे शुद्ध मोन सं मां सं प्रार्थना कएनिहारक सबहक मनोकामना पूर्ण होइत अछि। चाहे ओ परीक्षा मे सफलता हो, विवाह संबंधी इच्छा, संतान सुख अथवा स्वास्थ्य-संबंधी संकट झ मांक कृपा सं सभ कठिनाइ दूर भए जाइत अछि।

छिन्नमस्ता भगवती मंदिरक वातावरण पवित्रता आ शांति सं भरल अछि। भक्त लोकनिक विश्वास अछि जे एहि स्थल मे एक विशेष आध्यात्मिक ऊर्जा विद्यमान अछि जे बारंबार दर्शन लेल आकर्षित करैत अछि। एहि मंदिरक विशेषता ई सेहो अछि जे ई सर्वजन लेल खुजल अछि। जाति, वर्ग आ पंथक भेदभावक बिना सभ लोक एहि स्थल पर समान श्रद्धा सं मांक पूजा-आराधना करैत अछि।

नवरात्रि आ कार्तिक पूर्णिमाक अवसर पर ई स्थल धार्मिक उल्लास आ श्रद्धाक अपार सागर मे बदलि जाइत अछि। दूर-दूर सं नेपाल आ भारतक हजारो भक्त एहि समय मे दर्शन लेल अबैत छथि। मेला, भजन-कीर्तन आ अनुष्ठानक आयोजन एहि पर्वक विशेष आकर्षण बनैत अछि।

छिन्नमस्ता भगवती मंदिर केवल पूजा-अर्चनाक स्थान नहि, बल्कि मिथिलाक सांस्कृतिक आ धार्मिक पहिचानक प्रतीक सेहो अछि। मां कमलाक प्रति लोकक अटूट विश्वास आ श्रद्धा एहि शक्तिपीठ कें आइयो जीवंत बनौने अछि।

# कुशल युवा कार्यक्रम केंद्र सभ फेर सं चालू करबाक मांग: पटना मे नियोजन भवनक घेराव

## 200 संचालक धरना पर, पुलिस बल तैनात

**पटना, समदिया**

बिहार मे पहिने संचालित 1731 कुशल युवा कार्यक्रम (केवाईपी) केंद्र सभकेँ फेर सं चालू करयबाक मांग लए सोम दिन पटना मे केंद्र संचालक सभ धरना-प्रदर्शन शुरू कयलनि।

बिहार कौशल विकास मिशनक केवाईपी केंद्र संचालक पैघ संख्या मे नियोजन भवनक गेट लग जुटल छथि। प्रदर्शन मे 200 सं बेसी संचालक शामिल छथि।

एखन प्रदर्शनकारी अपन मांग सभकेँ लए नियोजन भवनक गेट लग जुटल छथि। पुलिस बल हुनका सभकेँ हटेबाक प्रयास कएलक। एकरा बादो बड़ संख्यामे केंद्र संचालक नियोजन भवनक सोझाँ जुटल छथि आ नारा लगा रहल छथि।

### मात्र 871 केंद्र लेल जारी भेल अधिसूचना

केंद्र संचालक सभक कहब अछि जे विभागीय स्तर पर भेल बातचीतक दौरान सभ पुरान केवाईपी केंद्र चालू रखबाक आश्वासन देल गेल छल। मुदा, बाद मे मात्र 871 केंद्र पर केवाईपी डिजिटल मित्र कार्यक्रम शुरू करबाक लेल अधिसूचना जारी कयल गेल। एहि कारण बड़ संख्यामे पुरान केंद्र संचालक सभक सोझाँ रोजगार आ केंद्र संचालनक संकट उत्पन्न भ गेल अछि।



### पुरान प्रशिक्षण व्यवस्था बहाल करबाक मांग

प्रदर्शनकारी संचालक सभ पुरान प्रशिक्षण व्यवस्था बहाल करबाक संग-संग पहिने संचालित सभ 1731 केंद्रकेँ फेर सं शुरू करबाक मांग कए रहल छथि। हुनका सभक कहब अछि जे पहिनेक जकाँ केंद्र सभक प्रशिक्षण लेल विद्यार्थी लेबाक क्षमता सेहो बहाल कयल जाए, जाहि सं युवासभकेँ कौशल प्रशिक्षणक लाभ भेटि सकय।

संचालक सभ विभाग सं शीघ्र निर्णय लए सभ पुरान केंद्रकेँ फेर सं चालू करबाक मांग कयलनि।

### युवासभक प्रशिक्षण पर सेहो असर पड़बाक आशंका

केंद्र संचालक सभक कहब अछि जे पुरान केंद्र सभ बंद रहला सं युवासभकेँ कौशल प्रशिक्षण देबाक व्यवस्था प्रभावित भ सकैत अछि। ओ सभ विभाग सं शीघ्र निर्णय लए सभ पूर्व संचालित केंद्रकेँ शुरू करबाक आ प्रशिक्षण व्यवस्थासँ जुड़ल समस्या सभक समाधान करबाक मांग कयलनि। एहि मांग सभ पर विभाग की निर्णय लैत अछि, एहि पर केंद्र संचालक सभक नजरि बनल अछि। पटना मे प्रदर्शनकारी सभ इनकम टैक्स चौराहा दिस मार्च करैत बीजेपी कार्यालय पहुंचलाह। ओतहु जमि कए नारा लगाओल गेल। घटनास्थल पर पुलिस सेहो मौजूद छल।

एकटा प्रदर्शनकारी कहलनि जे 6 मास पहिने बिना कोनो सूचना देने केवाईपी केंद्र सभ बंद कए देल गेल। तखनहि सं युवा अपन कागजात लए भटकि रहल छथि। सरकार 1731 पूर्व संचालित केवाईपी केंद्रकेँ फेर सं चालू करय।

पटना मे नियोजन भवनक सोझाँ पूर्व केवाईपी केंद्र संचालक सभ सड़क पर बैसि नारा लगा रहल छथि। ओ सभ केवाईपी केंद्रकेँ फेर सं शुरू करबाक मांग कए रहल छथि।

प्रदर्शनक दौरान पूर्व केंद्र संचालक सभ जमि कए नारा लगौलनि। ओ सभ कहि रहल छलाह, दाल-भात आ चोखा, कौशल ने देलक धोखा, एकटा कचौड़ी, दूटा समोसा, कौशलक की भरोसा आ कौशल किशोर चोर अछि। पटना मे नियोजन भवनक गेट पर पुलिस अधिकारी आ प्रदर्शनकारी सभक बीच नोकझोंक भेल। एकर बाद प्रदर्शनकारी सभ जोर-जोर सं नारा लगाबय लगलाह।

पूर्व केवाईपी केंद्र संचालक सभक प्रदर्शनक नेतृत्व कए रहल डॉ. आनंद कहलनि जे सरकार 1731 केवाईपी केंद्र पर ताला लगा देने अछि। एहि निर्णयक कारण एहि केंद्र सभक संचालक बेरोजगार भ गेल छथि।

नियोजन भवनक गेट पर बड़ संख्यामे प्रदर्शनकारी जुटल छथि आ जोर-जोर सं नारा लगा रहल छथि। पूर्व केवाईपी केंद्र संचालक सभक भीड़ बढ़ैत देखि घटनास्थल पर बड़ संख्यामे पुलिस बल तैनात कयल गेल अछि।

पटना पुलिस नियोजन भवनक सोझाँ जुटल केंद्र संचालक सभकेँ समझेबाक प्रयास कएलक, मुदा ओ सभ लगातार नारा लगबैत रहलाह। एकरा बाद पुलिस प्रदर्शनकारी सभकेँ हटेबाक प्रयास कएलक।

अपन मांग सभकेँ लए केंद्र संचालक सभ पटना मे धरना-प्रदर्शन शुरू कयलनि। एहि दौरान पुलिस अधिकारी हुनका सभकेँ समझेबाक प्रयास कयलनि, मुदा एकर बादो प्रदर्शनकारी सभ नारा लगबैत रहलाह।

बिहार मे पूर्व संचालित 1731 कुशल युवा कार्यक्रम (केवाईपी) केंद्रकेँ फेर सं चालू करयबाक मांग लए पटना मे केंद्र संचालक सभ धरना-प्रदर्शन शुरू कयलनि।

# एसआईआरक विरोध मे छात्र संगठनक लोक भवन मार्च

## एआईएसए-आरवाईएक ज्ञानेश कुमार कें पद सं हटेबाक मांग

### गांधी मैदान मे जुटताह सभ छात्र

**पटना, समदिया**

बिहार मे मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर) आ मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार कें पद सं हटेबाक मांग कें लए आइ पटना मे छात्र-युवा संगठन सभ दिस सं लोक भवन मार्च कयल जाएत।

ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन (एआईएसए) आ रिवोल्यूशनरी यूथ एसोसिएशन (आरवाईए) के नेतृत्व मे ई प्रदर्शन होयत। आइ भोर 11 बजे गांधी मैदानक गेट नंबर-10 लग सभ छात्र जुटताह।

### एसआईआर प्रक्रियाक विरुद्ध जतौताह विरोध

माले विधायक संदीप सौरव कहलनि जे देशक लोकतंत्र पर संकट छा गेल अछि। ई मात्र विपक्ष के आरोप नहि अछि, बल्कि एहि संबंध मे कतेको खुलासा सेहो भेल अछि। दू चुनाव आयुक्तक आपत्ति के बावजूद एसआईआरक पूरा प्रक्रिया पूरा कयल गेल।

हुनकर कहब छनि जे प्रत्येक आठम मतदाताक नाम मतदाता सूची सं काटि देल गेल अछि। केंद्र मे 2 प्रतिशतक भेद सं सरकार चलि रहल अछि। एकर अतिरिक्त, चुनाव आयोगक केंद्रीय वेबसाइट पर मतदाता सूची मे जे सुधार कयल जा सकैत छल, से अधिकार सेहो स्थानीय अधिकारी सभ सं छीन लेल गेल। ज्ञानेश कुमार अपन टीम बना कए एहि प्रक्रिया पर बीजेपीक पक्ष मे निगरानी करौलनि।




### देश मे अघोषित आपातकाल चलि रहल अछि

एआईएसए पटना के उपाध्यक्ष सबा आफरीन बीजेपी पर वोट चोरी कए सत्ता मे अयबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे देश मे अघोषित आपातकाल चलि रहल अछि। दिल्ली मे प्रदर्शनक दौरान भेल घटनाक विरोध मे छात्र-युवा सड़क पर उतरता।

एसआईआर के मुद्दा पर एआईएसए आ आरवाईए प्रदर्शन करत। संगठन सभ बेसी सं बेसी लोक कें एहि मार्च मे शामिल होएबाक अपील कयने अछि। चुनावी प्रक्रिया आ मतदाता सूची सं जुड़ल मुद्दा पर अपन मांग सभ कें लए ओ सभ एकजुट भए आवाज उठौताह।

### चुनावी प्रक्रिया पर पहिनो उठैत रहल अछि सवाल

मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण कें लए कए विभिन्न राजनीतिक दल आ संगठन सभ समय-समय पर सवाल उठबैत रहल अछि। प्रदर्शन करय बला संगठन एहि मुद्दा पर विरोध दर्ज करबाक संग मुख्य निर्वाचन आयुक्त कें पद सं हटेबाक मांग कें प्रमुखता सं उठेबाक तैयारी मे अछि।

# पटना यूनिवर्सिटीक स्थापना दिवस समारोह 12 मेधावी छात्र कें भेटल गोल्ड मेडल

## उच्च शिक्षा मंत्री संजय कुमार टाइगर कयलनि सम्मानित

**पटना, समदिया**

पटना यूनिवर्सिटीक 109म स्थापना दिवसक अवसर पर आइ सम्मान समारोहक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम जयप्रकाश नारायण अनुषद भवन (सीनेट हॉल) मे भेल।

समारोह मे 12 मेधावी छात्र कें गोल्ड मेडल दए सम्मानित कयल गेल। मुख्य अतिथि आ उच्च शिक्षा मंत्री संजय कुमार टाइगर मेधावी छात्र सभ कें सम्मानित कयलनि।

समारोह मे अंग्रेजी विभागक सेवानिवृत्त शिक्षक प्रो. शिवजतन ठाकुर सम्मानित अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। बिहार पुलिसक पूर्व महानिदेशक विनय कुमार विशिष्ट पूर्ववर्ती छात्रक रूप मे कार्यक्रम मे भाग लेलनि।

ओतहि विश्वविद्यालयक कुलपति प्रो. अजय कुमार सिंह समारोहक अध्यक्षता कयलनि। कार्यक्रम मे विश्वविद्यालयक शिक्षक, अधिकारी आ छात्र सभ उपस्थित छलाह।

स्थापना दिवस समारोह मे अलग-अलग पाठ्यक्रमक 12 छात्र कें गोल्ड मेडल दए हुनकर शैक्षणिक उपलब्धिक सम्मान कयल गेल। एहि मे यूजी



वोकेशनल, सेल्फ फाइनेंस, बीएड, एलएलबी आ फाइन आर्ट्सक मेधावी छात्र शामिल छलाह। मुख्य सूचना आयुक्त विनय कुमार कहलनि जे ओ पटना यूनिवर्सिटीक पूर्व छात्र रहल छथि आ एहि विश्वविद्यालयक चर्चा ओ अपन पिताजी सं सुनने छलाह। पटना यूनिवर्सिटी देखबाक लेल ओ अपन गृह जिला वैशाली सं पिताजीक संग साइकिल पर पटना आयल छलाह। ओहि समय पटना आबब एतेक आसान नहि छल। कहियो-कहियो पूरा दिन लागि जाइत छल।

ओ बतौलनि, जखन हम पटना यूनिवर्सिटी अयलहुं तखन एकर कॉलेज सभ देखलहुं। हमर पिता हमरा सपना देखौलनि जे हमरा एतहि पढ़बाक अछि। किछु दिन बाद हम पटना साइंस कॉलेज मे नामांकन लेलहुं। आइ हम जतहु जाइत छी, ओतए पटना यूनिवर्सिटीक चर्चा करब नहि बिसरैत छी।

समारोहक दौरान उच्च शिक्षा, शैक्षणिक उपलब्धि आ विश्वविद्यालयक ऐतिहासिक विरासतक चर्चा कयल गेल।

पटना यूनिवर्सिटीक स्थापना 1 अक्टूबर 1917 मे भेल छल। बिहार आ ओडिशा अलग-अलग प्रांत बनेलाक बाद राज्य मे उच्च शिक्षाक विस्तारक जरूरत महसूस कयल गेल। एही क्रम मे विश्वविद्यालयक स्थापना करबाक पहल भेल। एहि लेल छोटानागपुर क्षेत्र पर सेहो विचार कयल गेल छल, मुदा अंत मे पटना कें मुख्यालय चुनल गेल।

### पटना मे जोनल आईजी कयलनि समीक्षा बैठक ईआरएसएस कें प्रभावी बनेबाक जोर

**पटना।** केंद्रीय क्षेत्रक पुलिस महानिरीक्षक जितेंद्र राणा सोम दिन पटना मे पुलिस अधिकारी सभक संग बैठक कयलनि। एहि दौरान पटना पुलिसक काजक समीक्षा कयल गेल। बैठक मे पटना के वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक कार्तिकेय शर्मा सहित पुलिसक कतेको वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह। आईजी पुलिस अधिकारी सभ कें आपातकालीन स्थिति मे भेटय बला सहायता नीक बनेबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे कोनो घटना वा परेशानीक सूचना भेटलाक बाद पुलिस कें यथाशीघ्र घटनास्थल पर पहुंचबाक चाही। एहि लेल पुलिसक व्यवस्था आर मजबूत करबाक निर्देश देलनि। बैठक मे नशा, शराब आ दोसर गंभीर अपराधक मामिला पर सेहो चर्चा भेल। आईजी एहन मामिला सभक लगातार जांच आ समीक्षा करबाक निर्देश देलनि। पुलिस मुख्यालय दिस सं मांगल जाए बला सभ रिपोर्ट समय पर भेजबाक लेल सेहो कहलनि। एकर अतिरिक्त, जिला सभ मे मौजूद प्रमुख आ महत्वपूर्ण स्थान सभक सुरक्षा व्यवस्थाक जांच करबाक आ जतए कमी भेटय, ओहि कमी कें दूर करबाक निर्देश देल गेल। अधिकारी सभ कें आपस मे समन्वय बना कए काज करबाक आ समय पर सूचना जुटेबाक लेल कहल गेल, जाहि सं कानून-व्यवस्था नीक बनल रहय।

# मुंगेरक भीमबांध बनत प्रमुख पर्यटन केंद्र, राजगीर मे बनत 'क्लिफ वॉक'

### बिहार मे ईको-टूरिज्मक बढ़ावा

**पटना, समदिया**

राज्य सरकार मुंगेरक भीमबांध कें प्रमुख ईको-टूरिज्म केंद्रक रूप मे विकसित करबाक प्रक्रिया तेज कए देने अछि। राज्यक प्राकृतिक आ वन क्षेत्र सभ कें पर्यावरण-अनुकूल पर्यटन केंद्रक रूप मे विकसित करबाक दिशा मे सरकार पहल तेज कए देने अछि। मुंगेरक भीमबांध कें प्रमुख ईको-टूरिज्म केंद्र बनेबाक लेल रिक्वेस्ट फॉर प्रपोजल (आरएफपी) तैयार करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। एकर बाद एहि स्थल पर पर्यटक सभक सुविधा विकसित करबाक काज शुरू कयल जाएत।

पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन विभाग प्रकृतिक संरक्षणक संग पर्यटन सुविधाक विस्तार पर काज कए रहल अछि। एहि क्रम मे प्राकृतिक स्थल, जलाशय, पहाड़ी आ वन्यजीव क्षेत्र सभ मे पर्यटक सभक लेल आधारभूत संरचना आ जनसुविधा विकसित करबाक योजना आगू बढ़ाओल जा रहल अछि।

ईको-टूरिज्म स्थल सभक विकास लेल विशेषज्ञ संस्था



चुनबाक प्रक्रिया ईको-टूरिज्म डेवलपमेंट सोसाइटीक माध्यम सं राज्यक ईको-टूरिज्म स्थल सभक समग्र विकास लेल ट्रांजेक्शन एडवाइजर, आर्किटेक्ट कंसल्टेंट आ प्रोग्राम मैनेजमेंट यूनिट (पीएमयू) के चयन कयल जा रहल अछि।

एकर संग बिहार मे ईको-टूरिज्मक ब्रांडिंग आ रणनीतिक प्रचार-प्रसार लेल एजेंसी चुनबाक प्रक्रिया सेहो शुरू कयल गेल अछि। एकर उद्देश्य राज्यक प्राकृतिक पर्यटन स्थल सभ कें व्यवस्थित पहचान देबाक संग पर्यटक सभक लेल नीक अनुभव विकसित करब अछि।

चयनित ईको-टूरिज्म स्थल सभक विकास आ संचालन मे निजी क्षेत्रक भागीदारी सुनिश्चित करबाक लेल पीपीपी आ डीबीएफओटी मॉडल पर सेहो काज कयल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त, राज्यक दोसर प्रमुख प्राकृतिक आ ईको-टूरिज्म स्थल सभ पर विकासक संभावना के आकलन कयल जा रहल अछि।

राजगीर, कैमूर आ वाल्मीकि व्याघ्र आरक्ष्य पर सेहो ध्यान

एहि योजना मे राजगीर, कैमूर, रोहतास, गया आ वाल्मीकि व्याघ्र आरक्ष्य सहित विभिन्न वन आ जलाशय क्षेत्र शामिल अछि। राजगीर मे पर्यावरण-अनुकूल कॉटेज विकसित करबाक संग नेचर सफारी मे ह्यक्लिफ वॉकह्व सन नव पर्यटकीय सुविधा विकसित करबाक प्रक्रिया सेहो आगू बढ़ि रहल अछि।

सरकारक एहि पहल सं राज्यक प्राकृतिक स्थल सभ कें पर्यटनक नक्शा पर विशेष पहचान देबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। एकर माध्यम सं पर्यटक सभ कें नव सुविधा भेटबाक संग स्थानीय स्तर पर रोजगारक अवसर बढ़ेबाक संभावना सेहो अछि।

# 2028 धरि पूरा पटना मे दौड़य लागत मेट्रो, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी निर्माण कार्यक केलनि निरीक्षण

### दिसंबर धरि पहिल इंटरचेंज स्टेशन चालू होयत

**पटना, समदिया**

पटना मेट्रो रेल परियोजना वर्ष 2028 धरि पूरा होएत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी रवि दिन निर्माण कार्यक स्थल निरीक्षण कयलनि आ संबंधित एजेंसी कें निर्धारित समय-सीमा के भीतर काज पूरा करबाक निर्देश देलनि। लोक सभक सुविधा लेल बेली रोड पर जेडी वीमेंस कॉलेज आ हाईकोर्ट चौराहा-बिहार म्यूजियम लग दूटा फुट ओवरब्रिज बनेबाक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री बेली रोड पर इनकम टैक्स गोलंबर, हाईकोर्ट चौराहा आ हनुमान मंदिर लग



चलि रहल निर्माण कार्यक निरीक्षण कयलनि। ओ कहलनि जे परियोजना मे गुणवत्ता, सुरक्षा आ नागरिक सुविधा सं कोनो समझौता नहि होबाक चाही। निर्माण स्थल पर यातायात प्रबंधन कें प्राथमिकता देल जाए, जाहि सं रोजाना आवागमन पर कम सं कम असर पड़य। निरीक्षणक दौरान उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, मंत्री रामकृपाल यादव, मंत्री शीला कुमारी, वरिष्ठ अधिकारी विनय कुमार, पंकज कुमार पाल, लोकेश कुमार सिंह, संदीप कुमार आर. पुडुकलकट्टी, प्रणव कुमार, अनिमेश कुमार पराशर, डीएम कुंदन कुमार आ एसएसपी कार्तिकेय शर्मा सेहो उपस्थित छलाह। लोक सभक सुरक्षित आ सुविधाजनक आवागमन लेल बेली रोड पर जेडी वीमेंस कॉलेज आ हाईकोर्ट चौराहा-बिहार म्यूजियम लग दूटा फुट ओवरब्रिज बनाओल जाएत। एहि सं सड़क पार करय बला पैदल यात्री सभ कें सुविधा भेटत आ यातायात व्यवस्था सुचारू रखबा मे मदति भेटत। पटना मेट्रो परियोजना मे दूटा कॉरिडोर अछि। पहिल कॉरिडोर दानापुर सं पटना जंक्शन आ दोसर पटना जंक्शन सं नया बस अड्डा धरि अछि। दुनू कॉरिडोर मिला कए कुल 30.91 किलोमीटर नेटवर्क आ 24 स्टेशन बनाओल जा रहल अछि। पटना जंक्शन आ खेमनीचक स्टेशन रेड लाइन आ ब्लू लाइन कें आपस मे जोड़त। एहि दुनू स्टेशनक माध्यम सं यात्री एक कॉरिडोर सं दोसर कॉरिडोर पर जा सकताह। न्यू पाटलिपुत्र बस टर्मिनल (बैरिया) सं मलाही पकड़ी धरि 3.6 किलोमीटर प्राथमिकता कॉरिडोर पर 6 अक्टूबर 2025 सं मेट्रो परिचालन जारी अछि। परियोजनाक अगिला महत्वपूर्ण लक्ष्य दिसंबर 2026 धरि पहिल इंटरचेंज स्टेशन चालू करबाक अछि। एहि सं दुनू कॉरिडोरक बीच यात्री सभक आवागमन बेसी सुविधाजनक होयत।

# बीजेपी कें झटका, संजय साव समर्थक सभक संग राजद मे भेलाह शामिल

**पटना, समदिया**

बिहारक राजनीति मे सोम दिन तखन हलचल देखबा लेल भेटल, जखन बीजेपी नेता संजय कुमार साव उर्फ साधु साव अपन समर्थक सभक संग राष्ट्रीय जनता दल (राजद) के सदस्यता ग्रहण कयलनि। पटना मे राजदक प्रदेश प्रधान महासचिव रणविजय साहूक समक्ष ओ पार्टीक सदस्यता लेलनि। एहि दौरान राजदक कतेको नेता उपस्थित छलाह। राजद नेता एजाज अहमदक अनुसार, संजय कुमार साव उर्फ साधु साव अपन समर्थक सभक संग पार्टी मे शामिल भेलाह। प्रदेश प्रधान महासचिव रणविजय साहू हुनका सदस्यता रसीद दए औपचारिक रूप सं राजद मे शामिल करौलनि। एहि अवसर पर पार्टी दिस सं हुनका हरियर गमछा आ लालू प्रसाद यादवक संघर्ष आ योगदान पर आधारित पुस्तक गोपालगंज टू रायसीना दए सम्मानित कयल गेलनि। कार्यक्रम मे राजदक राष्ट्रीय महासचिव बिनु यादव, नेता एजाज अहमद, हरेंद्र कुमार कुशवाहा, भाई अरुण कुमार आ ई. अशोक यादव सहित कतेको नेता उपस्थित छलाह। बीजेपी नेताक राजद मे शामिल होएबाक घटना कें पार्टीक नेता सभ संगठन लेल महत्वपूर्ण घटनाक्रम बतौलनि।

सदस्यता ग्रहण कार्यक्रमक दौरान रणविजय साहू बीजेपी पर निशाना साधलनि। ओ आरोप लगौलनि जे महंगाई आ रोजगारक मुद्दा पर बीजेपीक नीति सं आम लोक आ युवा सभ कें परेशानी भए रहल अछि।

हुनकर कहब छलनि जे युवा सभ कें नौकरी आ रोजगारक पर्याप्त अवसर नहि भेटि रहल अछि। ई आरोप राजद दिस सं लगाओल गेल अछि।

# झंझारपुर मे प्रतिबंधित कफ सिरपक गोदाम पर छापा, 870 बोतल जब्त

## 1.69 लाख टाकाक सिरप बरामद, गोदाम संचालक हिरासत मे

**झंझारपुर, समदिया**

झंझारपुर थाना क्षेत्रक एनएच-27 पर मोहना स्थित गीतांजलि इन्क्लेव मे औषधि विभाग आ पुलिसक संयुक्त टीम सोमदिन छापेमारी कय प्रतिबंधित कोडीनयुक्त कफ सिरपक भंडार पकड़लक। गोदाम सं कुल 870 बोतल कफ सिरप जब्त कयल गेल, जाहि सभक बाजार मूल्य एमआरपीक हिसाब सं 1,69,227 रुपैया आकलन कयल गेल अछि। एहि मामिला मे गोदाम संचालक कें हिरासत मे लेल गेल अछि। कारबाइ औषधि निरीक्षक, मधुबनी-06 गोविंदर कुमारक नेतृत्व मे कयल गेल। जानकारीक अनुसार, 12 अक्टूबर कें भोर 10:55 बजे हुनका गुप्त सूचना भेटलनि जे गीतांजलि इन्क्लेव स्थित एकटा गोदाम मे प्रतिबंधित दवाइ राखि अवैध रूप सं खरीद-बिक्री कयल जा रहल अछि। सूचना भेटलाक बाद ओ वरीय पदाधिकारी कें



अवगत करौलनि आ झंझारपुर थानाध्यक्षक संग सशस्त्र पुलिस बल लएह्न करीब 11:45 बजे ओतय पहुंचलाह।

मौका पर गोदाम मे ताला लागल छल आ बाहर एकटा युवक ठाढ़ छल। पूछताछ मे ओ अपना के गोदाम संचालक बतौलक। ओकर कहब छल जे गोदाम भाड़ापर लेल गेल अछि आ चाबी ओकरा लग अछि। युवकक पहचान राजाराम यादव (28 बरख), पिता मणिकलाल यादव, निवासी तिरहुता वार्ड-02, थाना बाबूबरही, जिला मधुबनीक रूप मे भेल। राजाराम यादव कें एनडीपीएस एक्टक धारा 50(क) के अंतर्गत तलाशी आ जब्तीक लेल लिखित नोटिस देल गेल। एकर बाद अनुमंडल दंडाधिकारी सं मजिस्ट्रेट प्रतिनियुक्त करबाक अनुरोध कयल गेल। अनुमंडल पदाधिकारी श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी चंदन कुमार गुप्ता कें मजिस्ट्रेट नियुक्त कयलनि। हुनकर मौजूदगी मे गोदामक ताला खोलि तलाशी लेल गेल, तं भीतर सं भारी मात्रा मे कोडीन फॉस्फेटयुक्त कफ सिरप बरामद भेल।

औषधि निरीक्षकक अनुसार, जब्त सिरपक उपयोग नशा करबाक लेल कयल जाइत अछि। प्रारंभिक जांच मे दवाइ वैध बिल आ लाइसेंस बिना राखल गेल बुझाइत अछि। मामिला नशाक अवैध कारोबार सं जुड़ल होयबाक आशंका व्यक्त कयल गेल अछि। फिलहाल गोदाम संचालक कें हिरासत मे लएह्न झंझारपुर थाना मे एनडीपीएस एक्टक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। पुलिस ई पता लगाबय मे जुटल अछि जे सिरपक खेप कतय सं आनल गेल छल आ एकरा कोन-कोन इलाका मे सप्लाई करबाक योजना छल। झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह कहलनि जे ड्रग इंस्पेक्टर गोविंद कुमारक लिखित बयानक आधार पर प्राथमिकी दर्ज कय एकटा व्यक्ति कें हिरासत मे लेल गेल अछि।

# सवैधानिक संस्था पर सवाल उठेबाक संग प्रमाण देबाक जिम्मेदारी सेहो जरूरी : संतोष सुमन

**पटना, समदिया**

हिंदुस्तानी अवाम मोर्चा (से.)क राष्ट्रीय अध्यक्ष आ बिहार सरकारक लघु जल संसाधन मंत्री डॉ. संतोष कुमार सुमन कहलनि जे राहुल गांधी लगातार संवैधानिक संस्था आ चुनावी प्रक्रियापर सवाल उठाकऽ ओकर विश्वसनीयता कें चुनौती दए रहल छथि। लोकतंत्र मे विपक्ष कें सवाल पूछबाक अधिकार अछि, मुदा एहि सवालक संग तथ्य आ प्रमाण प्रस्तुत करबाक जिम्मेदारी सेहो जुड़ल अछि। डॉ. सुमन भारतक मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकांत द्वारा मल्लिकार्जुन खड़गे आ राहुल गांधी कें लिखल पत्रक उल्लेख करैत कहलनि जे मुख्य न्यायाधीश लंबित मामिलापर प्रशासनिक स्तरपर चर्चा करबाक बदला उचित न्यायिक प्रक्रिया अपनयबाक हिदायत देने छथि। ई स्पष्ट संदेश अछि जे संवैधानिक व्यवस्था मे प्रत्येक मुद्दाक समाधान लेल निर्धारित प्रक्रियाक पालन आवश्यक अछि। डॉ. सुमन सवाल उठौलनि जे राहुल गांधी चुनावी प्रक्रियापर गंभीर आरोप लगेलाक बाद ओकरा निर्णायक प्रमाणक संग उचित मंचपर प्रस्तुत



किएक नहि करैत छथि? हुनकर कहब छलनि जे संवैधानिक संस्थापर लगातार सवाल उठाएब आसान अछि, मुदा तथ्यक आधारपर आरोप साबित करब सेहो ओतबे जरूरी अछि। राष्ट्रीय सुरक्षा आ विदेशी हस्तक्षेप सं जुड़ल मुद्दापर ओ कहलनि जे कोनो विश्वसनीय सूचना भेटलापर ओकर निष्पक्ष जांच होयबाक चाही। हालांकि, कोनो व्यक्तिक विरुद्ध कारबाइ राजनीतिक आरोपक आधारपर नहि, बल्कि ठोस साक्ष्य आ कानूनक अनुरूप होयबाक चाही। डॉ. सुमन कहलनि जे भारतक संप्रभुता, राष्ट्रीय सुरक्षा आ संवैधानिक संस्थाक गरिमा सं कोनो समझौता नहि कयल जा सकैत अछि। सरकार आ संबंधित एजेंसी कें राष्ट्रीय सुरक्षा सं जुड़ल विश्वसनीय सूचनापर गंभीरतापूर्वक कारबाइ करबाक चाही। लोकतंत्र मे असहमतिपर सम्मान जरूरी अछि, मुदा देशहित सं जुड़ल सवालपर जिम्मेदारी, पारदर्शिता आ जवाबदेही सेहो ओतबे अनिवार्य अछि।

# रामविलास पासवानक जयंती राजकीय समारोहक रूप मे मनेबाक प्रस्तावक स्वागत

**पटना, समदिया**

लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) बिहार सरकारक मंत्रिमंडल सचिवालय विभाग द्वारा पूर्व केंद्रीय मंत्री आ पद्म भूषण सं सम्मानित रामविलास पासवानक जयंती प्रत्येक बरख 5 जुलाई कें राजकीय समारोहक रूप मे मनयबाक स्वीकृति लेल प्रस्तुत प्रस्तावक स्वागत कयलक अछि।

पार्टी एकरा स्वर्गीय रामविलास पासवानक ऐतिहासिक योगदान, सामाजिक न्यायप्रति हुनकर प्रतिबद्धता आ राष्ट्र निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिकाक सम्मानक दिशा मे सराहनीय पहल बतौलक अछि। स्वर्गीय रामविलास पासवान अपन संपूर्ण जीवन समाजक वंचित, शोषित, दलित, गरीब आ कमजोर वर्गक अधिकारक रक्षा तथा हुनका सभक सामाजिक-आर्थिक उत्थान लेल समर्पित कयने रहथि। अपन लंबा राजनीतिक जीवन मे ओ जनहितक मुद्दा सभ कें प्रमुखता सं उठौलनि आ देशक राजनीति मे सामाजिक न्याय आ समानताक सशक्त आवाज बनल रहला। बिहारक धरती सं निकलि राष्ट्रीय राजनीति मे अपन विशिष्ट पहचान बनेनिहार रामविलास पासवान केंद्र सरकार मे विभिन्न महत्वपूर्ण मंत्रालयक जिम्मेदारी सम्हारैत देशक विकास मे उल्लेखनीय योगदान देलनि। हुनकर जीवन संघर्ष, सेवा, समर्पण आ सामाजिक समरसताक प्रेरणादायक उदाहरण अछि। लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क मानब अछि जे प्रत्येक बरख 5 जुलाई कें हुनकर जयंती राजकीय समारोहक रूप मे मनयब हुनका प्रति सच्चा श्रद्धांजलि होयत। एकर अतिरिक्त, ई आबयवला पीढ़ी कें हुनकर विचार, संघर्ष आ जनसेवाक आदर्श सं परिचित करयबाक महत्वपूर्ण माध्यम सेहो बनत।

## राज्य मे नीक स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध करेबाक एनडीए सरकारक प्राथमिकता : निशांत

**पटना।** बिहार मे स्वास्थ्य सेवा कें आधुनिक आ सुलभ बनेबाक दिशा मे 12 अक्टूबर 2026 कें पटना मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल (पीएमसीएच) मे नवनिर्मित टावर-3क लोकार्पण मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कयलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता स्वास्थ्य मंत्री निशांत कयलनि। एहि अवसरपर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, बिजेंद्र प्रसाद यादव, मंत्री रामकृपाल यादव, विधायक संजीव चौरसिया, रत्नेश कुमार कुशवाहा सहित अन्य जनप्रतिनिधि, अधिकारी आ गणमान्य लोक उपस्थित रहथि। 536 बेड क्षमतावला एहि नवनिर्मित टावर मे अत्याधुनिक चिकित्सा सुविधा उपलब्ध कराओल गेल अछि। एकर लोकार्पण सं रोगी सभ कें नीक, सुलभ आ समय पर इलाज उपलब्ध करयबाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण कदम बढ़ाओल गेल अछि। एहि अवसरपर स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि जे पीएमसीएच कें 5,462 बेड क्षमतावला अत्याधुनिक चिकित्सा परिसरक रूप मे विकसित कयल जा रहल अछि।

## एसआइआर मतदाता सूची कें शुद्ध करबाक प्रक्रिया : शिक्षा मंत्री

**पटना।** शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि जे विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर) लोकतंत्र कें मजबूत बनेबाक आ मतदाता सूची कें त्रुटिरहित करबाक आवश्यक प्रक्रिया अछि। मतदाता सूची मे मृत, स्थायी रूप सं स्थानांतरित, अनुपस्थित आ दोहरा पंजीकरण बला मतदाताक पहचान करब तथा सूची सं छुटल पात्र नागरिकक नाम जोड़ब देशहित आ निष्पक्ष चुनाव लेल जरूरी अछि। एसआइआर सं जुड़ल आंकड़ाक हवाला दैत शिक्षा मंत्री कहलनि जे देशक करीब 95 करोड़ मतदाता मे 82 करोड़ अर्थात लगभग 88 प्रतिशत मतदाता गणना प्रपत्र भरि अपन जानकारी दर्ज करौने छथि। एहि प्रक्रियाक दौरान करीब 2.89 करोड़ मृत मतदाता आ 1.01 करोड़ दोहरा पंजीकरण बला मतदाताक पहचान कयल गेल। ओतहि, 2 करोड़ सं बेसी लोक फॉर्म-6क माध्यम सं मतदाता सूची मे अपन नाम दर्ज करयबाक लेल आवेदन देने छथि। केरलमक गृह मंत्री रमेश चेन्नीथला पूर्व मे मानने रहथि जे पहिने सीपीएम फर्जी वोट डलबैत छल।

# दुर्गापूजा पर राज राजेश्वरी कलेक्शन मे 'एकटा किनू, एकटा फ्री' पर उमड़ल भीड़

## धमाकेदार ऑफरक पर खूब कीनि रहल अछि लोक सभ नव परिधान

**राजनगर, समदिया**

राजनगरक गांधी चौक स्थित राज राजेश्वरी कलेक्शन (आर. पी. मॉल) मे एखन खरीदारी करय लेल ग्राहकसभक भारी भीड़ उमड़ि रहल अछि। शोरूम मे चलि रहल ह्यएकटा किनू, एकटा फ्रीह्न आ 30 सं 35 प्रतिशत धरि छूटक ऑफर लोक सभ कें आकर्षित कए रहल अछि। चारि फ्लोर मे पसरल एहि शोरूम मे महिला, पुरुष आ बच्चासभक लेल साड़ी, लहंगा, सूट, शेरवानी, कुर्ती, जींस, शर्ट आ किड्स वियर सहित कपड़ाक शानदार रेंज उपलब्ध अछि।



### ऑफर मे की अछि खास?

बच्चासभक टॉप आ टी-शर्ट पर एकटा किनलापर एकटा फ्री देल जा रहल अछि। लड़किसभक टॉप आ फ्रॉक पर सेहो एकटा किनलापर एकटा फ्रीक ऑफर अछि। पुरुषसभक कुर्ता पर एकटा किनलापर दोसर कुर्ता फ्री भेटत। एहि अतिरिक्त चुनल गेल अन्य उत्पाद सभ पर 30 सं 35 प्रतिशत धरि छूट देल जा रहल अछि। शोरूमक निदेशक दिव्या देवी कहलनि जे हुनकर उद्देश्य ग्राहक सभ कें नीक गुणवत्ता, नवीनतम डिजाइन आ उचित दाम पर कपड़ा उपलब्ध करेनाइ अछि। ओतहि शोरूमक प्रोपराइटर ऋषभ राज कहलनि जे शादी-विवाह, पर्व-त्योहार आ जाड़क मौसिम कें ध्यान मे राखि ग्राहकसभक लेल विभिन्न प्रकारक परिधान उपलब्ध कराओल गेल अछि, जाहि सं लोक अपन बजट मे नीक खरीदारी कए सकथि। आकर्षक ऑफर आ कपड़ाक विस्तृत रेंजक कारण मधुबनी जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं लोक सभ एतय खरीदारी करय लेल पहुंचि रहल छथि।

# जेएनवी मे मॉडल यूथ ग्रामसभाक आयोजन विद्यार्थीसब उठौलनि ग्रामीण विकासक मुद्दा

## लोकतांत्रिक प्रक्रिया आ नेतृत्व क्षमता सं रूबरू भेलाह विद्यार्थी

**सीतामढ़ी, समदिया**

पीएम श्री स्कूल जवाहर नवोदय विद्यालय मे विद्यार्थीसब मे लोकतांत्रिक मूल्य, नेतृत्व क्षमता आ सामाजिक जिम्मेदारीक प्रति जागरूकता विकसित करबाक उद्देश्य सं ह्यमाई मॉडल यूथ ग्रामसभाह्नक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे बथनाहा विधायक अनिल कुमार मुख्य अतिथिक रूप मे शामिल भेलाह। ओतहि पंडौल पंथपाकरक मुखिया माला देवी आ सरपंच बिकाऊ कुमार विशिष्ट अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्वलन आ सरस्वती वंदना सं भेल। एकर बाद विद्यार्थीसब ग्रामसभाक जीवंत मंचन कय ग्रामीण विकास सं जुड़ल विभिन्न मुद्दा कें प्रमुखता सं उठौलनि। एहि दौरान खेलकूद, स्वास्थ्य, स्वच्छता, शिक्षा, मध्याह्न भोजन, आंगनबाड़ी सेवासभ, साइबर सुरक्षा आ स्वयं सहायता समूह जेकां विषय पर प्रभावकारी चर्चा कयल गेल। विद्यार्थीसब ग्रामसभाक माध्यम सं ग्रामीण क्षेत्रक समस्या, ओकर समाधान आ विकास कार्य मे जनभागीदारीक महत्व कें प्रस्तुत कयलनि। एहि आयोजन सं छात्र-छात्रा सभ कें लोकतांत्रिक प्रक्रिया कें नजदीक सं बुझबाक आ अपन विचार रखबाक अवसर भेटल।




मुख्य अतिथि विधायक अनिल कुमार कहलनि जे विद्यार्थीसब मे लोकतांत्रिक मूल्य आ जनभागीदारीक समझ विकसित करबाक लेल एहि तरहक आयोजन महत्वपूर्ण अछि। एहन कार्यक्रम सं बच्चा सभ मे नेतृत्व क्षमता विकसित होइत अछि आ ओ सामाजिक जिम्मेदारीक प्रति जागरूक बनैत छथि। कार्यक्रम मे उपस्थित अतिथि, शिक्षक आ अभिभावक विद्यार्थीसबक प्रस्तुतिक सराहना कयलनि। आयोजनक माध्यम सं विद्यार्थीसब ग्रामसभाक कार्यप्रणाली, स्थानीय समस्याक पहचान आ ओकर समाधान मे जनप्रतिनिधिसभक भूमिका कें बुझबाक अवसर पेलनि। विद्यालयक प्राचार्य सच्चिदानंद शर्माक मार्गदर्शन मे आयोजित एहि कार्यक्रमक मुख्य संयोजक सामाजिक अध्ययन शिक्षक अकबर अली आजाद छलाह। आयोजन कें सफल बनयबा मे गणित शिक्षक अमन यादव, भूगोल शिक्षक राजकुमार सिंह, अंग्रेजी शिक्षक राहुल कुमार सिन्हा आ हिंदी शिक्षक अभिषेक मिश्रा सहित पूरा विद्यालय परिवार सक्रिय भूमिका निभौलनि।

# जयनगर-पटना नमो भारतक स्थान पर चलत मेमू ट्रेन, किराया 345 टाका सं घटि 105 टाका

**मधुबनी, समदिया**

बिहारक एकमात्र नमो भारत रैपिड ट्रेनक स्वरूप अखन बदलि गेल अछि। जयनगर आ पटनाक बीच चलयबला नमो भारत रैपिड ट्रेनक रैक रखरखाव लेल पठा देल गेल अछि। एहि कारण आब एकर जगह मेमू रैक सं ट्रेन चलाओल जा रहल अछि। एहि बदलाव सं यात्री सभ कें कम किराया मे पटना धरि यात्रा करबाक सुविधा भेटत।



जयनगर आ पटना बीच चलयबला ट्रेन संख्या 94803/94804 (नमो भारत रैपिड रेल)क कोच रखरखाव लेल पठाओल गेलाक बाद रेलवे सोमदिन सं मेमू रैकक माध्य मे परिचालन बहाल कए देलक अछि। रेलवे यात्री सभक सुविधा कें ध्यान मे राखि ई व्यवस्था कयने अछि। नमो भारत रैपिड ट्रेन सं जयनगर सं पटना धरि यात्रा करबाक लेल यात्री सभ कें 345 टाका देबय पड़ैत छल। मुदा मेमू ट्रेन चलय लगलाक बाद आब मेल-एक्सप्रेस ट्रेनक बराबर मात्र 105 टाका किराया देबाक पड़त। एहि तरहें यात्री सभ कें प्रति यात्रा 240 टाका बचत होयत।

## 2.76 लाख टाकाक ब्राउन शुगर संग एक अभियुक्त गिरफ्तार

**मधुबनी।** हरलाखी थाना क्षेत्रक उमगाम गाम मे एसएसबी (पिपरौन कैंप) आ पुलिसक संयुक्त कारबाइ मे 13.8 ग्राम ब्राउन शुगर संग एक युवक कें गिरफ्तार कयल गेल। बरामद मादक पदार्थक अनुमानित मूल्य 2,76,000 टाका बताओल गेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, 11 अक्टूबरक राति करीब 23:00 बजे गुप्त सूचनाक आधार पर एसएसबी द्वारा उमगाम गाम मे नाकाबंदी कयल गेल छल। एहि दौरान जांच आ तलाशी लेल एकटा संदिग्ध युवक कें स्प्लेंडर मोटरसाइकिल संग रोकल गेल। विधिवत तलाशी लेला पर युवकक लग सं 13.8 ग्राम ब्राउन शुगर बरामद भेल।

## बगहा दुर्घटना पर कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम जतौलनि शोक, सरकार सं जवाबदेही तय करबाक मांग

**पटना, समदिया**

पश्चिम चंपारणक बगहा क्षेत्र मे दुगार्पूजाक तैयारीक बीच कलश स्थापन लेल नदी सं पवित्र जल आनय गेल लोकसभक करंट लगबाक कारण भेल दर्दनाक मृत्युपर बिहार प्रदेश कांग्रेस कमेटीक अध्यक्ष राजेश राम गहींर शोक व्यक्त कयलनि। ओ शोकाकुल परिवारक प्रति संवेदना प्रकट करैत सरकार सं एहि घटनाक जवाबदेही तय करबाक मांग कयलनि। राजेश राम कहलनि जे जाहि समय पूरा देश मां दुर्गाक आराधना, आस्था आ उत्सव मे डूबल अछि, ओहि समय कतेको परिवारक घर मे खुशियालीक बदला मातम पसरल अछि। जे परिवार पर्व-त्योहारक



खुशी मनयबाक तैयारी कए रहल छल, आइ ओ अपन प्रियजन कें गुमेबाक असहनीय पीड़ा सं गुजरि रहल अछि। ई घटना अत्यंत हृदयविदारक आ दुर्भाग्यपूर्ण अछि। हुनकर कहब छलनि जे ई मात्र दुर्घटना नहि, बल्कि सुरक्षा व्यवस्था आ प्रशासनिक जिम्मेदारी सं जुड़ल गंभीर सवाल सेहो उठबैत अछि। प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष कहलनि जे बिहार मे बाढ़ि आ जलजमावक समस्या प्रत्येक बरख लाखो लोकक जीवन कें प्रभावित करैत अछि। एहन स्थिति मे सवाल उठैत अछि जे बाढ़िप्रभावित क्षेत्र मे आम नागरिकक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल पर्याप्त आ प्रभावी इंतजाम किएक नहि कयल जाइत अछि। नदी आ आसपासक जलजमाववला क्षेत्र मे बिजलीक करंट कोना पहुंचल? की बिजलीक तार, विद्युत उपकरण आ सुरक्षा व्यवस्थाक समय रहैत जांच कयल गेल छल? की संबंधित विभाग आ स्थानीय प्रशासन संभावित खतरा कें देखैत जरूरी सावधानी बरतने छल।

# जयनगर मे 27 लीटर नेपाली शराब बरामद, एक गिरफ्तार, दू तस्कर फरार



जयनगर, समदिया

भारत-नेपाल सीमापर अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगरक एफ समवाय कमलाक जवान सभ 27 लीटर नेपाली देशीशराब बरामद कयलनि। एहि कारबाइ मे एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कयल गेल, जखन कि दू गोट संदिग्ध मौका पाबि फरार भए गेल। प्राप्त जानकारीक अनुसार, 12 अक्टूबर 2026 कें भोर करीब 7:50 बजे गुप्तसूचनाक आधार पर एसएसबीक जवान सीमा स्तंभ संख्या 270/14 सं करीब 900 मीटर भारतीय क्षेत्र मेवाटर-वेज चौक स्थित कमला नहर लग गश्ती कए रहल छलाह। एहि दौरान नेपालक दिस सं 2-3 गोट व्यक्ति माथ पर झोरा लेने पैदल भारतीय क्षेत्र मे प्रवेश करैत देखल गेलाह। गश्ती दल पर नजरि पड़िते सभ संदिग्ध अपन-अपन झोरा फेकि भागय लगलाह। जवान सभ तत्परता देखबैत घेराबंदी कयलनि आएक व्यक्ति कें पकड़ि लेलनि। ओतहि, दोसर दू गोट व्यक्ति लगक गाम दिस भागय मे सफल रहलाह। पकड़ल गेल व्यक्तिक झोरा आ फरार संदिग्ध सभ द्वारा छोड़ल गेल झोराक तलाशी लेल गेल। एहिदौरान सोफी आ गौरभ ब्रांडक नेपाली देशी शराबक कुल 90 बोतल बरामद भेल। प्रत्येक बोतल मे 300 मिलीलीटर शराब छल। एहि हिसाबे कुल 27 लीटर शराब जब्त कयल गेल। गिरफ्तार व्यक्तिक पहचानदरभंगा जिलाक कमतौल थाना क्षेत्रक मुहम्मदपुर गाम, पोस्ट पिलरुचक निवासी करीब 22 वर्षीय अंजीतकुमार साहनीक रूप मे भेल अछि। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, बरामद शराब नेपालक इनरवा स्थित शराब दोकान सं कीनल गेल छल। एकरा बिहारक दरभंगा जिलाक मुहम्मदपुर गाम मे बिक्री लेल लएजाओल जा रहल छल। जब्त शराब आ गिरफ्तार व्यक्ति सं संबंधित जब्ती सूची तथा गिरफ्तारीकआवश्यक कागजात तैयार कय आगांक कानूनी कारबाइ लेल जयनगर थाना सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलिरहल अछि। 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट कहलनि जे भारत-नेपाल सीमापर अवैध शराबक तस्करी आ अन्य गैरकानूनी गतिविधि पर रोक लगयबाक लेल एसएसबीक जवान लगातारसतर्कता आ मुस्तैदी सं काज कए रहल छथि। तस्करी मे संलिप्त लोकक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइजारी रहत। सीमावर्ती क्षेत्र मे अवैध शराबक तस्करी रोकबाक लेल एसएसबीक अभियान लगातार जारीअछि।

# जनकपुरधामक शक्तिपीठ सभ मे उमड़ल श्रद्धालुक भीड़

जनकपुरधाम, समदिया



नवरात्रिक अवसर पर जनकपुरधामक राजदेवी मंदिर, बौद्धी माई मंदिर, अमरखाना मंदिर, फूलेश्वरी माई मंदिर सहित अन्य शक्तिपीठ सभ मे श्रद्धालुक भारी भीड़ उमड़ि पड़ल अछि। जनकपुरधामक अतिरिक्तआसपासक गाम सभ सं हजारोंक संख्या मे महिला आ पुरुष भोरक उषाकाल सं पूजा-अर्चना लेल कतारबद्ध भए जाइत छथि। राजदेवी मंदिर सहित अन्य मंदिर सभ कें आकर्षक ढंग सं सजाओल गेलअछि। मंदिर परिसर आ आसपासक क्षेत्र मे रंग-बिरंगी रोशनीक व्यवस्था कयल गेल अछि। राजदेवी मंदिरक व्यवस्थाक देखरेख महावीर युवा कमिटीक जिम् मे अछि, जखन कि बौद्धी माई आ अमरखाना मंदिरक व्यवस्था राम युवा कमिटी करैत अछि। नवरात्रिक अवसर पर महावीर युवा कमिटी आ राम युवाकमिटीक दिस सं करीब 1,000 महिला आ पुरुष स्वयंसेवक नियुक्त कयल गेल छथि। एहि अतिरिक्त200 सं बेसी महिला आ पुरुष पुलिसकर्मीक तैनाती सेहो कयल गेल अछि, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें पूजा-अर्चना मे सुविधा हो आ व्यवस्था बनल रहय। राम युवा कमिटीक अध्यक्ष विजय कुमार साह प्रेस वार्ताकमाध्य मे जानकारी देलनि जे नवरात्रिक द्वितीया सं षष्ठी तिथि धरि भजन संध्याक आयोजन कयल गेल अछि। सप्तमी तिथि पर झिझिया प्रतियोगिताक आयोजन होयत। ओतहि महावीर युवा कमिटी सेहो भजन संध्याक आयोजन कयने अछि। नवरात्रिक अवसर पर जनकपुरधामक विभिन्न मठ-मंदिर सभ मे नवाह यज्ञक आयोजन कयल गेल अछि। एहि धार्मिक आयोजन सभ सं पूरा जनकपुरधाम भक्तिमय बनलअछि। एहि क्रम मे रामानंद युवा क्लबक दिस सं रामानंद चौक आ भ्रमरपुरा चौक पर मां दुर्गाक प्रतिमास्थापित कयल गेल अछि। विभिन्न मंदिर आ पूजास्थल सभ मे श्रद्धालुक निरंतर आबागमन संजनकपुरधामक धार्मिक वातावरण आओर उल्लासपूर्ण बनल अछि।

# नेपाल मे बेर-बेर भूस्खलन आ बाढ़ि सं गंभीर प्राकृतिक खतराक संकेत : डा. सुनील

मधुबनी, समदिया



आपदा-सहिष्णु आ पर्यावरण अनुकूल समाजक निर्माण लेल कृतसंकल्पित तथा विज्ञान आ तकनीकक विभिन्न पक्ष कें समाजक आखरी पांतिक लोक धरि पहुंचयबाक लेल प्रतिबद्ध पथ निर्माण विभाग,बिहारक अधीक्षण अभियंता, बिहार अभियंत्रण सेवा संघक पूर्व महासचिव आ इंडियन इंजीनियर्स फेडरेशन (पूर्व)क पूर्व उपाध्यक्ष डा. सुनील कुमार चौधरी नेपाल मे बेर-बेर भए रहल भूस्खलन आ बाढ़ि, जेना हालहि अक्टूबर 2026 मे गोरखा जिलाक बूढ़ी गंडकी नदी मे आयल आपदा, पर प्रतिक्रिया दैत कहलनि जे एहि तरहक घटना मुख्य रूपें गंभीर पर्यावरणीय असंतुलन, जलवायु परिवर्तन आ संवेदनशील भौगोलिक बनावट मे भए रहल बदलावक संकेत दैत अछि। हुनका अनुसार, ई घटना सभ प्रकृतिक दिस सं पैघ खतराक चेतावनी थिक, जकरा किछु प्रमुख बिंदुक माध्य मे बुझल जा सकैत अछि। अनिश्चित आ मूसलाधार बरखा : मानसूनक समय आ वर्षाक ढांचा मे बदलाव आयल अछि। कम समय मे अत्यधिक आ मूसलाधार बरखा (क्लाउडबर्स्ट) होयबाक कारण पहाड़क माटि ढीला पड़ि जाइत अछि, जे आगू चलि भूस्खलनक रूप लए लैत अछि। हिमनदक पिघलनाइ आ हिमतालक फूटब : नेपाल-चीन सीमावर्ती हिमालयी क्षेत्र सभ मेतापमान बढ़ला सं हिमनद तेजी सं पिघलि रहल अछि। एहि कारण पहाड़ पर भूस्खलन आ अनचोके आबयवला बाढ़ि (फ्लैश फ्लड)क घटना मे वृद्धि भए रहल अछि।

**कमजोर पहाड़ :** नेपालक एकटा पैघ भाग विश्वक नवीन आ अपेक्षाकृत कच्चा पहाड़ (यंग फोल्ड माउंटेन) पर अवस्थित अछि। ई पहाड़ प्राकृतिक रूपें अत्यंत संवेदनशील अछि। बेर-बेर आबयवला छोट-पैघ भूकंप आ झटकाक कारण एकर भीतरी संरचना कमजोर भए गेल अछि।

**नदीक प्रवाह मे बाधा :** हालहि गोरखा आ दोलखा जिला मे देखल गेल जे भारी भूस्खलनक कारण नदीक प्रवाह बाधित भए गेल, जाहि सं अस्थायी झील बनि गेल। एहि झीलसभक अनचोके टूटि जायब आ जमा पानिक तेज प्रवाह निचला इलाका सभ मे विनाशकारी आकस्मिक बाढ़ि आनलक।

**अंधाधुंध निर्माण कार्य :** पहाड़ काटि बनाओल जा रहल सड़क, जलविद्युत परियोजना आ बिना योजनाक

**भए रहल शहरीकरण पहाड़क स्थिरता कें नोकसान पहुंचा रहल अछि। वनक कटाइ** :पहाड़ पर गाछ-बिरिछक अंधाधुंध कटाइ सं माटिक पकड़ कमजोर भए रहल अछि। एहि कारण भारी बरखा होयला पर पूरा ढलान खिसकि जाइत अछि आ भूस्खलनक खतरा बढ़ि जाइत अछि।डा. चौधरी आगू कहलनि जे लगातार भए रहल भूस्खलन गंभीर चेतावनी दए रहल अछि। जं हिमालयीपारिस्थितिकी तंत्रक संरक्षण पर स्थानीय आ वैश्विक स्तर पर तत्काल ध्यान नहि देल गेल, तं आगू एहन प्राकृतिक आपदा आओर बेसी विनाशकारी रूप लए सकैत अछि। डा. चौधरी सरकार आ समाज कें सलाह देलनि जे 2026 मे नेपाल-तिब्बत सीमावर्ती क्षेत्र मे भेल भीषण तबाही आ तकर बाद अक्टूबर मे फेर सं भए रहल आपदाक पुनरावृत्ति रोकबाक लेल आब पारंपरिकतरीका सं आगू बढ़ैत आधुनिक पूर्व चेतावनी प्रणाली (अर्ली वार्निंग सिस्टम) आ पर्यावरण अनुकूल आधारभूत संरचना (इको-फ्रेंडली इन्फ्रास्ट्रक्चर) अपनाओल जाय। संगहि, आम लोक कें प्राकृतिक आपदा आ आपदा-सहिष्णु निर्माण (डिजास्टर रेजिलिएंट कंस्ट्रक्शन) क संबंध मे व्यापक स्तर पर जागरूक कयल जाय, जाहि सं जन-धनक क्षति कम कयल जा सकय आ आपदाक सामना करबाक क्षमता विकसित हो।

# सहयोग शिविरक आवेदनक त्वरित निष्पादन करबाक एसडीएमक निर्देश

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंडक सभ 28 पंचायत मे सहयोग शिविर, संत रविदास शिविर आ सेवा संकल्प अभियानक माध्य मे प्राप्त शिकायत, सुझाव आ आवेदनक समय पर निष्पादन सुनिश्चित करबाक लेल सोमदिन प्रखंड सह अंचल कार्यालयक सभागार मे समीक्षात्मक बैसार आयोजित कयल गेल। बैसारक अध्यक्षता एसडीएम शारंग पाणि पांडेय कयलनि। एहि दौरान विभिन्न विभागक काजक प्रगतिक समीक्षा कयल गेल आ संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेलनि। बैसार मे वासगीत पर्चा, दाखिल-खारिज, अतिक्रमण, भूमि विवाद, राजस्व वसूली, शिक्षा, कायाकल्प योजना, कृषि आ आपूर्ति विभाग सहित विभिन्न क्षेत्र सं संबंधित आवेदनक समीक्षा कयल गेल। एसडीएम सभ पदाधिकारी आ कर्मी कें नव पोर्टलक माध्य मे काज करबाक निर्देश देलनि। संगहि नव पोर्टल पर काज करबाक प्रक्रिया आ ओकर लाभक जानकारीसेहो साझा कयल गेल। एसडीएम श्री पांडेय अधिकारी सभ सं एखन धरि भेल काजक प्रगति रिपोर्टलेलनि। ओ कहलनि जे सहयोग शिविर अभियान सरकारक महत्वपूर्ण पहल अछि। एकर उद्देश्य आमलोक कें सरकारी योजना सभक लाभ हुनकर दुआरि तक पहुंचेनाइ अछि। शिविर मे प्राप्त प्रत्येक आवेदनक त्वरित निष्पादन सुनिश्चित कयल जाय आ लंबित मामिला सभ कें प्राथमिकताक आधार पर निपटाओल जाय। ओ सभ विभागक पदाधिकारी कें आपसी समन्वय बनाकय काज करबाक सलाह देलनि,जाहि सं जनसमस्याक समाधान समय पर भए सकय। बैसार मे बीडीओ बसंत कुमार सिंह, सीओ शैलेंद्रकुमार यादव, राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी, सीडीपीओ अहमद रेजा खान, कृषि पदाधिकारी कौशलेंद्रकुमार सिंह सहित विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# जयनगर मे राजदक संवाद कार्यक्रम, अनिल कुमार झा कें प्रथम वरीयता मत देबाक अपील




जयनगर, समदिया

राष्ट्रीय जनता दल (राजद)क दिस सं जयनगर मे संवाद सह विचार-विमर्श कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि दौरान 05-दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक राजद प्रत्याशी अनिल कुमार झाक समर्थन मे स्नातक मतदाता आ पार्टी कार्यकर्तासभक संग चुनावी रणनीति पर चर्चा कयल गेल। वक्ता सभ 23अक्टूबर कें होबयवला चुनाव मे अनिल कुमार झा कें प्रथम वरीयताक मत देबाक अपील कयलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता पूर्व प्रत्याशी ब्रजकिशोर यादव कयलनि, जखन कि मंच संचालन राजद प्रखंड अध्यक्षअमित यादव कयलनि। वक्ता सभ कहलनि जे लोकतंत्र कें मजबूत बनयबाक लेल प्रत्येक मतदाताक सक्रिय भागीदारी आवश्यक अछि। कार्यकर्ता सभ सं अपन-अपन क्षेत्र मे स्नातक मतदाता सं संपर्क कए मतदानक प्रति जागरूक करबाक आ पार्टी प्रत्याशीक पक्ष मे जनसमर्थन जुटेबाक आह्वान कयल गेल।बैसार मे चुनावी तैयारी, कार्यकर्तासभक बीच समन्वय आ मतदान प्रक्रिया सं जुड़ल आवश्यक जानकारीसाझा करबाक विषय पर सेहो विचार-विमर्श भेल। मतदाता सभ कें मतदानक समय निर्धारित नियमकपालन करबाक, मतपत्र पर वरीयता अंक सही तरीका सं लिखबाक आ अनावश्यक निशान नहि लगयबाकसलाह देल गेल। कोनो शंका होयला पर निर्वाचन अधिकारी अथवा मतदानकर्मी सं आधिकारिक जानकारीलेबाक आग्रह कयल गेल कार्यक्रम मे राजद मधुबनी जिलाध्यक्ष रामाशीष यादव, झंझारपुर सांगठनिक जिलाध्यक्ष वीर बहादुर राय, फूल हसन अंसारी, रवि रंजन कुमार राजा, प्रदीप यादव, श्री नारायण महतो, सूर्यनाथ यादव, गंगा चौधरी, इंजीनियर धर्मेंद्र कुमार यादव, प्रोफेसर मनोज कुमार वर्मा, सचिन चौधरी आ भरत कुमार सहित कतेकोनेता, कार्यकर्ता आ स्नातक मतदाता उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक समापन पर उपस्थित नेता सभ मतदाता सभ सं 23 अक्टूबरक चुनाव मे सक्रिय भागीदारी निभेबाक आ राजद प्रत्याशी अनिल कुमार झा कें प्रथम वरीयताक मत देबाक अपील कयलनि।

# लदनियां बाजारक करीब 10 एकड़ सरकारी जमीन पर भू-माफियाक कब्जा

**प्रशासनिक उदासीनता सं लोक मे आक्रोश**

लदनियां, समदिया

लदनियां प्रखंड मुख्यालय स्थित एकमात्र बाजार मे करीब 10 एकड़ सरकारी जमीन पर अतिक्रमण कयल गेल अछि। स्थानीय लोकक आरोप अछि जे बाजारक अधिकांश मकान आ दोकान सरकारी जमीन पर अवैध कब्जा कए बनाओल गेल अछि। एहि मामिला मे अंचल आ अनुमंडल कार्यालय मे दर्जनों बेर शिकायत कयल गेल, मुदा एखन धरि अतिक्रमण हटेबाक दिशा मे कोनो ठोस कारबाइ नहि भेल अछि। एहि कारण स्थानीय लोक मे प्रशासनक प्रति भारी आक्रोश अछि। लदनियां बाजार एनएच-227क बीचोंबीच अवस्थित अछि। शिकायतकर्त्ता आ स्थानीय लोकक कहब अछि जे बाजार मे दू ठाम विशाल सरकारी जमीन पर अतिक्रमणकारियक अवैध कब्जा अछि। बिहार सरकारक नाम पर दर्ज एकटा जमीनक खाता संख्या 365 आ खेसरा संख्या 1198 अछि, जाहिक रकबा करीब 3 एकड़ बताओल गेल अछि। दोसर जमीनक खेसरा संख्या 970 आ रकबा 7 एकड़ 10 कट्ठा अछि। दुनू जमीन प्रखंड मुख्यालय लदनियांबाजारक बीचोंबीच अवस्थित अछि। स्थानीय लोकक अनुसार, एहि जमीन सं संबंधित कागजात अंचलकार्यालय आ जिला भू-अर्जन कार्यालय मे उपलब्ध अछि। एकर बावजूद जमीन पर पक्का मकान आ दोकान बनयबाक सिलसिला जारी अछि। लोकक आरोप अछि जे अतिक्रमणकारी सरकारी जमीन परआलीशान भवन बनाकय प्रतिवर्ष लाखो टाकाक आमदनी कए रहल छथि।स्थानीय लोक बतौलनि जे सरकारी जमीन कें अतिक्रमणमुक्त करयबाक लेल अंचल आ अनुमंडल कार्यालय मे कई बेर आवेदन देल गेल। एहि संबंध मे आदेश सेहो जारी भेल आ अंचल कार्यालयक दिस सं अतिक्रमण हटेबाक लेल कतेको बेर नोटिस निकालल गेल। मुदा लोकक आरोप अछि जे एखन धरि अतिक्रमण हटेबाक लेल बुलडोजर चलयबाक वा कोनो ठोस कदम उठेबाक पहल नहि कयल गेल। लोककक कहब अछि जे उक्त जमीनक कीमत करोड़ो टाका अछि। सरकारी जमीन पर अवैध निर्माण आ कब्जाककारण जनहितक काज लेल एकर उपयोग बाधित भए रहल अछि। एहि मामिला मे प्रशासनिक निष्क्रियताकें लए कए सेहो सवाल उठाओल जा रहल अछि। स्थानीय लोकक अनुसार, ई जमीन पहिने मिर्जापुरकमहंत चतुर्भुज सिंहक छल। बाद मे राज्य मे लागू सीलिंग एक्टक अंतर्गत जमीन अधिग्रहण कए सरकारकखाता मे शामिल कयल गेल। लोकक आरोप अछि जे सरकारी जमीनक सुरक्षा करबाक जिम्मेदारी जिनका सभ पर अछि, हुनका सभक उदासीनताक कारण जमीन पर अवैध कब्जा बढ़ैत जा रहल अछि। स्थानीय लोक आ शिकायतकर्त्ता सभ उच्चाधिकारी आ राज्य सरकार सं मांग कयलनि अछि जे एहि मामिलाक निष्पक्ष जांच कराओल जाय। संगहि, सरकारी जमीनक सीमांकन कए ओकरा अतिक्रमणमुक्त कराओल जाय आ जनहित मे सुरक्षित राखल जाय। आब देखबाक अछि जे प्रशासन एहि गंभीर मामिला मे कोन कदम उठबैत अछि।

# दस दिन धरि छाती पर कलश रखनिहारि महिला चर्चा मे

मधुबनी, समदिया



लदनियां प्रखंडक सिधपकला स्थित सार्वजनिक दुर्गा मंदिर मे एकटा श्रद्धालु महिला दस दिन धरि अपन छाती पर कलश रखबाक संकल्प लेलनि अछि। कलश यात्रा मे भाग लेलाक बाद मंत्रोच्चारक संग महिला अपन छाती पर कलश स्थापित करौलनि। ओ मनोकामना पूर्ति लेल श्रद्धापूर्वक ई व्रत कयने छथि।महिला कमला देवीक एहि अनुष्ठानक चर्चा क्षेत्र मे भए रहल अछि। कमला देवीक पति रामप्रसाद मंडल बतौलनि जे हुनकर पत्नी स्वेच्छा सं ई व्रत रखलनि अछि। श्रद्धालु लोकनि एहि अनुष्ठान कें दुर्गा मायक आशीर्वाद मानि रहल छथि। मायक जयकारा सं मंदिर परिसर सहित आसपासक वातावरण भक्तिमय बनल अछि। मंदिर समितिक अध्यक्ष मनोज यादव कहलनि जे समितिक दिस सं श्रद्धालु सभक लेल प्रसाद वितरणक व्यवस्था कयल गेल अछि। प्रत्येक बरख जकां एहि बेरो मंदिर सभ कें आकर्षक ढंग सं सजा कए भव्य रूप देल गेल अछि। समितिक सचिव रमेश प्रसाद नायक आ कोषाध्यक्ष रंजीत रायकहलनि जे एहि मंदिर मे जे भक्त सच्चा मन सं मन्नत मंगैत छथि, हुनकर मनोकामना पूर्ण होइतअछि। हुनका सभक कहब छलनि जे मायक दरबार सं भक्त कहियो निराश भए कए वापस नहि लौटैतछथि। मेला आ मंदिर परिसरक निगरानीक जिम्मेदारी देव कुमार यादव, चंद्रवीर यादव, धनेश्वर प्रसादयादव, कामदेव राय, शिव कुमार साह, विंदेश्वर मंडल, जयराम राय, रामाशीष राय, किसुन नायक, प्रमोद राय, ललित मंडल, अखिलेश राय, राज कुमार मंडल, ललित यादव आ प्रमोद मंडल सहित अन्य सदस्य सभ कें देल गेल अछि।

**मिथिलाक युवा सभ कें भेटत नव अवसर**

# दरभंगा मे विज्ञान आ नवाचार केंद्रक स्थापना लेल पहल तेज

दरभंगा, समदिया



मिथिलाक युवा सभ कें विज्ञान, तकनीक, शोध आ उद्यमिताक क्षेत्र मे आगू बढ़ेबाक अवसर देबाक लेल दरभंगा मे मिथिला विज्ञान एवं नवाचार केंद्र स्थापित करबाक पहल तेज भए गेल अछि। स्थानीय सांसद आ लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे हुनकर प्रस्ताव पर केंद्रीय विज्ञान आप्रौद्योगिकी मंत्री डॉ. जितेंद्र सिंह संज्ञान लेलनि अछि। मंत्री संबंधित विभागक अधिकारी सभ कें प्रस्ताव पर शीघ्र आगांक कारबाइ करबाक निर्देश देने छथि। सांसद डॉ. ठाकुर एहि संबंध मे केंद्रीय मंत्रीक पत्रक हवाला दैत कहलनि जे एहि केंद्रक स्थापना भेला सं दरभंगा आ आसपासक क्षेत्रक विद्यार्थी, युवा अभियंता, शोधार्थी आ नवाचार मे रुचि रखनिहार युवा सभ कें स्थानीय स्तर पर नव अवसर भेटतनि। ओ कहलनि जे मिथिला प्राचीन काल सं ज्ञान, शिक्षा, दर्शन आ शास्त्रार्थक भूमि रहल अछि। एतय प्रतिभा आपरिश्रमक कोनो कमी नहि अछि। जरूरत अछि जे युवा सभ कें आधुनिक तकनीक, शोध संसाधन,विशेषज्ञक मार्गदर्शन आ उद्यमिता लेल अनुकूल अवसर उपलब्ध कराओल जाय। सांसदक अनुसार,प्रस्तावित केंद्रक उद्देश्य मिथिलाक प्रतिभा कें स्थानीय स्तर पर अवसर उपलब्ध करेनाइ आ युवासभक विचार कें तकनीकी समाधान तथा व्यावहारिक उद्यम मे बदलबाक लेल प्रोत्साहित करब अछि। एहि केंद्रक माध्यम सं युवा आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस (एआइ), सॉफ्टवेयर, रोबोटिक्स, डिजिटल तकनीक आ स्टार्टअपक क्षेत्र मे आगू बढ़ि सकताह। एहि सं रोजगार आ उद्यमिताक अवसर खोजबाक लेल दूर-दराजक शहर पर निर्भरता सेहो घटत। डॉ. ठाकुर कहलनि जे मिथिला विज्ञान एवं नवाचार केंद्रक स्थापना दरभंगाकॉलेज ऑफ इंजीनियरिंग आ सॉफ्टवेयर टेक्नोलॉजी पार्क्स ऑफ इंडिया जेकां संस्थानक विद्यार्थी तथा तकनीकी उद्यमी सभ लेल उपयोगी साबित भए सकैत अछि। एहि पहल सं दरभंगा मे तकनीकी शिक्षा, शोध आ सूचना प्रौद्योगिकी (आइटी) गतिविधिक विस्तार कें गति भेटबाक आशा अछि।

# कमला नदी पुल पर यातायात व्यवस्था भगवान भरोसे

**दुर्घटनाक मूल कारण डिवाइडर लांघि रॉन्ग साइड सं आवागमनक कुव्यवस्था**

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर थाना क्षेत्रक कमला नदी पुल पर यातायात व्यवस्था भगवान भरोसे चलि रहल अछि। दरभंगा सं फुलपरास जायवला फोरलेन सड़क पर बाइक सवार डिवाइडर लांघि विपरीत दिशा (रॉन्ग लेन) मे प्रवेश कए रहल छथि। एहि कारण एतय हरदम पैघ दुर्घटनाक आशंका बनल रहैत अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे समय रहैत यातायात व्यवस्था दुरुस्त नहि कयल गेल तं कोनो दिन पैघ हादसा भए सकैत अछि। दरअसल, कमला पुलक ठीक बाद नदीक पूर्वी तटबंध सं एकटा सड़क परतापुर, झंझारपुर रेलवे स्टेशन, झंझारपुर बाजार आ अदलपुर दिस जाइत अछि। एहि सड़क पर जाय लेल पुल सं करीब 500मीटर पूब आ 500 मीटर पश्चिम दिस डिवाइडर काटि रास्ता बनाओल गेल अछि। मुदा दूरी आ समय बचयबाक चक्कर मे अधिकांश बाइक, स्कूटी आ साइकिल सवार निर्धारित रास्ता धरि जायब उचित नहि बुझैत छथि। ओ फुलपरास सं दरभंगा जायवला लेन सं डिवाइडर लांघि विपरीत लेन मे प्रवेश करैत छथि आ फेर तटबंधवला सड़क पर उतरि जाइत छथि। कमला नदी पर रिवर व्यू प्वाइंट बनलाक बाद स्थिति आओर खतरनाक भए गेल अछि। एकरा देखबाक लेल बड़ संख्या मे लोक, खास कए युवा बाइक सवार, डिवाइडर लांघि पहुंचि रहल छथि। रिवर व्यू प्वाइंटक एखन धरि उद्घाटन नहि भेल अछि, तैयो लोकसेल्फी लेबाक आ दृश्य देखबाक लेल पहुंचि रहल छथि। फोरलेन पर तेज गति सं आबि रहल ट्रक, बस आ कारक सोझां अनचोके विपरीत दिशा दिस सं बाइक आबि जायब दुर्घटना कें आमंत्रण देबाक समान अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे एखन धरि कतेको बेर आमने-सामने टक्कर होइत-होइत बचल अछि। स्थानीय नागरिक सभ बतौलनि जे जे लोक दरभंगाक दिस सं आबि झंझारपुर रेलवे स्टेशन वा बाजारजाय चाहैत छथि, हुनका निर्धारित कट सं घुमि कए आबय पड़ैत अछि। एहि लेल करीब एक किलोमीटर अतिरिक्त दूरी तय करय पड़ैत अछि। एहि अतिरिक्त दूरी सं बचयबाक चक्कर मे लोक शॉर्टकट अपनारहल छथि। मुदा ई शॉर्टकट हुनका सभक जान पर भारी पड़ि सकैत अछि। स्थानीय लोक जिला प्रशासन आ भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण (एनएचएआई) सं एहि दुर्घटना- संभावित स्थल पर विशेष व्यवस्था करबाक मांग कयलनि अछि। लोकसभक सुझाव अछि जे कमला पुलक दुनू कात तटबंधवला सड़क लग सर्विस लेन अथवा छोट अंडरपास जेकां रास्ता बनाओल जाय। संगहि, डिवाइडरक ऊंचाइ बढ़ाओल जाय आ ओतय लोहेक रेलिंग लगाओल जाय, जाहि सं लोक ओकरालांघि विपरीत लेन मे प्रवेश नहि कए सकथि। फिलहाल कमला पुलक ई हिस्सा दुर्घटनाक संभावित केंद्र बनल अछि। स्थानीय लोकक मांग अछि जे प्रशासन आ एनएचएआई तत्काल आवश्यक कदम उठाबय, जाहि सं कोनो पैघ दुर्घटना होयबाक पहिनहि यातायात व्यवस्था सुरक्षित बनाओल जा सकय।

# नगर निगमक जमीन पर अतिक्रमण कए कंबलक कारोबार, ग्राहक कें रसीद नहि देबाक आरोप

## वजनक हिसाब सं बिकाइत कंबलक गुणवत्ता आ ब्रांड पर उठल सवाल

सहरसा, समदिया



» नगर निगम जांचक बाद कारबाइ करबाक देलक आश्वासन

नगर निगम क्षेत्र मे सरकारी जमीन पर कथित रूप सं अतिक्रमण कए कंबल, तकिया, चादर सहित अन्य सामानक कारोबार कयल जेबाक मामिला सामने आयल अछि। एहि कारोबार कें लए कए सार्वजनिक जमीन पर अतिक्रमण, ग्राहक कें खरीदारीक रसीद नहि देब आ कंबलक गुणवत्ता तथा ब्रांडक प्रामाणिकतापर सवाल उठाओल जा रहल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार, मोहम्मद इबले हसन आ रेहान अली जब्बार पर शहरक विभिन्न स्थान पर नगर निगमक जमीन पर अतिक्रमण कए कंबल, तकिया, चादर आ अन्य सामान बेचबाक आरोप अछि। ठंडक मौसिम मे एहि दुकानसभक माध्यम सं लाखो टाकाक कारोबार होयबाक बात कहल जा रहल अछि। हालांकि, कारोबारक वास्तविक राशि आ अतिक्रमणक स्थितिक आधिकारिक पुष्टि होयब एखन बाकी अछि। रसीद नहि देबाक आरोप सं ग्राहक परेशान एहि कारोबार मे सभ सं गंभीर सवाल ग्राहक सभ कें खरीदारीक बाद रसीद नहि देबाक आरोप कें लए कए उठि रहल अछि। आरोप अछि जे कंबल खरीदलाक बाद ग्राहक कें कोनो तरहक रसीद उपलब्ध नहिकराओल जाइत अछि। रसीद नहि भेटलापर सामान खरीदबाक प्रमाण रखब आ बाद मे गुणवत्ता संबंधी शिकायत करब ग्राहक लेल कठिन भए सकैत अछि। एहि कारण बिक्री प्रक्रियाक पारदर्शिता पर सेहोसवाल उठि रहल अछि।वजनक हिसाब सं बिकाइत अछि कंबलदोकान पर काज करयवला मजदूरसभक अनुसार, सूर्य, बिरणी, पेरिक्स, पैरिन सहित अन्य नाम सं कंबलबेचल जाइत अछि। कंबलक बिक्री वजनक आधार पर होयबाक बात कहल गेल अछि। एहि नाम सं बिकाइत कंबलक ब्रांड आ गुणवत्ता कें लए कए सवाल उठाओल जा रहल अछि। हालांकि, संबंधित कंबलक वास्तविक ब्रांड, गुणवत्ता आ उत्पादक कंपनीक संबंध मे स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। एहि लेलउत्पादसभक जांचक बादे वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकत।नगर निगम जांचक बाद कारबाइ करतशहर मे सार्वजनिक जमीन पर अतिक्रमण आ बिना रसीद सामान बेचबाक आरोपक बीच नगर निगमक भूमिका महत्वपूर्ण भए गेल अछि। एहि संबंध मे नगर आयुक्त कहलनि जे अतिक्रमित जमीनक जांच कराओल जायत। जांच मे अनियमितता भेटलापर संबंधित लोकसभक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कयल जायत। एखन देखबाक होयत जे नगर निगमक जांच मे सार्वजनिक जमीन पर अतिक्रमण आ कारोबार सं जुड़ल आरोपक की स्थिति सामने अबैत अछि। संगहि, कंबलक ब्रांड, गुणवत्ता आ ग्राहक सभ कें रसीद देबाक व्यवस्थाक संबंध मे उठल सवाल पर संबंधित विभाग आ प्रशासन केहन कदम उठबैत अछि।

# अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवस पर छात्रा सभक लेल निबंध आ पेंटिंग प्रतियोगिता

सुपौल, समदिया



अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर महिला आ बाल विकास निगम, बिहारक अंतर्गत संचालित जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वूमेन, सुपौल द्वारा बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ योजनाक अंतर्गत सदर प्रखंडक हरदीचौघारा स्थित श्री दुर्गा श्री कृष्णा भुवनेश्वरी उच्च माध्यमिक विद्यालय मे छात्रासभक क्षमतावर्धन लेल निबंध आ पेंटिंग प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य छात्रासभक रचनात्मकता, अभिव्यक्ति क्षमता, आत्मविश्वास आ प्रतिभा कें प्रोत्साहितकरब तथा बालिका शिक्षा आ सशक्तीकरणक प्रति जागरूकता बढ़ायब छल। प्रतियोगिता मे छात्रा सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि आ अपन प्रतिभाक प्रदर्शन कयलनि। एहि अवसर पर लैंगिक विशेषज्ञ नितु कुमारी छात्रा सभ कें बालिका शिक्षा, लैंगिक समानता आ आत्मनिर्भरता के महत्वक विषय मे जानकारीदेलनि। मोहम्मद तारिक बालिकासभक अधिकार आ हुनकर उज्ज्वल भविष्य निर्माण मे शिक्षाक भूमिकापर प्रकाश देलनि। ओतहि जिला मिशन समन्वयक हरिनारायण कुमार छात्रा सभ कें अपन प्रतिभाचिन्हबाक, आत्मविश्वासक संग आगू बढ़बाक आ जीवन मे निर्धारित लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल प्रेरितकयलनि। कार्यक्रम मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवाली तीन छात्रा कें बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ योजनाक लोगोयुक्त मोमेंटो प्रदान कए सम्मानित कयल गेलनि। एहि अवसर पर बालिकासभक सम्मान आ पर्यावरण संरक्षणक संदेश दैत बेटीक नाम पर फलदार पौध सेहो लगाओल गेल। कार्यक्रम मे विद्यालयक प्रधानाध्यापक सहित सभ शिक्षक-शिक्षिका भाग लेलनि। एहि आयोजनक माध्यम सं बालिकासभक प्रतिभा कें प्रोत्साहित करबाक, हुनका समान अवसर उपलब्ध करयबाक आ शिक्षा तथा सशक्तीकरणक प्रतिजागरूकता बढ़ेबाक संदेश देल गेल।

# शारदीय नवरात्र पर दरभंगा मे भक्तिमय माहौल

## जिला मे 229 स्थान पर स्थापित भेलनि मां दुर्गाक प्रतिमा

दरभंगा, समदिया



कलश स्थापनाक संग शारदीय नवरात्रक शुभारंभ भए गेल अछि। नवरात्र कें लए कए पूरा जिला मे श्रद्धा आ भक्तिक माहौल बनल अछि। मां दुर्गाक आराधना मे श्रद्धालु जुटि गेल छथि। मंदिर सं लए कए पूजा पंडाल धरि धार्मिक गतिविधि तेज भए गेल अछि। भोरहि समय सं पूजा-अर्चना लेल श्रद्धालुसभक आवाजाही शुरू भए जाइत अछि। चारू कात मां भगवतीक जयकारा सं वातावरण भक्तिमय बनल अछि। शारदीय नवरात्रक अवसर पर दरभंगा जिला मे व्यापक स्तर पर मां दुर्गाक पूजा-अर्चना कयल जा रहलअछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, दरभंगा शहर मे करीब 52 स्थान पर मां दुर्गाक प्रतिमा स्थापित कएविधि-विधानपूर्वक पूजा कयल जाइत अछि। ओतहि पूरा जिला मे लगभग 229 स्थान पर मां भगवतीक प्रतिमा स्थापित कए पूजाक शुरुआत कयल गेल अछि। विभिन्न पूजा समिति सभ नवरात्र कें लए कए तैयारी कयने अछि। प्रतिमा स्थापनाक संग पूजा स्थल सभ पर धार्मिक अनुष्ठान शुरू भए गेल अछि। नवरात्रक पहिल दिन सं श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। लोक मां दुर्गाक विभिन्न स्वरूपक आराधना कए परिवारक सुख-समृद्धि, शांति आ खुशहालीक कामना कए रहल छथि। घर-घर मे सेहो कलश स्थापन कए विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चना कयल जा रहल अछि। बहुतो श्रद्धालु नौ दिन धरिउपवास राखि मां दुर्गाक उपासना करैत छथि। मंदिर सभ मे भोरे आ सांझक आरतीक समय भक्तसभक भीड़ जुटि रहल अछि। शहरक विभिन्न इलाका मे स्थापित दुर्गा पूजा स्थल सभ पर श्रद्धालुसभक सुविधालेल पूजा समिति सभ आवश्यक व्यवस्था कए रहल अछि। नवरात्रक दौरान धार्मिक अनुष्ठान, भजन- कीर्तन आ आरती सं भक्तिक माहौल आओर गहींर होयबाक संभावना अछि। शारदीय नवरात्र मिथिलांचलक धार्मिक आ सांस्कृतिक परंपराक महत्वपूर्ण पर्व अछि। एहि अवसर पर मां दुर्गाक आराधनाक संग समाज मे एकता, आपसी सद्भाव आ भाईचाराक भावना सेहो मजबूत होइत अछि। नौ दिन धरि चलयवला एहि पर्व कें लए कए जिलाक शहरी आ ग्रामीण क्षेत्र मे विशेष उत्साह अछि। आब श्रद्धालु सभ कें दुर्गापूजा आ विजयादशमीक आयोजनक प्रतीक्षा अछि।

# कायाकल्प अभियान सं सरकारी विद्यालयक आधारभूत संरचना होयत मजबूत

सीतामढ़ी, समदिया



जिलाक सरकारी विद्यालय सभ मे आधारभूत सुविधा कें मजबूत करबाक आ विद्यार्थीसब कें नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध करयबाक लेल जिला प्रशासन प्रयासरत अछि। एहि क्रम मे समाहरणालयक विमर्श सभा कक्ष मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे सेवा संकल्प आ कायाकल्प अभियानक समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे विद्यालय सभ मे आवश्यक आधारभूत सुविधा सं जुड़ल योजनाक चयन आ संबंधित पोर्टल पर शत-प्रतिशत प्रविष्टिक अद्यतन स्थितिक समीक्षा कयल गेल। काजक धीमा प्रगतिपर जिलाधिकारी नाराजगी व्यक्त करैत संबंधित पदाधिकारी सभ कें कार्य मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी शिक्षा विभागक जिला कार्यक्रम पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे सभ प्रखंड विकास पदाधिकारी आ प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक संग समन्वय स्थापित कए योजनाक चयन आ पोर्टल पर शत-प्रतिशत प्रविष्टिक काज शीघ्र पूरा कराओल जाए। ओ स्पष्ट कयलनि जे अभियानकक्रियान्वयन मे अनावश्यक देरी बर्दाश्त नहि कयल जायत। जिलाधिकारी कहलनि जे कायाकल्प अभियानकउद्देश्य मात्र योजनाक चयन करब नहि, बल्कि विद्यालयक बुनियादी सुविधा मे वास्तविक बदलाव अनब अछि। योजनाक चयन विद्यालयक जरूरत आ प्राथमिकताक आधार पर होयबाक चाही, जाहि सं उपलब्धसंसाधनक सही उपयोग भए सकय आ विद्यार्थीसब कें नीक शैक्षणिक सुविधा भेटय।ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें योजनाक चयन आ पोर्टल पर प्रविष्टिक काज प्राथमिकताक आधार पर पूरा करबाक संग ओकर प्रभावी क्रियान्वयन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। हुनका अनुसार विद्यालय सभ मे आवश्यक सुविधा उपलब्ध होयला सं पढ़ाइ-लिखाइ के वातावरण नीक होयत आ विद्यार्थीक नियमित उपस्थिति तथा शैक्षणिक गतिविधि सभ कें प्रोत्साहन भेटत। जिलाधिकारी कहलनि जे कायाकल्प अभियानक सफलता विद्यालय सभ मे देखाइ पड़यवला सकारात्मक बदलाव सं तय होयत। एहि लेल योजनाक चयन सं लए कए क्रियान्वयन धरि प्रत्येक स्तर पर तत्परता आ जवाबदेही जरूरी अछि। बैसारमे डीडीसी श्वेता भारती सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# बिहरा बजार मे रंगोली फैशन बजारक भव्य शुभारंभ, एमएलसी कयलनि उद्घाटन

सहरसा, समदिया



सत्तरकटैया प्रखंडक बिहरा बाजार मे सोमदिन नव प्रतिष्ठान रंगोली फैशन बाजारक भव्य शुभारंभ भेल। मुख्य अतिथि एमएलसी अजय कुमार सिंह फीता काटि प्रतिष्ठानक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर परओ प्रतिष्ठानक प्रोपराइटर दीपक भीमसेरिया आ मितेश भीमसेरिया कें बधाई दैत हुनका सभक उज्ज्वलभविष्यक कामना कयलनि। प्रतिष्ठानक प्रोपराइटर बतौलनि जे रंगोली फैशन बाजार मे महिलासभक लेल साड़ीक विशाल रेंज, कुर्तीक नवीनतम डिजाइनर रेंज आ लहंगाक आकर्षक कलेक्शन उपलब्ध कराओल गेलअछि। एतय ग्राहक सभ कें उचित दाम पर विभिन्न प्रकारक फैशनेबल परिधान भेटत। एहि प्रतिष्ठानक शुरुआत सं बिहरा बाजार सहित आसपासक क्षेत्रक लोक सभ कें खरीदारीक लेल एकटा नीक विकल्प उपलब्ध होयत। प्रतिष्ठानक शुभारंभक अवसर पर ग्राहकसभक लेल विशेष उपहार योजनाक शुरुआत सेहो कयल गेल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत खरीदारी करयवला ग्राहक सभ कें विभिन्न प्रकारक आकर्षक उपहार देल जा रहल अछि। संचालक सभ कहलनि जे ग्राहकसभक पसंद आ जरूरत कें ध्यान मे राखिगुणवत्तापूर्ण वस्त्र उचित कीमत पर उपलब्ध करेनाइ हुनका सभक प्राथमिकता अछि। उद्घाटन समारोह मेवैभव भीमसेरिया, जगदीश भीमसेरिया, महादेव भीमसेरिया, वासुदेव भीमसेरिया, सीताराम जी, सुमित अग्रवाल, अंकित तोदी, शालिग्राम देव, धीरेंद्र यादव, राम सुंदर साहा, अनिल सर्राफ आ मनीष खेमका सहितक्षेत्रक कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह। समारोहक दौरान उपस्थित लोक सभ नव प्रतिष्ठानक शुरुआत पर संचालक सभ कें शुभकामना देलनि।

# दुर्गापूजा पर सोशल मीडियाक दुरुपयोग आ अश्लील गाना पर होयत कठोर कारबाइ

सीतामढ़ी, समदिया




दुर्गापूजा कें शांतिपूर्ण आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न करय लेल जिला प्रशासन सतर्क अछि। एहि संबंध मे समाहरणालयक परिचर्चा भवन मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजनक संयुक्त अध्यक्षता मे जिला शांति समितिक बैसार भेल। बैसार मे विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक आ असामाजिक तत्वसभक गतिविधिपर रोक लगयबाक विषय मे चर्चा कयल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे दुर्गापूजा आपसी सद्भाव, आस्था आ सामाजिक एकजुटताक पर्व अछि। एकर शांतिपूर्ण आयोजन मे शांति समिति, पूजा समिति आ आम नागरिकक सहयोग आवश्यक अछि। सामाजिक सौहार्द बिगाड़य,अफवाह फैलाबय आ विधि-व्यवस्था मे बाधा उत्पन्न करयवला लोकसभक विरुद्ध सख्त कानूनी कारबाइ होयत।ओ सोशल मीडिया पर भ्रामक सूचना, आपत्तिजनक पोस्ट, फोटो, वीडियो आ ऑडियो साझा नहि करबाकअपील कयलनि। बिना सत्यापन कोनो सामग्री साझा करब आ अफवाह फैलायब दंडनीय कारबाइक कारण बनि सकैत अछि। बैसार मे डीजे पर प्रतिबंधक पालन आ लाउडस्पीकर बजयबाक लेल निर्धारित प्रक्रियाकअंतर्गत अनुमति लेब अनिवार्य बताओल गेल। पूजा आ विसर्जनक दौरान अश्लील गाना, जातिगत वा धार्मिक भावना आहत करयवला टिप्पणी आ भड़काऊ सामग्री प्रसारित करबाक विरुद्ध कारबाइ होयत। नशाक हालत मे उपद्रव करय आ सार्वजनिक व्यवस्था बिगाड़यवला लोक सभ पर सेहो सख्ती बरतल जायत। पूजा समिति सभ सं अनुशासन बनौने रखबाक आ अप्रिय घटनाक सूचना तुरंत प्रशासन कें देबाक अपील कयल गेल। बैसार मे अपर समाहर्ता संजीव कुमार, प्रशासन आ पुलिसक वरीय अधिकारी, थानाध्यक्ष, अनुमंडल पदाधिकारी, शांति समितिक सदस्य आ सामाजिक कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# अगिला फिल्म लए सीए सुरेश झा महादेव जायसवाल सं कयलनि भेंट

दरभंगा, समदिया



अपन आगामी फिल्म कें लए फिल्म निर्माता सीए सुरेश झा भाजपा नेता महादेव जायसवाल सं हुनकरआवास पर भेंट कयलनि आ हुनक आशीर्वाद प्राप्त कयलनि। एहि अवसर पर सीए सुरेश झा मिथिलाकपरंपराक अनुसार पाग आ चादर पहिरा कए महादेव जायसवाल कें सम्मानित कयलनि। एहि दौरानहुनकर पुत्र मनीष जायसवाल सेहो उपस्थित छलाह। भेंटक बाद सीए सुरेश झा कहलनि जे भारतीय संस्कृति आ सनातन परंपराक रक्षाक लेल महादेव जायसवालक त्याग कें कहियो बिसरल नहि जा सकैतअछि। हुनकर योगदान इतिहासक पन्ना पर स्वर्णाक्षर मे दर्ज रहत। हुनका भेट कए सुखद अनुभूति भेलनि आ एहि भेंट सं इतिहासक विभिन्न घटनासभक संबंध मे जानकारी प्राप्त करबाक अवसर भेटलनि। ओ कहलनि जे महादेव जायसवाल सं बातचीतक क्रम मे हुनका कतेको सवालक जवाब भेटलनिआ नव जिज्ञासा सभ कें सेहो बल भेटलनि। हुनकर एक-एकटा बात प्रेरणा देबयवला अछि। एहि भेंट सं इतिहास, संस्कृति आ परंपराक कतेको पक्ष कें बुझबाक अवसर भेटल।

# जेएनयू प्रकरण पर भाजपा महिला मोर्चाक आक्रोश मार्च, राहुल गांधीक पुतला फूंकि कएल गेल विरोध



» महिला सम्मान आ न्यायक मुद्दापर कांग्रेस नेतृत्व सं जवाबदेही तय करबाक मांग

सहरसा, समदिया

जवाहरलाल नेहरू विश्वविद्यालय (जेएनयू) मे कांग्रेस सांसद डॉ. अंगोमचा बिमोल अकोइजाम सं जुड़ल कथित यौन उत्पीड़न प्रकरण कें लए कए सोमदिन भाजपा महिला मोर्चा विरोध प्रदर्शन कयलक। भाजपाजिलाध्यक्ष साजन शर्मा आ महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष सुगामनी देवीक नेतृत्व मे महिला आ भाजपाकार्यकर्ता सभ थाना चौक सं आक्रोश मार्च निकाललनि। तकर बाद वीर कुंवर सिंह चौक पर राहुल गांधीकें पुतला दहन कए विरोध जतौलनि। प्रदर्शनकारी सभ छात्रासभक शिकायत सं जुड़ल एहि मामिला मेकांग्रेस नेतृत्वक जवाबदेही तय करबाक आ संबंधित सांसदक विरुद्ध कारबाइ करबाक मांग कयलनि। भाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा आरोप लगौलनि जे छात्रा सभ परीक्षा मे अंक बढ़ेबाक बदला यौन शोषण कयल जेबाक शिकायत कयने छलीह। हुनकर दावा छलनि जे शिकायतक बाद विश्वविद्यालय प्रशासन संबंधित प्राध्यापक कें निलंबित कय देने अछि। ओ कांग्रेस नेतृत्व सं एहि मामिला मे स्पष्ट रुख अपनाबय आ कारबाइ करबाक मांग कयलनि। पूर्व प्रदेश महामंत्री लाजवंती झा कहलनि जे महिला सभकगरिमा, सुरक्षा आ सम्मान सं जुड़ल मामिला मे दोहरा मापदंड नहि होयबाक चाही। कांग्रेस नेतृत्व कें एहिप्रकरण पर अपन पक्ष स्पष्ट करबाक चाही। महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष सुगामनी देवी कहलनि जेमहिलाक सम्मान मात्र राजनीतिक भाषण धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि आचरण मे सेहो देखाइपड़बाक चाही। ओ महिला सुरक्षा आ न्याय लेल आवाज उठबैत रहबाक बात कहलनि। प्रदर्शन मे पूर्व जिलाध्यक्ष मदन प्रसाद चौधरी, डॉ. शिलेंद्र कुमार, शिवभूषण सिंह, प्रभाष कुमार झा, मनोज मिश्रा, दिलीप शर्मा, मनोज श्रीवास्तव आ बम शंकर सहित अन्य कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

## महिला सम्मान आ न्यायक मुद्दापर कांग्रेस नेतृत्व सं जवाबदेही तय करबाक मांग

अररिया, समदिया



जेएनयू प्रकरणक विरोध मे सोमदिन अररिया भाजपा महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष चांदनी सिंहक नेतृत्व मे जिला मुख्यालयक चांदनी चौक पर कांग्रेसक विरुद्ध प्रदर्शन कयल गेल। एहि दौरान कांग्रेस नेता राहुलगांधी कें पुतला दहन कय प्रदर्शनकारी सभ जमि कए नारा लगौलनि। प्रदर्शन मे शामिल भाजपा नेता आकार्यकर्ता सभ मणिपुरक कांग्रेस सांसद डॉ. आंगोमचा बिमोल अकोइजाम सं जुड़ल जेएनयू प्रकरण मे महिला विद्यार्थीसब संग कथित यौन दुर्व्यवहारक आरोप कें गंभीर बतौलनि। प्रदर्शनकारी सभ एहि मामिलाक निष्पक्ष जांच करबाक आ दोषी पाओल गेलापर सख्त कारबाइ करबाक मांग कयलनि। संगहि आरोपित सांसद कें कांग्रेस पार्टी सं निष्कासित करबाक मांग सेहो उठाओल गेल। प्रदर्शनक दौरान यौनशोषण करयवला कांग्रेस सांसद कें पार्टी सं बाहर करू सहित विभिन्न नारा सं चांदनी चौक गूंजि उठल।भाजपा नेता सभ कहलनि जे महिला सुरक्षा, सम्मान आ गरिमा सं जुड़ल मामिला मे कोनो तरहक राजनीतिक संरक्षण नहि भेटबाक चाही। एहि तरहक आरोपक निष्पक्ष जांच कए सच्चाइ सामने आनब आवश्यक अछि। ओ कांग्रेस नेतृत्व सं एहि प्रकरण पर स्पष्ट रुख अपनाबय आ उचित कारबाइ करबाक मांग कयलनि। प्रदर्शन मे भाजपा जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण झा, जिला उपाध्यक्ष किरण कुमारी, जिला मंत्री सुष्मिता ठाकुर आ कनकलता झा, महिला मोर्चाक जिला उपाध्यक्ष विमला देवी, जिला महामंत्री नम्रता सिंह, नगर अध्यक्ष संजय कुमार एकसर, प्रदेश कार्यसमिति सदस्य नवीन कुमार यादव, नगर प्रभारी विजयकुमार भगत, जिला मीडिया प्रभारी सुमित कुमार सुमन, जिला कार्यालय मंत्री नीरज कुमार, पूर्व नगर अध्यक्ष विजय जैन सहित दिनेश भगत, अनिल मंडल, सतीश कुमार आ दुलाल कुमार समेत दर्जनों कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। भाजपा महिला मोर्चा महिला सम्मान आ सुरक्षाक मुद्दापर निष्पक्ष जांच तथा जवाबदेही सुनिश्चित करबाक मांग दोहरौलनि।

# सामाजिक न्याय आ समानताक लेल डॉ. लोहियाक विचार आइयो प्रासंगिक

दरभंगा, समदिया



डॉ. राममनोहर लोहियाक 70म पुण्यतिथि पर लहेरियासराय स्थित डॉ. राममनोहर लोहिया चौक पर समारोह आयोजित कए हुनका भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। एहि दौरान सामाजिक न्याय आसमाजवादक समर्थक सभ हुनकर प्रतिमा पर माल्यार्पण कयलनि आ हुनकर विचार सभ कें स्मरणकयलनि। कार्यक्रम मे राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व मंत्री ललित कुमार यादव, उमेश राय, उदय शंकरचौधरी, सुभाष पासवान, रामबृक्ष यादव, डॉ. प्रो. राम बाबू चौपाल, डॉ. प्रो. कुंदन महतो, मो. मोरशिद हसन,गंगा राम गोप, कृष्ण कुमार यादव आ राधा देवी सहित कतेको लोक माल्यार्पण कए श्रद्धांजलि देलनि। उमेश रायके अध्यक्षता मे विचार गोष्ठी आयोजित भेल। गोष्ठीक विषय छल वर्तमान समय मे डॉ. राममनोहर लोहियाक विचारक प्रासंगिकता। अध्यक्षीय संबोधन मे उमेश राय कहलनि जे डॉ. लोहिया समाजवादक अग्रदूत छलाह। ओ जीवन भरि समाजक वंचित वर्गक उत्थान लेल संघर्ष कयलनि। भारतक स्वतंत्रता, लोकतंत्र, समानता आ सामाजिक गैर-बराबरी समाप्त करबाक लेल हुनकर संघर्ष सदिखन प्रेरणास्रोत बनल रहत।डॉ. प्रो. राम बाबू चौपाल सामाजिक दर्शन पर विस्तार सं चर्चा करैत कहलनि जे वर्तमान समय मे सेहोडॉ. लोहियाक विचार प्रासंगिक अछि। डॉ. प्रो. कुंदन महतो हुनकर विश्व परिवारक परिकल्पनाक उल्लेख कयलनि। रामबृक्ष यादव कहलनि जे समतामूलक समाजक स्थापना बिना वंचित वर्गक सर्वांगीण विकाससंभव नहि अछि। सुभाष पासवान कहलनि जे डॉ. लोहिया पिछड़ा पाबय सौ मे साठिक नारा दए वंचित वर्ग मे सामाजिक अधिकारक प्रति चेतना जगौलनि। शनिचर पासवान हुनकर जीवन दर्शन पर अपन विचार रखलनि। संजीव कुमार चौधरी, अनिल बिहारी सहित अन्य वक्ता सभ सेहो विचार व्यक्त कयलनि।अंत मे डॉ. लोहियाक 70म पुण्यतिथि पर हुनका नमन करैत विनम्र श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। संगहि सामाजिक न्याय, समानता आ समाजवादक हुनकर बताओल बाट पर चलबाक संकल्प लेल गेल।

# नारी सशक्तीकरणक अनमोल प्रतीक छथि मां दुर्गा



सोनी चौधरी



आश्विन दुर्गा पूजा एकबेर फेर रविदिन सं प्रारंभ भेल अछि। चहुंदिस दुर्गा स्तुति सं वातावरण पुनः गुंजायमान भेल अछि। एहि दस दिवसीय पूजनोत्सव मे नवदुर्गा केर पूजा कयल जाइत अछि। देवी केर विभिन्न नौ रूप कें नवदुर्गा कहल जाइछ। ई नौ रूप अछि - शैलपुत्री, ब्रह्मचारिणी, चंद्रघंटा, कूष्मांडा, स्कंदमाता, कात्यायनी, कालरात्रि, महागौरी आ सिद्धिदात्री। देवीक ई नौ रूप जीवन केर नौ रूपक प्रतीक सेहो छथि। ई ओ शक्ति छथि जिनका सं शिव नाम सेहो अर्थपूर्ण बनल। दसमी पूजा एकटा उत्सव मात्र नहि, अपितु नारी शक्ति केर महत्व कें बूझबाक सर्वोत्तम अवसर अछि। वास्तव मे मां दुर्गा केर नौ रूप, नारी केर नौ विशिष्ट कलाक परिचायक अछि। मां भवानी अपन जाहि रूप मे वंदनीय छथि, आजुक स्त्री मे सेहो वएह सृजन, पालन आ संहारक अभूतपूर्व शक्ति वर्तमान अछि। मां दुर्गाक नव-नव विभिन्न नौ रूप जाहि आनंद आ दिव्य शक्ति सं भरल अछि, वास्तव मे आजुक नारी ओही शक्ति आओर भावना सं सुसज्जित छथि। मां दुर्गाक पहिल रूप शैलपुत्री मे दृढ़ताक भाव सन्निहित अछि। जे अन्याय केर प्रति अपना लोकक समक्ष सेहो दृढ़तासं ठाढ़ होयबाक सीख दैछ। शैलपुत्री जे सती रूप मे पति केर सम्मान लेल स्वयं कें भस्मीभूत कए अपन पिता धरि कें क्षमा नहि कयलनि। पुनर्जन्म मे हिमालय केर पुत्री बनि शैलपुत्री कहोलनि। आइ संसार मे नारीक प्रति जेना अत्याचार, व्याभिचार आ दुराचार बढ़ि रहल अछि। नारायणी रूपी नारी कें एहि सबहक सामना करबा लेल शैलपुत्री सं सीख लए स्वयं कें सुदृढ़ करबाक जरूरति अछि। हालांकि बहुत नारी अत्यंत दृढ़ता सं जीवन केर सभ तरहक उहा-पोहक सामना कओ रहलीह अछि। तहिना माताक दोसर रूप ब्रह्मचारिणी भगवान भोले शंकर कें पति रूप मे पयबा लेल हजारों साल धरि तपस्या कयने रहथि। जीर्ण-शीर्ण काया होयबाक बादो हुनकर हिम्मत नहि टूटल छल आ अंत मे मनचाहल वरदान पौलीह। ई संघर्ष आजुक नारी लेल अत्यंत प्रेरणादायी अछि। सभ नारी कें भगवतीक ब्रह्मचारिणी स्वरूप केर अनुसरण करैत सदति अबला सं सबला बनबा लेल संघर्षशील होयबाक प्रेरणा लेबाक चाही। भगवती केर तेसर रूप चंद्रघंटा, वीरताक प्रतीक अछि। आजुक बदलैत सामाजिक परिवेश मे नारी कें कोनो अनजान भय सं भयभीत भए चुप बैसबाक बजाय 'अति सौम्य अति रौद्र' रूपा चंद्रघंटा रूप कें आत्मसात करबा लेल प्रतिबद्ध होयबाक चाही। एहिना भगवतीक चारिम स्वरूप कूष्मांडा कें आदिशक्ति कहल जाइछ। संपूर्ण ब्रह्मांड कें रचय वाली इएह थिकी। ओ सतयुग केर नारी होथि आकि कलियुग केर, ई निर्विवाद सत्य जे संसार कें रचबाक कला आ सामर्थ्य मात्र हुनके टा मे अछि। ओ नारी केर रचनात्मकते अछि जे संसार कें गतिमान आ सुंदर बनबैत अछि। फेर चाहे मकान कें घर बनेबाक कला हो आकि संसार कें श्रृंगार आओर कला सं रचबाक सामर्थ्य, मां भगवतीक एहि स्वरूप सं सीखबाक चाही। पांचम स्वरूप स्कंदमाता केर अछि। जे ज्ञान केर देवी छथि। कहल जाइछ जे महाकवि कालिदास रघुवंशम महाकाव्य आ मेघदूत हिनके कृपा सं रचि सकलाह। हालांकि आइ समाजक लगभग सभ क्षेत्र मे नारी केर आधिपत्य अछि। ओ अपन ज्ञान, विवेक आ चेतना सं सभ ठाम अपन सफलताक परचम लहरेबैत आगू बढ़ि रहलीह। बावजूद एकर आइयो एहन नारीक कमी नहि जे सामाजिक आ पारिवारिक बंधन मे जकड़ल हाथ पर हाथ धेने घरक चाहरदीवारी मे कैद अभिशप्त जिनगी जीबा लेल मजबूर छथि। एहन नारी कें मां भगवतीक एहि स्वरूपक सुमिरन करबाक चाही। माताक छठम स्वरूप कात्यायनी सं नारी कें सभ बात जांचबाक आ परखबाक गुण भेटल अछि। बिना शोध कयने कोनो निर्णय लेब आकि कोनो राय बनायब गलत होइत अछि। वर्तमान परिस्थिति मे चाहे ओ करियर अथवा विवाहक निर्णय हो आकि परिवार मे भागीदारी हो, नारी कें भगवतीक कात्यायनी स्वरूपक अनुसरण करैत बहुत सोचि विचारि अपन डेग आगू बढ़ेबाक चाही। तहिना भगवतीक सातम स्वरूप कालरात्रि आतितायिक संहारक अछि। ई अन्हार मे ईजोतक प्रकाश पुंज सन देदीप्यमान नक्षत्र समान छथि। नारी कें भगवतीक कालरात्रि स्वरूप अनुरूप आशा आ विश्वासक शक्ति पुंज बनबाक प्रयास करबाक चाही। एहि सं अन्हेर केर विरुद्ध मुकबला करबाक शक्ति केर हुनका मे संचार होयब अवश्यंभावी अछि। एहि सं विधिसम्मत शक्ति केर आत्म संचार कए ओ अत्याचारक प्रति सजग योद्धा सहजहिं बनि सकतीह। एहिना मां महागौरी शांत छथि। ई सभ नारी कें जिनगीक कोनो उतार-चढ़ाव मे मन कें शांति राखि ओकर निराकरण तकबाक कला मे पारंगत करैत छथि। वर्तमान भागम-भाग जिनगी मे भगवतीक एही कृपा सं पुरुषक अपेक्षाकृत महिला अधिक शांत चित्त भए अपन जवाबदेहीक प्रति दत्त चित्त रहि पबैत छथि। सिद्धिदात्री केर भूमिका दात्री केर अछि। हिनकर एही कृपासात कोनो स्त्री अपन परिवार आ समाज केर कल्याण लेल अपन सर्वस्व न्यौछावर कए देब सीखलनि अछि। परहितकारी नारी मात्र देब बुझैत छथि। कोनो गृहिणी जतबा तपस्या सं अपन नींद आ सुख कें त्यागि परिवारक बरक्कत मे भागीदार बनैत छथि ओ मां सिद्धिदात्री केर अनुकंपा सं बारंबार नमन योग्य छथि। आइ नारी सशक्त छथि। तेजी सं बदलैत समय संग विषम सं विषम परिस्थितियो मे परिवार आ समाज संग ओ डेग सं डेग मिलाकऽ चलबा मे समर्थ छथि, ई निश्चित रूप सं मां सिद्धिदात्री केर कृपा अछि। ई सद्यः हुनके प्रताप अछि जे नारी संयम, ज्ञान, समझ, धैर्य, आत्मविश्वास आ साहस सं आगू बढ़ि रहलीह अछि। ई साबित करैछ जे शक्ति केर अर्थ मात्र शारीरिक बल नहि, अपितु मानसिक आ भावनात्मक संतुलन सेहो अछि। अस्तु, समाजक सेहो ई जवाबदेही अछि जे ओ दसमी पूजा मे मात्र शक्ति केर उपासना नहि करथि, अपितु नारीक प्रति यथोचित सम्मानक भाव सेहो राखथि। समाजिक कोढ़ केर रूप मे भ्रूण हत्या, दहेज, हिंसा, बलात्कार आदि सं मुक्त समाजक निर्माण सही माने मे आदिशक्ति मां दुर्गाक असली पूजा होयत। तेजी सं बदलैत समय आ नारी लेल घातक होइत एहि दौर मे नारी कें अपन शक्ति स्वरूपक स्मरण करय पड़त। हिंदू धर्म मे मां दुर्गा कें पापी केर संहार करय वाली देवीक रुप मे दर्शाओल गेल अछि। शक्तिक प्रतीक रूप मे स्थापित मां दुर्गाक नौं स्वरुप सर्वविदित अछि। जाहि मे हुनकर सभ रुप मे प्रत्येक देवी केर अलग-अलग वाहन आ विभिन्न अस्त्र- शस्त्र दर्शाओल गेल अछि। मां भगवतीक शक्ति केर समेकित स्वरूप कें दुर्गा कहल जाइत अछि। मां दुर्गा केर कृपा अपरंपार छनि। ओ सिंहक सवारी करैत छथि तें हुनका युद्धक देवी सेहो कहल जाइत छनि। हालांकि शक्तिक अधिष्ठात्री एहि देवि लेल 'शक्ति' आ 'दुर्गा' दूनू नामक पारस्परिक उपयोग कयल जाइत अछि। ई दूनू शब्द 'बल' केर दू पहलूक प्रतीक अछि। शक्ति जतय आंतरिक बल केर प्रतीक अछि ओतहि दुर्गा केर मूल शब्द 'दुर्ग' अछि, जकर तात्पर्य अछि एकटा ओहेन किला जकर निर्माण हम अपना चारू कात कए सकैत छी। एहि प्रकार सं दुर्गा बाहर स्थित बल केर प्रतीक छथि। फेर शक्ति ओहि जन्मजात मनोवैज्ञानिक आ शारीरिक बल केर प्रतीक अछि जकरा हम अपना लेल उत्पन्न कए सकैत छी, मुदा दोसराक संग बांटि नहि सकैत छी। जखनकि दुर्गा ओहि शारीरिक बलक प्रतीक छथि, जकरा हम दोसराक संग सेहो बांटि सकैत छी। मां दुर्गाक रूप मे हमरा मनोबल रूपी एकटा एहन हथियार केर प्राप्ति होइत अछि, जे हमरा सुरक्षित राखय बला तकनीक, स्वयं कें दोसराक शोषण सं सुरक्षित रखबाक लेल स्थापित कयल गेल नियम, अपन प्रतिष्ठा, हमर विशेषाधिकार, हमर पदवी आ हमर जागीर केर प्रति जागरूक करैत अछि। एहि प्रकार सं दुर्गा हमर शरीरक बाह्य आवरण मे व्याप्त रहैत छथि, जखनकि शक्ति हमर आंतरिक परिधि मे स्थित रहैत छथि। ई शक्ति आत्मप्रेरणा आ धैर्य केर मूर्त रूप छथि, जे सफलता प्राप्ति केर मुख्य घटक अछि।

# विपक्षक बढ़ैत दबावक बीच संवाद सेहो आवश्यक

ज्योति

पिछला सप्ताह, जतय नरेंद्र मोदी सार्वजनिक जीवन मे 25 वर्ष पूरा करबाक खुशी मनौलनि-पहिने गुजरातक मुख्यमंत्री आ पछिला 12 वर्ष सं प्रधानमंत्रीक रूप मे-ओतहि राहुल गांधी आ हुनकर राजनीति सेहो समयक संग परिपक्व भेल अछि। अपन पहिचान बनि चुकल उज्जर टी-शर्ट आ खाकी कार्गो पैंट पहिरने कांग्रेस नेता दिल्लीक पीयर बैरिकेड पर चढ़ि गेलाह आ तिरंगा लहरौलनि। हुनकर बहिन प्रियंका सेहो बगल मे ठाढ़ भए तिरंगा लहरौलनि। एक दिन बाद ओ सड़क पर सुतल रहलीह। हुनकर छाती पर संविधानक एक प्रति राखल छलनि आ ओ पुलिस कें चुनौती देलनि जे हुनका उठा कए देखाबय। पुलिस एहेने केलक। भारतीय राजनीति मे पिछला सप्ताह एहन रहल, जाहि मे कतेको घटना सभ लगातार सुर्खी बनल रहल। नोएडाक जेवर एयरपोर्टक नाम बदलि नरेंद्र मोदी इंटरनेशनल एयरपोर्ट रखबाक चर्चा अछि। दिल्ली पुलिस कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) कें गत शनिदिन मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक इस्तीफाक मांग लए कए मार्च निकालबाक अनुमति नहि देलक। दिल्ली उच्च न्यायालयक एक न्यायाधीश भारतीय युवा कांग्रेस सं, जे विरोध प्रदर्शनक अनुमति लेल देल गेल याचिकाक तत्काल सुनवाइ चाहैत छल, पुछलनि जे एतेक जल्दी की अछि? सुनवाइ सोमदिन अर्थात आइ होयत। सीजेपी कहलनि जे अनुमति नहि भेटलाक बादो ओ प्रदर्शन करत आ ई जानय चाहैत अछि जे ओकरा विरोध करबाक अधिकार सं वंचित किएक कएल जा रहल अछि। शांतिपूर्ण विरोध करब संविधान प्रदत्त अधिकार अछि। अनुच्छेद 19(1)(ए) अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता दैत अछि, जखन कि अनुच्छेद 19(1)(बी) नागरिक कें बिना हथियार शांतिपूर्वक एकत्र होयबाक अधिकार दैत अछि। अनुच्छेद 21 जीवन आ व्यक्तिगत स्वतंत्रताक रक्षा करैत अछि, जाहि मे अपन शिकायत सभ कें शांतिपूर्वक आ सम्मानपूर्वक रखबाक अधिकार सेहो सम्मिलित मानल गेल अछि। दिल्ली कें किला मे बदलि देल गेल। राजधानीक सुरक्षाक लेल लगभग 23,000 पुलिसकर्मी तैनात कएल गेलाह। वाराणसी सं दिल्ली आबयबला रेलगाड़ी सहित कतेको रेलगाड़ी रद्द कए देल गेल। मेट्रो स्टेशन सभ बंद कएल गेल आ सीमा सभ सील कए देल गेल। प्रश्न ई अछि जे केंद्र सरकार अनचोके एतेक घबरायल किएक देखाइत अछि? सत्ता मजबूती सं ओकर हाथ मे अछि आ अगिला ढाई वर्ष धरि ओकरा कोनो पैघ चुनौती भेटबाक संभावना कम अछि। योगी आदित्यनाथक उत्तर प्रदेशक सत्ता सं हटबाक संभावना नहि देखाइत अछि। समाजवादी पार्टी आ कांग्रेस गठबंधन कए लेलाक बादो भाजपा कें हरायब कठिन रहत। पंजाब मे लोकसभाक मात्र 13 सीट अछि, मुदा ओतयक राजनीतिक जोश जनताक बदलैत मिजाजक संकेत जरूर दैत अछि। दिल्लीक सत्ताधारी सभक घबराहटक एक शब्द मे उत्तर अछि - नोकरी। सरकार नीक जकां जनैत अछि जे एहि मामिला मे ओकर स्थिति कमजोर अछि। संभवतः सत्ताक 12 वर्ष मे पहिल बेर देशक युवा वर्गक एक पैघ हिस्सा ओकर संग नहि देखाइत अछि। भारतक चर्चित आ विवादित जेन-जी पीढ़ीक आंकड़ा पर नजरि देल जाय तं देशक कुल आबादीक 27 प्रतिशत हिस्सा, अर्थात प्रत्येक चारिम व्यक्ति, 15 सं 29 वर्षक आयुवर्ग मे अछि। 52 प्रतिशत आबादी 30 वर्ष सं कम आयुक अछि आ 140 करोड़क देश मे 65 प्रतिशत लोक 35 वर्ष सं कम आयुक छथि। नीट प्रश्नपत्र लीक होयबाक घटना सं लगभग 20 वर्षक युवा सभ कें जे धक्का लगल, से देशक लेल निर्णायक मोड़ साबित भए सकैत अछि। एहन लगैत अछि जे मेहनत आ योग्यताक भरोस पर आगू बढ़बाक बाट कठिन भए गेल अछि। देशक पैघ कॉलेज मे पढ़बो पर्याप्त नहि रहल। अमेरिका आ कनाडा पढ़ाइक लेल छात्र सभ सं पैसा तं चाहैत अछि, मुदा नौकरी देबाक मामिला मे दरबज्जा बंद कए रहल अछि। एखन एच-1बी वीजा भेटबो कठिन भए गेल अछि।



# अधीर समय बढ़बैत अछि मनुष्यक बेचैनीक ग्राफ

डॉ. प्रदीप कुमार राय

हम 12 धरि गिनती करैत छी। जाबत धरि हमर 12 तक गिनती पूरा होयत, ताबत धरि अहां अपन देह मे वापस आबि जाउ, जतय अहां प्रायः रहिते नहि छी, जखन कि अहां कें ओतहि रहबाक चाही। 12 तक गिनती पूरा होयबाक बीच अहां अपना कें शांत करैत-करैत विश्रामक अवस्था मे चलि जाउ। नोबेल पुरस्कार विजेता चिली मूलक लेखक पाब्लो नेरुदा 76 वर्ष पहिने अपन कविता कीपिंग क्वाइट मे संपूर्ण मानव जाति सं ई आह्वान कयने छलाह। मनुष्यक भीतरक असीम बेचैनी देखि ओ एहन आग्रह कयने छलाह। एकटा पैघ प्रश्न अछि जे दशक पहिने मनुष्यक जीवन मे एतेक गति आ व्यस्तता देखि कए पाब्लो नेरुदा ई आह्वान कयने हेता। मनुष्यक भीतर गहींर बेचैनी देखनहि बिना ओ एतेक अर्थपूर्ण कविता नहि लिखने हेता। आब जं ओहि समयक तुलना वर्तमान समय सं करी, तं सहजहि बुझल जा सकैत अछि जे तखनक अपेक्षा आइ मनुष्य कतेक गुना बेसी व्यस्त आ बेचैन भए गेल अछि। बल्कि आब हम सभ खाली व्यस्त नहि, अपितु अस्त-व्यस्त सेहो छी। अर्थात, तखनुक तुलना मे आइ हमर बेचैनीक ग्राफ सैकड़ो गुना बढ़ि गेल होयत, एहि मे कोनो संदेह नहि। वर्तमान समयक मुकाबले तखन बेचैनी बहुत कम रहल होयत। पैघ-पैघ लक्ष्य प्राप्त करबाक आ तकनीक तथा स्क्रीन सं एतेक बेसी जुड़ल रहबाक संभावना तखन एतेक नहि छल। तैयो ओहि समयक लोकक सौभाग्य देखू जे पाब्लो नेरुदा सन विद्वान हुनका सभ कें शांतचित्त करबाक लेल 12 तक गिनती करबाक आग्रह लए कए ठाढ़ भए गेलाह। लोक हुनकर बात सुनलक आ हुनका सभ लग सुनबाक लेल समयो छल। मुदा आइ हमरा सभ कें शांत करबाक लेल 12 तक गिनती करबाक आग्रह लए कए के आओत? आइयो संत-फकीर लोक कें अनावश्यक बेचैनी सं बचबाक सलाह दैत छथि, मुदा बदलैत समयक गति देखैत ओहो लोक कें शांत होयबाक लेल 12 तक गिनती करबाक समय देबाक प्रयोग नहि कए रहल छथि। मानि ली जे आइ कोनो दार्शनिक कहियो ई कहथि जे हम मानव जाति कें पांच-दस तक गिनती करबाक समय दैत छी, तखन धरि सभ अपन मूल स्वभाव मे वापस आबि जाउ। मुदा पांचम गियर मे चलि रहल डिजिटल युगक मनुष्य अपन तन आ मन पर अनचोके ब्रेक कोना लगा सकत? वर्तमान स्थिति पर नजरि देल जाय तं आब सभ संदेश कें माइक्रो ड्रामा अर्थात किछुए सेकेंडक प्रारूप मे बनाओल जा रहल अछि। एहन समय मे मनुष्यक गति आ बेचैनी पर विराम लगयबाक लक्ष्य रखबाक साहस के करत? मुदा मानव जातिक वर्तमान दशा देखैत बेचैनी पर लगाम लगयबाक लेल 12 तक गिनती करबाक समयो बेसी बुझाइत अछि। वास्तव मे तं तीन तक गिनती करबाक समय मात्र देबाक चाही। आइ मनुष्यक ज्ञान कमजोर नहि अछि। ओकरा ई जानकारी अछि जे ओ निरंतर चलैत रहबाक एकटा अनवरत चक्कर मे फंसि गेल अछि। अपार सूचना सं घेरल रहबाक कारण ओकरा इहो पता अछि जे मनुष्यक ध्यान केंद्रित रखबाक क्षमता, अर्थात अटेंशन स्पैन, आठ सेकेंड सं कनेक बेसी रहि गेल अछि। ओकरा एतबा तं बुझबाक चाही जे दिनक पैघ हिस्सा जं आंखि स्क्रीनक अतिरिक्त किछुओ नहि देखैत अछि, तं ध्यान केंद्रित करबाक क्षमता कमजोर होयबे करत। सोशल मीडिया पर लगातार स्क्रॉल करब आ ओहू मे तरह-तरहक विचार आ कथनक तुलना करबाक क्रम मे मनुष्य जेना बहैत जा रहल अछि, ताहि मे ओकरा ठहरबाक बाट किएक नहि देखाइत अछि? विशेषज्ञ सभक कहब अछि जे आइ मनुष्यक बैसबाक आ उठबाक तरीका अर्थात पॉस्चर सेहो पहिने जकां नहि रहल। आब ई आई-पॉस्चर भए गेल अछि, अर्थात आइफोनक प्रयोग सं बनल देहक मुद्रा। एहि बीच मनुष्य अपनहि हाथे एकटा आओर पैघ विसंगति उत्पन्न कए रहल अछि। कृत्रिम बुद्धिमत्ताक विस्तारक संग मनुष्य स्वयं ई घोषणा करैत देखाइत अछि जे वास्तविक सोचबाक क्षमता मशीन लग अछि आ सृजनात्मक काज सेहो मशीन बेसी नीक कए सकैत अछि। कृत्रिम बुद्धिमत्ताक मोह मे मनुष्य एतेक पड़ि गेल अछि जे ओकर व्यवहार सेहो कृत्रिम होइत जा रहल अछि। एकर उचित आ विवेकपूर्ण प्रयोग निस्संदेह लाभदायक अछि, मुदा मनुष्य एकर मोहपाश मे पड़ि अपन मानसिक क्षमतापर बोझ अर्थात कॉग्निटिव ओवरलोड आओर बढ़बैत जा रहल अछि।



# जंतर-मंतर 2.0 के महासंग्राम! हिरासत, बैरिकेडिंग आ मानवाधिकार पर पैघ सवाल

किशन सनमुखदास भावनानी

दिल्लीक जंतर-मंतर एक बेर फेर राष्ट्रीय राजनीति, नागरिक स्वतंत्रता आ लोकतांत्रिक जवाबदेहीक बहसक केंद्र बनल अछि। मुख्य निर्वाचन आयुक्तक इस्तीफा आ चुनावी सुधारक मांग लए 10 अक्टूबर कें कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) द्वारा आयोजित प्रदर्शन पर पुलिसक कारबाइ विवादक रूप लए लेने अछि। ई मामिला आब 11 अक्टूबर 2026 कें सुप्रीम कोर्टक विशेष सुनवाइ आ संयुक्त राष्ट्र मानवाधिकार कार्यालयक चिंता धरि पहुंचि गेल अछि। भारत संयुक्त राष्ट्रक टिप्पणी कें अपना आंतरिक मामिला मे अनुचित हस्तक्षेप कहैत खारिज कए देने अछि। मुद्दा आब मात्र प्रदर्शनक अनुमति धरि सीमित नहि अछि। शांतिपूर्ण विरोधक अधिकार, सार्वजनिक व्यवस्था, यातायात आ इंटरनेट सेवा पर प्रतिबंध, हिरासतक वैधानिकता आ चुनावी संस्थाक जवाबदेही एखन बहसक मुख्य विषय बनल अछि। सीजेपी पहिने सेहो युवा मुद्दा लए प्रदर्शन कयने छल। शिक्षा मंत्रीक इस्तीफाक बाद संगठन एहि घटना कें अपन राजनीतिक प्रभावक उदाहरण मानैत अछि। आब 10 अक्टूबरक प्रदर्शनक मुख्य मांग मुख्य निर्वाचन आयुक्तक इस्तीफा आ मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआइआर) मे कथित अनियमितताक जांच अछि। प्रदर्शनकारीक आरोप अछि जे मतदाता सूची सं पैघ स्तर पर नाम हटेला सं चुनावक निष्पक्षता प्रभावित भए सकैत अछि। दोसर दिस निर्वाचन आयोग आ सत्तारूढ़ दल एहि आरोप कें खारिज कयने अछि। तें एहि दावा कें सिद्ध तथ्य नहि, बल्कि जांच आ जवाबदेहीक मांगक रूप मे देखबाक चाही। जंतर-मंतर 2.0 नाम एहि लेल देल जा रहल अछि, किएक तं ई आंदोलन कोनो एकटा मंत्री वा अधिकारीक विरोध तक सीमित नहि रहि संस्थागत जवाबदेही आ चुनावी प्रक्रिया पर भरोसक सवाल बनि गेल अछि। दिल्ली पुलिस 10 अक्टूबरक प्रस्तावित प्रदर्शनक अनुमति देबाक लेल मना कए देने छल। पुलिसक कहब छल जे आयोजक 7 अक्टूबर कें सूचना देने छलाह, जखन कि सामान्य प्रक्रियाक अनुसार कम-सं-कम 10 दिन पहिने आवेदन अपेक्षित रहैत अछि। पुलिस पूर्ववर्ती प्रदर्शन मे नियम आ लिखित आश्वासनक कथित उल्लंघन, यातायातक कठिनाइ आ कानून-व्यवस्थाक आशंकाक सेहो हवाला देने छल। भारतीय संविधानक अनुच्छेद 19(1)(क) अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता आ अनुच्छेद 19(1)(ख) शांतिपूर्वक आ बिना हथियार एकत्र होयबाक अधिकार दैत अछि। मुदा ई अधिकार निरंकुश नहि अछि। सार्वजनिक व्यवस्था आ आन संवैधानिक आधार पर उचित प्रतिबंध लगाओल जा सकैत अछि। तथापि, अनुमति नहि भेटबाक अर्थ ई नहि जे प्रशासन कें असीमित कारबाइक अधिकार भेटि जाइत अछि। भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता, 2023क धारा 163 के अंतर्गत निषेधात्मक आदेश लागू कयल गेल छल। एहि प्रावधानक प्रयोग तत्काल खतरा रोकबाक लेल होइत अछि, मुदा एकर उपयोग सेहो कानूनक सीमा मे रहबाक चाही। 10 अक्टूबर कें दिल्ली मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कयल गेल। समाचार एजेंसी सभक रिपोर्ट मे 2,000 सं बेसी लोक कें हिरासत मे लेल गेलाक उल्लेख अछि। किछु रिपोर्ट मे एहि सं बेसी संख्या सेहो देल गेल। सीजेपीक संस्थापक, सह-संयोजक आ अन्य लोकक हिरासत सेहो चर्चाक विषय रहल। अलग-अलग रिपोर्ट मे संख्या आ परिस्थिति एक समान नहि अछि, तें कोनो अपुष्ट आंकड़ा कें आखरी सरकारी संख्या मानब उचित नहि होयत। दिल्लीक कतेको मेट्रो स्टेशन पर प्रवेश प्रतिबंधित कयल गेल आ रेल सेवा मे बाधाक खबरि सेहो आयल। वरिष्ठ अधिवक्ता सभ अदालत मे आरोप लगौलनि जे प्रदर्शन स्थल सं दूर दोसर क्षेत्र आ ट्रेन सभ सं सेहो लोक कें हिरासत मे लेल गेल। इंटरनेट सेवा बाधित करबाक आ वकील, महिला, छात्र आ पत्रकार सभक संग दुर्व्यवहारक आरोप सेहो उठल। ई आरोप सुनवाइक दौरान राखल गेल छल; सभ मामिला मे एकरा न्यायिक रूपें सिद्ध निष्कर्ष नहि मानल जा सकैत अछि।



दोसर दिस निर्वाचन आयोग आ सत्तारूढ़ दल एहि आरोप कें खारिज कयने अछि। तें एहि दावा कें सिद्ध तथ्य नहि, बल्कि जांच आ जवाबदेहीक मांगक रूप मे देखबाक चाही। जंतर-मंतर 2.0 नाम एहि लेल देल जा रहल अछि, किएक तं ई आंदोलन कोनो एकटा मंत्री वा अधिकारीक विरोध तक सीमित नहि रहि संस्थागत जवाबदेही आ चुनावी प्रक्रिया पर भरोसक सवाल बनि गेल अछि। दिल्ली पुलिस 10 अक्टूबरक प्रस्तावित प्रदर्शनक अनुमति देबाक लेल मना कए देने छल। पुलिसक कहब छल जे आयोजक 7 अक्टूबर कें सूचना देने छलाह, जखन कि सामान्य प्रक्रियाक अनुसार कम-सं-कम 10 दिन पहिने आवेदन अपेक्षित रहैत अछि। पुलिस पूर्ववर्ती प्रदर्शन मे नियम आ लिखित आश्वासनक कथित उल्लंघन, यातायातक कठिनाइ आ कानून-व्यवस्थाक आशंकाक सेहो हवाला देने छल।

## रवि दिन सुप्रीम कोर्टक विशेष सुनवाइ

11 अक्टूबर कें रवि दिन होयबाक बादो न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची आ न्यायमूर्ति वी. मोहनाक विशेष पीठ संबंधित याचिकाक सुनवाइ कयलनि। एकटा बंदी प्रत्यक्षीकरण याचिका मे हिरासत मे लेल गेल लोकक स्थिति आ हिरासतक वैधता पर सवाल उठाओल गेल। दोसर अवमानना याचिका मे आरोप लगाओल गेल जे अधिकारी सार्वजनिक परिवहन पर पूर्ण प्रतिबंध नहि लगेबाक 9 अक्टूबरक अदालती निर्देश कें पालन नहि कयलनि। सुनवाइक दौरान हिरासत, बैरिकेडिंग, मेट्रो सेवा आ वकील सभक न्यायालय धरि पहुंचबा मे बाधाक मुद्दा उठल। न्यायालय दिल्ली मे मेट्रो सेवा सामान्य कार्यक्रमक अनुसार चलेबाक, इंटरनेट सेवा कानूनक विपरीत बाधित नहि करबाक, बैरिकेडिंगक समीक्षा करबाक आ वैधानिक प्रक्रियाक बिना ककरो हिरासत मे नहि लेबाक बात पर जोर देलक। न्यायालय इहो स्पष्ट कयलक जे धारा 163 के आदेश सं प्रभावित क्षेत्रक बाहर लोकक आवाजाही आ शांतिपूर्ण सभा करबाक अधिकारके अनावश्यक रूपे नहि रोकल जाय। संबंधित अधिकारी सभ सं जवाब मंगैत कारण बताउ नोटिस जारी कयल गेल।

# बीजेपी–सपाक तैयारीक बीच मायावतीक पैघ दांव, कलह आ सत्ता सं दूरीक बावजूद टिकट बांटय मे निकलली आगू

बहुजन समाज पार्टी (बसपा) अपन भविष्य कें लए संघर्ष कए रहल अछि। एक दिस बसपाक सोझां उत्तर प्रदेशक आगामी विधानसभा चुनाव मे जीत हासिल कए अपन खोएल राजनीतिक दबदबा फेर कायम करबाक चुनौती अछि, तं दोसर दिस पार्टी प्रमुख मायावतीक परिवार मे सेहो उथल-पुथल चलि रहल अछि। मायावतीक सोझां बसपाक विरासत सौंपबाक लेल परिवारक योग्य सदस्य चुनबाक आ पार्टी कें बचा कए मजबूत बनबैत आगू बढ़ेबाक चुनौती अछि। हालांकि, एहि संकट सभक सामना करैत बसपा विधानसभा चुनाव लेल एखन धरि 100 उम्मीदवारक नाम तय कए लेने अछि। एहि मामिला मे ओ सत्ताधारी दल आ विपक्षक दोसर दल सभ सं बहुत आगू चलि रहल अछि। बहुजन समाज पार्टी (बसपा) विधानसभा चुनाव लेल सितंबर मे 100 उम्मीदवार घोषित करबाक अपन लक्ष्य पूरा कए लेने अछि। हालांकि, एखन धरि बसपा एहि उम्मीदवार सभक नामक आधिकारिक सूची जारी नहि केने अछि, मुदा 100 सीट लेल नाम तय कए लेने अछि। बसपा जिनका सभक नाम तय कयने अछि, हुनका विधानसभा प्रत्याशीक बदला विधानसभा प्रभारी कहि रहल अछि। एही प्रभारी सभ कें चुनाव मे पार्टीक उम्मीदवार बनाओल जाएत।

### डेढ़ मास मे 250 उम्मीदवारक नाम तय होयत

बसपा जिला सभ मे कार्यकर्ता सम्मेलन आयोजित कए रहल अछि। एही दौरान पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारी उम्मीदवार सभक नामक घोषणा कए रहल छथि। बसपाक लक्ष्य आगामी डेढ़ मास मे, अर्थात 15 नवंबर धरि, करीब 250 उम्मीदवारक नाम तय करबाक अछि। बताओल जाइत अछि जे बसपा आगामी एक मास मे ओहि सीट सभ पर कार्यकर्ता सम्मेलनक कार्यक्रम सेहो तय कए देत, जतए सम्मेलन आयोजित होएबाक अछि। पार्टी प्रमुख मायावती लखनऊ स्थित अपन आवास पर टिकट चाहनिहार उम्मीदवार सभ सं लगातार भेंट कए रहल छथि। ओ टिकट के प्रत्येक दावेदारक परख केलाक बाद संबंधित जिला मे कार्यकर्ता सम्मेलन आयोजित करबाक निर्देश दैत छथि। बहुजन समाज पार्टी अपन उम्मीदवार



सभक नाम तय कए रहल अछि, मुदा नामक सार्वजनिक घोषणा नहि कए रहल अछि। दोसर दल सभ मे मात्र आजाद समाज पार्टी (एएसपी) एहन पार्टी अछि, जे उम्मीदवार सभक नाम तय करबाक मामिला मे मायावतीक पाछू-पाछू चलि रहल अछि। चंद्रशेखर आजादक एहि पार्टी विधानसभा चुनाव लेल अपन 42 उम्मीदवारक नाम घोषित कए देने अछि। एएसपीक दावा अछि जे ओ एखन धरि उत्तर प्रदेशक कुल 87 विधानसभा सीट लेल अपन उम्मीदवार तय कए लेने अछि। आजाद समाज पार्टी सेहो अपन उम्मीदवार सभ कें फिलहाल विधानसभा सीट के प्रभारी कहि रहल अछि। एएसपी एहि प्रभारी सभ कें पार्टीक उम्मीदवार बनाओत। चंद्रशेखर आजाद दलित समुदाय सं सब सं बेसी उम्मीदवार बनौने छथि। एहि समुदाय सं 20 उम्मीदवार घोषित कयल गेल छथि। एकर बाद ओबीसी समुदाय सं 13 आ मुस्लिम समुदाय सं 9 उम्मीदवार बनाओल गेल छथि।

### उम्मीदवारक चयन मे जुटल राजनीतिक दल

उत्तर प्रदेश मे विधानसभा चुनाव फरवरी-मार्च 2027 मे होएबाक संभावना अछि। एहि चुनाव मे आब करीब चारि मास शेष अछि। चुनाव लेल एखन धरि कोनो राजनीतिक दल आधिकारिक रूप सं अपन उम्मीदवार सभक सूची जारी नहि केने अछि। हालांकि, सभ राजनीतिक दल मे एहि लेल आंतरिक तैयारी जारी अछि। दल सभ उम्मीदवारक चयन कें आखरी रूप देबाक प्रयास मे जुटल अछि।

### सपाक 46 उम्मीदवार तय

बसपा आ एएसपी अपन प्रभारी अथवा उम्मीदवार सभक नाम घोषित कए रहल अछि, मुदा दोसर दल एखन एहि पर विचार-विमर्श कए रहल अछि। बताओल जाइत अछि जे समाजवादी पार्टी विधानसभा चुनाव लेल करीब 46 सीट पर अपन उम्मीदवारक नाम आंतरिक रूप सं तय कए लेने अछि। एहि सीट सभ मे पूर्वांचल, पश्चिमी उत्तर प्रदेश आ मध्य उत्तर प्रदेशक सीट शामिल अछि। सपाक एहि उम्मीदवार सभक पहिल आधिकारिक सूची जारी होएबाक प्रतीक्षा कयल जा रहल अछि।

### सपा-कांग्रेस गठबंधन पर अटकल

चुनाव मे समाजवादी पार्टी आ कांग्रेसक गठबंधनक मामिला फिलहाल अटकल मे पड़ल अछि। कांग्रेस आ समाजवादी पार्टीक बीच सीट बंटवारा कें लए कए तनातनी चलि रहल अछि। बताओल जाइत अछि जे कांग्रेस 150 सं 200 सीटक मांग कए रहल अछि। दोसर दिस, सपा एतेक सीट देबाक लेल तैयार नहि बताओल जा रहल अछि। हालांकि, सपा आ कांग्रेस दुनूक लेल गठबंधन करब जरूरी मानल जा रहल अछि। खबरक अनुसार, दुनू दल अलग-अलग चुनाव लड़ि कए सफलता हासिल करबाक स्थिति मे नहि होएबाक आकलन कए रहल अछि। एहन स्थिति मे संभावना जताओल जा रहल अछि जे सपा आ कांग्रेस चुनाव नजदीक अयलाक बादे अपन उम्मीदवार सभक घोषणा करत।

### बीजेपी मे उम्मीदवारक चयन लेल पैघ तैयारी

सत्ताधारी बीजेपी आ एनडीए गठबंधनक सहयोगी दल सभक बीच सेहो सीट बंटवारा कें लए कए खींचतान चलि रहल अछि। एहि बीच बिहार मे बीजेपीक सहयोगी दल जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) उत्तर प्रदेश मे 60 सीट पर चुनाव लड़बाक इच्छा जाहिर कए देने अछि। एहन स्थिति मे बीजेपी कें सहयोगी दल सभक संग सीट बंटवाराक मामिला मे बहुत बातचीत करए पड़ि सकैत अछि। हालांकि, बीजेपीक तैयारी लगातार चलि रहल अछि। पार्टी भले उम्मीदवार सभक घोषणा देर सं करए, मुदा प्रत्येक उम्मीदवारक चयनक पाछू कई स्तर पर कयल गेल सर्वे रहत।

### बसपा लेल अस्तित्वक लड़ाइ

उत्तर प्रदेश विधानसभा मे कुल 403 सीट अछि। मायावती एहि मे करीब एक-चौथाइ, अर्थात 100 सीट लेल उम्मीदवार तय कए लेने छथि। चुनाव सं करीब पांच मास पहिने उम्मीदवार तय भेला सं एहि सीट सभ पर घोषित प्रभारी सभ कें क्षेत्र मे जमीनी तैयारी करबाक पर्याप्त समय भेटि गेल अछि। उत्तर प्रदेश मे बसपाक एखन ने कोनो विधायक अछि आ ने एमएलसी। संसदक दुनू सदन मे सेहो बसपाक कोनो प्रतिनिधि नहि अछि। एहन स्थिति मे उत्तर प्रदेशक आगामी चुनाव बसपा लेल अस्तित्वक लड़ाइ बनि गेल अछि। मायावती आब पार्टी कें बचएबाक आ फेर सं मजबूत बनेबाक संघर्ष मे जुटल छथि।

# यूपी मे तेसर मोर्चाक विकल्प ताकि रहल एआईएमआईएम विधानसभा चुनाव मे अखिलेशक चिंता बढ़ा सकैत छथि ओवैसी

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 के लए कए छोट-पैघ राजनीतिक दल सभ सक्रिय भए गेल अछि। हालांकि, एहि बेरक चुनाव मे क्षेत्रीय दल सभक भूमिका महत्वपूर्ण रहत। हैदराबादक सांसद असदुद्दीन ओवैसी एहि बात कें नीक जकां बुझि लेने छथि। एही कारण ओ उत्तर प्रदेश मे आब तेसर मोर्चाक विकल्प ताकि रहल छथि। यूपी मे मुस्लिम मतदाताक पैघ संख्या अछि, जे समाजवादी पार्टी (सपा) के वोट दैत रहल अछि। आब ओवैसीक नजरि एहि मुस्लिम वोट बैंक पर अछि। पिछला किछु दिन मे श्रावस्ती आ बहराइच सन जगह सभ पर जनसभा कए ओवैसी मुस्लिम मतदाता सभ कें अपना दिस आकर्षित करबाक प्रयास कयलनि। जं मुस्लिम वोट सपा सं हटैत अछि, तं अखिलेश यादवक लेल चुनौती बढ़ि सकैत अछि।

मुस्लिम मतदाता सभ कें एआईएमआईएम दिस आनबाक लेल ओवैसी लगातार प्रयास कए रहल छथि। एहि सिलसिला मे पार्टी प्रमुख असदुद्दीन ओवैसीक उत्तर प्रदेश, खास कए पूर्वांचलक जिला सभ मे दौरा तेज भए गेल अछि। रवि दिन आजमगढ़ मे सभा कए ओ पार्टी कार्यकर्ता सभ कें चुनाव लेल तैयार रहबाक आह्वान कयलनि। उल्लेखनीय अछि जे वर्ष 2022 के विधानसभा चुनाव मे एआईएमआईएम सक्रिय भागीदारी





कयने छल। पार्टी करीब 95 सीट पर अपन उम्मीदवार उतारने छल। ई अलग बात अछि जे कोनो उम्मीदवार जीत हासिल नहि कए सकल, मुदा कतेको सीट पर एआईएमआईएम प्रत्याशी चुनावी परिणाम कें प्रभावित करबाक स्थिति मे रहलाह। एहि बेर सेहो पार्टी चुनावी तैयारी तेज कए देने अछि। ओवैसीक पार्टी एआईएमआईएम बहराइचक मटेरा आ श्रावस्तीक भिनगा सीट सं अपन उम्मीदवारक घोषणा सेहो कए देने अछि। पार्टी अध्यक्ष असदुद्दीन ओवैसी हालहि मे कतेको जिला मे सभा कयने छथि।

पार्टीक पूरा ध्यान पूर्वांचलक जिला सभ पर अछि। एतय पार्टीक संगठन सेहो सक्रिय अछि आ लोक सभ कें पार्टी सं जोड़बाक प्रयास कयल जा रहल अछि। कानपुरक एकटा विधानसभा सीट पर पार्टी चुनावी परिणाम कें प्रभावित करबाक स्थिति मे अछि। एतय पिछला दू चुनाव सं पार्टी अपन उम्मीदवार उतारैत आबि रहल अछि। पार्टी समान विचारधारा बला दल सभक संपर्क मे सेहो अछि। समाजक विभिन्न वर्गक लोक सभ कें जोड़बाक प्रयास जारी अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष शौकत अली कहैत छथि जे हुनका सभक तैयारी पूरा अछि। हुनकर कहब छनि जे गैर-एनडीए आ इंडिया गठबंधन सं अलग सेहो दल सभ अछि। क्षेत्रीय दल सभ कें संग लए कए तेसर मोर्चा बनबाक विकल्प सेहो अछि।

पार्टी एखन विकल्प ताकि रहल अछि। क्षेत्रीय आधार पर सक्रिय सामाजिक समूह सभ कें सेहो एकजुट कयल जा रहल अछि। प्रदेश अध्यक्ष शौकत अलीक कहब अछि जे हुनकर पार्टी मुद्दा आधारित राजनीति करैत अछि। समाजक गरीब आ कमजोर वर्ग कें पार्टी सं जोड़ल जा रहल अछि आ हुनकर अधिकारक आवाज उठाओल जाइत अछि। पार्टी आगामी विधानसभा चुनाव मे सक्रिय रूप सं भाग लेत, चाहे कोनो दलक संग गठबंधन हो वा नहि। शौकत अलीक अनुसार, पैघ दल सभक बदला छोट-छोट दल आ सामाजिक संगठन सभ कें जोड़ि कए तेसर मोर्चा बनेबाक प्रयास कयल जा सकैत अछि। हुनकर दावा अछि जे एहन मोर्चा चुनावी परिणाम कें प्रभावित करबाक स्थिति मे रहत।

# कखनो हां, कखनो नहि, मोदी सरकार मे चिराग पासवान आखिर कोन राजनीतिक चालि चलि रहल छथि

चिराग पासवान एखन जाहि तरहे बयान दए रहल छथि, ताहि सं राजनीतिक विश्लेषक सभक मन मे सवाल उठि रहल अछि जे आखिर ओ कोन राजनीतिक रणनीति पर काज कए रहल छथि। हुनकर हालक बयान सभ एहन संकेत दैत अछि जेना ओ एहि कहबी पर चलि रहल होथि, ह्यदू नाव पर सवारी करू, एक डूबय तं दोसर पर चढ़ि जाउ ह्ल ई हम नहि, बल्कि हुनकर हालक बयान कहि रहल अछि। दिल्ली मे कॉकरोच जनता पार्टीक प्रदर्शन कें लए कए चिराग पासवान सोनीपत मे एकटा बयान देने छलाह। मुदा पटना पहुंचिते ओ एहि बयानक विपरीत बात कहलनि। हालांकि, हुनकर बयान सभ एतेक जटिल नहि छल जे ओकर राजनीतिक विश्लेषण नहि कयल जा सकय। चिराग पासवान पटना मे कहलनि, देखू, भारत दुनिया के सब सं पैघ लोकतंत्र अछि। लोकतंत्र मे आंदोलन आ शांतिपूर्ण प्रदर्शन करबाक अनुमति हमेशा सं रहल अछि। हम सभ एहन आंदोलन आ प्रदर्शन कें जायज मानैत रहल छी, जतए शांतिपूर्ण तरीका सं आंदोलन कयल गेल हो। हमर पिता रामविलास पासवान सेहो जेपी आंदोलन सं निकलल छलाह। मुदा एहन स्थिति मे जं कोनो प्रदर्शनक आड़ि मे किछु असामाजिक तत्व अपन राह तकबाक



काज करैत अछि, तं निश्चित रूप सं जरूरी अछि जे एहन चेहरा सभ कें सेहो चिन्हल जाए। जे मात्र हिंसा बढ़ेबाक, अराजकताक माहौल बनेबाक आ भारत मे असामाजिक तत्व सभ कें बढ़ावा देबाक सोचि कए आगू अबैत अछि, तिनका सेहो चिह्नित कयल जेबाक चाही।

**सोनीपत मे चिराग पासवान की कहलनि :** सोनीपत मे एनआईएफटीईएमक सातम दीक्षांत समारोह मे चिराग पासवान कहलनि, ई भारतक युवा छथि, प्रभु! हुनका केओ नहि रोकि सकैत अछि। जे लोक एहन भ्रम फैलेबाक प्रयास करैत छथि, हुनका सभ कें बुझबाक चाही जे के कतेक ट्रेन रोकत, के कतेक कनेक्टिविटी रोकत आ के कतेक सड़क जाम करत? भारतक युवा दुनिया के रास्ता देखेबाक क्षमता रखैत छथि। पीढ़ी दर पीढ़ी युवा सभ ई काज करैत आबि रहल छथि। एहन स्थिति मे केओ हुनका नहि रोकि सकैत अछि। चिराग पासवान नीक जकां जनैत छथि जे युवाक शक्ति कतेक पैघ होइत अछि आ हुनकर वोट कोनो चुनावक परिणाम कें कतेक प्रभावित कए सकैत अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, जिनका चिराग पासवान अपन हनुमान कहैत रहल छथि, ओहो युवाक पक्ष मे ठाढ़ भेलाह आ हुनका हेलो फ्रेंड्स कहि संबोधित कयलनि। एहन स्थिति मे चिराग पासवानक राजनीतिक रणनीति ई बुझाइत अछि जे युवा सभक आलोचना नहि कयल जाए, बल्कि युवा सभक चेहरा बनि रहल नेता सभ पर निशाना साधल जाए। एहि संदर्भ मे कॉकरोच जनता पार्टीक अभिजीत दीपकेक नाम सेहो सामने अबैत अछि। चिराग पासवानक रणनीति फिलहाल सोचि–समझि कए बनाओल गेल बुझाइत अछि।

# हरेलाल महतोक बीजेपी मे जेबाक बाद हलचल आजसूक गढ़ मे सेंध या बीजेपीक संगठनक विस्तार?

झारखंडक राजनीति मे गठबंधनक मजबूरी आ सहयोगी दल सभक बीच शक्ति संतुलनक सवाल एक बेर फेर चर्चा मे आबि गेल अछि। भारतीय जनता पार्टी (बीजेपी) आ ऑल झारखंड स्टूडेंट्स यूनियन (आजसू) राज्य मे सहयोगी दल अछि, मुदा ईचागढ़ मे आजसू के प्रमुख नेता हरेलाल महतो के बीजेपी मे शामिल होएबाक घटनाक्रम दुनू दलक संबंधक एकटा अलग आ संवेदनशील पहलू कें सामने अनैत अछि। एहि घटनाक्रमक बाद जमशेदपुर आ आसपासक राजनीतिक गलियारा मे चर्चा तेज भए गेल अछि। सवाल उठि रहल अछि जे की बीजेपी आब मात्र गठबंधनक सहारे आगू बढ़बाक बदला ओहि क्षेत्र सभ मे अपन संगठन मजबूत करय पर जोर दए रहल अछि, जतए आजसू के पारंपरिक राजनीतिक आधार रहल अछि? हरेलाल महतो के बीजेपी मे प्रवेश एहि सवाल कें महत्वपूर्ण बना देने अछि।

आजसू के टिकट पर ईचागढ़ सं चुनाव लड़ि चुकल आ पार्टीक केंद्रीय महासचिव रहल हरेलाल महतो 26 सितंबर के पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सं इस्तीफा देने छलाह। तकर बाद 11 अक्टूबर के औपचारिक रूप सं बीजेपी मे शामिल भए गेलाह। बीजेपी आ आजसू के संबंधक जटिलता बुझबाक लेल चुनावी गठबंधन आ संगठनक विस्तारक भेद कें बुझब जरूरी अछि। चुनावी गठबंधन मे सीट बंटवारा आ सरकार बनेबाक समय आपसी सहयोग एकटा अलग विषय अछि, जखनकि दुनू



दल द्वारा अपन-अपन संगठनक विस्तार करब स्वतंत्र राजनीतिक प्रक्रिया अछि। जं बीजेपी आजसू के प्रभाव बला क्षेत्र सभ मे अपन जनाधार बढ़ेबाक आ स्थानीय स्तर पर प्रभावशाली नेता सभ कें जोड़बाक प्रयास करैत अछि, तं एकर सीधा असर गठबंधनक आंतरिक राजनीति पर पड़ि सकैत अछि। हरेलाल महतो कें अपना संग जोड़बाक बाद बीजेपी कें स्थानीय स्तर पर पहिने सं स्थापित राजनीतिक संपर्क आ कार्यकर्ता नेटवर्कक लाभ भेटि सकैत अछि। दोसर दिस, आजसू लेल अपन नेता आ कार्यकर्ता सभ कें संगठन मे बनौने रखब पैघ चुनौती बनि गेल अछि। हालांकि, राजनीतिक जानकार सभक मानब अछि जे एहि घटनाक्रम कें दुनू दलक बीच सीधा टकरावक बदला बदलैत राजनीतिक हित आ शक्ति संतुलनक रूप मे देखब बेसी तर्कसंगत होयत।

### सुदेश महतो लेल की अछि संकेत?

एहि घटनाक्रमक बाद आजसू अध्यक्ष सुदेश महतो के सोझां अपन संगठनक एकजुटता आ स्वतंत्र राजनीतिक पहचान बनौने रखबाक दोहरा चुनौती ठाढ़ भए गेल अछि। आजसू के वास्तविक ताकत मात्र चुनावी समझौता तक सीमित नहि अछि, बल्कि एहि बात पर निर्भर करैत अछि जे पार्टी अपन जनाधार बला क्षेत्र सभ मे कार्यकर्ता सभ कें कतेक एकजुट राखि पबैत अछि। हरेलाल महतो के पार्टी छोड़लाक तुरंत बाद आजसू ईचागढ़ मे कार्यकर्ता सम्मेलन आयोजित कए संगठन कें जमीनी स्तर पर मजबूत करबाक संदेश देलक। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे पार्टी एहि घटनाक्रमक जवाब बयानबाजी के बदला संगठनात्मक सक्रियता सं देबाक रणनीति पर काज कए रहल अछि।

### विलयक चर्चा आ भविष्यक राह

राजनीतिक गलियारा मे ई चर्चा सेहो चलि रहल अछि जे बीजेपी भविष्य मे आजसू संग संबंध कें नव दिशा देबाक प्रयास कए सकैत अछि आ दुनू दलक विलयक संभावना पर सेहो विचार भए सकैत अछि। हालांकि, बीजेपी दिस सं सुदेश महतो कें विलय संबंधी कोनो औपचारिक संदेश देल जेबाक अथवा एहि दिशा मे कोनो निर्णय लेल जेबाक आधिकारिक पुष्टि नहि भेल अछि। फिलहाल पैघ सवाल ई अछि जे बीजेपी आ आजसू आगू अपन संबंध कें कोन दिशा मे लए जायत। की दुनू दल अपन-अपन स्वतंत्र संगठनात्मक पहचान सुरक्षित रखैत मात्र चुनावी सहयोग जारी रखत, वा बदलैत राजनीतिक समीकरण हुनका सभक संबंध मे कोनो नव अध्याय शुरू करत? एकर जवाब आबय बला समय मे स्पष्ट होयत।

# छूटल मतदाताक नाम जोड़बाक लेल 16 आ 17 अक्टूबर कें विशेष शिविर

## डीएम कयलनि राजनीतिक दल संग बैसार

समस्तीपुर, समदिया




विशेष गहन पुनरीक्षणक बाद मतदाता सूची मे नाम जोड़बा सं वंचित रहि गेल मतदातासभक पंजीकरण लेल जिला प्रशासन विशेष अभियान चलाओत। एहि संबंध मे समाहरणालय मे जिला निर्वाचनपदाधिकारी-सह-जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे सभ राजनीतिक दलक प्रतिनिधिसभक संगबैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे भारत निर्वाचन आयोगक निर्देशसभक अनुपालन पर चर्चा भेल। बैसार मे बताओल गेल जे जेहन मतदाताक नाम कोनो कारण सं विशेष गहन पुनरीक्षणक बाद प्रकाशित आखरी मतदाता सूची मे नहि अछि आ सतत अद्यतीकरणक दौरान सेहो पंजीकरण नहि भए सकल अछि, ओ पात्रता पूरा करबाक स्थिति मे प्रपत्र-6 भरि आवेदन कए सकैत छथि। आवेदनक आधार पर पंजीकरणक कारबाइ कयल जायत। एहि संबंध मे सूची तैयार कए बूथ लेवल अधिकारी (बीएलओ) अपन मतदान केंद्रक बूथ लेवल एजेंट (बीएलए) कें प्राप्ति सहित हस्तगत करओता। एहि प्रक्रियाक लेल पंजीक संधारण सेहो कयल जायत। निर्णय लेल गेल जे सभ विधानसभा क्षेत्रक मतदान केंद्र पर 16 आ 17अक्टूबर कें विशेष शिविर लगाओल जायत। शिविर मे प्रमुख कार्यसभक वीडियोग्राफी कराओल जायत। एतय प्रपत्र-6, 7, 8 आ आवश्यक पंजी पर्याप्त संख्या मे राखब अनिवार्य होयत। प्रपत्र-6 भरयवला आवेदक आ वर्तमान मतदाता सूची मे नाम रहबाक संबंध मे टेस्टिमोनियल तैयार करबाक प्रक्रिया सेहो चलि रहल अछि। बीएलओ पर्यवेक्षक प्रतिदिन बीएलओक काजक निगरानी करताह आ पंजीक निरीक्षण करताह। शिविरक दिन निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी आ सहायक निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी स्वयं क्षेत्र भ्रमण कए काजक समीक्षा करताह। राजनीतिक दल सभ सं स्वयं अथवा अपन बीएलएक माध्यम सं शिविर मे पहुंचि सहयोग करबाक अपील कयल गेल। किछु राजनीतिक दल छठ पर्वक बादो विशेष शिविर आयोजित करबाक सुझाव देलनि। बैसार मे भाजपा अध्यक्ष सूर्य शेखर प्रसाद मंडल, राजद अध्यक्ष सत्यविंद पासवान, जदयू अध्यक्ष अनस रिजवान, कांग्रेस अध्यक्ष उपेंद्र नाथ तिवारी, लोजपा (रामविलास) अध्यक्ष अनुपम कुमार सिंह, रालोसपा अध्यक्ष अनंत कुशवाहा, बसपा उपाध्यक्ष विजय कुमार यादव, भाकपा माले अध्यक्ष उमेश कुमार, माकपा अध्यक्ष रामाश्रय महतो, आम आदमी पार्टी अध्यक्ष आलोक कुमार सहित निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी आ उप निर्वाचन पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# डीआईजीक जनता दरबार मे 14 परिवादी पहुंचलाह, समस्याक शीघ्र समाधानक निर्देश

सहरसा, समदिया




कोसी क्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक (डीआईजी) कुमार आशीषक जनता दरबार मे सोमदिन सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिलाक कुल 14 परिवादी अपन-अपन समस्या लए' कय पहुंचलाह। एहि दौरान डीआईजी सभ परिवादीक शिकायत गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ समस्याक त्वरित निष्पादन लेल संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। जनता दरबार मे पहुंचल परिवादी सभ अपन विभिन्न समस्या आ शिकायत सं डीआईजी कें अवगत करौलनि। पुलिस उपमहानिरीक्षक सभ मामिला कें गंभीरता सं लैत संबंधित अधिकारी सभ कें शिकायतक जांच करबाक, नियमानुसार आवश्यक कारबाइ करबाक आ समस्याक शीघ्र समाधान सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। डीआईजी कुमार आशीष संबंधित पदाधिकारी सभ कें शिकायतसभक निष्पादन मे तत्परता बरतबाक आ परिवादी सभ कें आवश्यक राहति उपलब्ध करयबाकलेल निर्देशित कयलनि। जनता दरबारक माध्यम सं लोक कें अपन समस्या सीधे पुलिसक वरीयअधिकारीक समक्ष रखबाक अवसर भेटैत अछि। उल्लेखनीय अछि जे कोसी क्षेत्रीय कार्यालय मे प्रत्येक सोमदिन आ शुक्रदिन जनता दरबारक आयोजनकयल जाइत अछि। एकर मुख्य उद्देश्य आम लोकक समस्या सीधे सुनब आ ओकर त्वरित निराकरणसुनिश्चित करब अछि। एहि पहल सं सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिलाक लोक अपन शिकायत आ समस्या पुलिसक वरीय अधिकारीसभक समक्ष राखि सकैत छथि। जनता दरबारक माध्यम सं पुलिस प्रशासन आम लोकक शिकायतक समाधान, जवाबदेही आ जनसमस्याक त्वरित निष्पादनक दिशा मे प्रयास क' रहल अछि। एहि व्यवस्था सं परिवादी सभ कें अपन समस्या रखबाक सीधा मंच भेटैत अछि आसंबंधित मामिला मे कारबाइक प्रक्रिया आगू बढ़ेबा मे सहायता भेटैत अछि।

# राहुल गांधीक विरोध मे भाजपा कार्यकर्ताक पुतला दहन, जवाबदेही तय करबाक मांग

दरभंगा, समदिया



जेएनयू प्रोफेसर आ कांग्रेस सांसद डॉ. बिमोल अकोइजम पर लागल यौन उत्पीड़नक आरोप कें लए' भाजपा कार्यकर्ता सभ दरभंगा मे विपक्षी नेता राहुल गांधी कें पुतला दहन कयलनि। आयकर चौराहापर भाजपा जिलाध्यक्ष उपाध्यक्ष अभयानंद झाक नेतृत्व मे भेल एहि प्रदर्शन मे कार्यकर्ता सभ कांग्रेस नेतृत्व पर सवाल उठबैत जवाबदेही तय करबाक मांग कयलनि। प्रदर्शनकारी सभ राहुल गांधी आ कांग्रेस नेतृत्वक विरुद्ध नारेबाजी कयलनि। भाजपा जिला उपाध्यक्ष अभयानंद झा कहलनि जे मई 2026 मे जेएनयू केर 11 छात्रा कांग्रेस सांसद डॉ. बिमोल अकोइजमक विरुद्ध यौन उत्पीड़नक शिकायत दर्ज करौने रहथि। 9 अक्टूबर कें विश्वविद्यालय द्वारा हुनका नौकरी सं बर्खास्त कयल जेबाक खबरि सेहो सामने आयल। एहि घटनाक्रम सं गंभीर सवाल उठैत अछि। मीडिया रिपोर्ट मे अनुचित टिप्पणी आ अनचाहा शारीरिक संपर्कजेकां आरोपक चर्चा सेहो भेल अछि। अभयानंद झा राहुल गांधी आ कांग्रेस नेतृत्व सं सवाल कयलनि जेमहिला सम्मानक बात करयवला कांग्रेस अपन सांसद पर लगल गंभीर आरोपक मामिला मे जवाबदेहीसुनिश्चित करबाक लेल की कदम उठा रहल अछि। हुनकर कहब छलनि जे जखन सवाल अपन पार्टीक सांसद पर उठैत अछि, तखन कांग्रेस नेतृत्वक जवाबदेही कतय चलि जाइत अछि। ओ एहि मामिला मे कांग्रेसक चुप्पी पर सेहो सवाल उठौलनि। भाजपा महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष सपना भारती कहलनि जे राहुल गांधी कें ओहि छात्रासभक प्रति जवाबदेही देखेबाक चाही, जे देशक प्रतिष्ठित विश्वविद्यालय जेएनयू मे शिक्षा ग्रहण करबाक लेल आयल छलीह। ओ आरोप लगौलनि जे कांग्रेस नेतृत्वक चुप्पी सं महिलासुरक्षा आ सम्मान सं जुड़ल सवाल उठि रहल अछि। सपना भारती प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मेमहिला आरक्षण लेल कयल जा रहल प्रयासक उल्लेख करैत कांग्रेसक भूमिकापर सेहो सवाल उठौलनि। ओ कहलनि जे महिला सम्मान आ पीड़ित छात्रा सभ कें न्याय देबाक मुद्दापर राहुल गांधी अपन स्थिति स्पष्ट करथि। पुतला दहन कार्यक्रम मे भाजपा जिला महामंत्री सुजीत मल्लिक, बालेंदु झा, युवा मोर्चाक जिलाध्यक्ष मुकेश महासेठ, मीना झा, अमरनाथ सिंह, गजेंद्र मंडल, सौरभ सुमन, संतोष झा, पिंटू भंडारी, रिंकू महथा, रेखा देवी, मनीष अग्रवाल, वंदना देवी, मीरा देवी, मुन्नी देवी, रवि चंद्रवंशी, अजय यादव, जय भारद्वाज आ विकास साहु सहित आन कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# स्नातक युवाक सक्रिय भागीदारी चुनाव मे जरूरी : सीए आदित्य झा

मनीगाछी, समदिया



दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक प्रत्याशी सीए आदित्य कुमार झा कहलनि जे चुनाव मे स्नातक युवाक सक्रिय भागीदारी आवश्यक अछि। युवासभक समस्या गंभीरतापूर्वक बुझब आ ओकर स्थायी समाधानकदिशा मे ईमानदारी सं पहल करब हुनकर प्राथमिकता अछि। सार्वजनिक जीवन मे निष्ठा आ ईमानदारीक विशेष महत्व होइत अछि। चुनावी जनसंपर्क अभियानक क्रम मे सीए आदित्य कुमार झा कहलनि जे पढ़ल-लिखल युवासभक कतेको समस्या दशक सं बनल अछि। एहि समस्यासभक समाधान लेल ठोसपहल आ सकारात्मक सोचक आवश्यकता अछि। स्नातक मतदाता सभ सं संवाद करैत ओ हुनकर अपेक्षा बुझबाक आ हित मे निरंतर प्रयास करबाक भरोस देलनि। अपन चुनावी दौराक क्रम मे ओ मनीगाछी प्रखंडक नेहरा महाविद्यालय, राघोपुर स्थित प्लस टू उच्च विद्यालय, जेतुका गेना सहित विभिन्न स्थानपर पहुंचलाह। ओतय ओ स्नातक आ शिक्षक मतदाता सभ सं जनसंपर्क कयलनि आ हुनकर समस्या तथा अपेक्षा सभ पर चर्चा कयलनि। आदित्य कुमार झा मतदाता सभ सं सकारात्मक सोचक संग एक बेर सेवा करबाक अवसर देबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे युवासभक आकांक्षा कें उचित प्रतिनिधित्व देब आ हुनकर समस्या कें संबंधित मंच पर उठायब जरूरी अछि। हुनकर कहब छलनि जे युवासभकसमस्या मात्र सुनब पर्याप्त नहि, बल्कि ओकर स्थायी समाधान लेल गंभीरता आ ईमानदारी सं प्रयासकरब आवश्यक अछि।

# डिजिटल लोकतंत्र मे नैतिक पत्रकारिता लोकतंत्र कें बनबैत अछि मजबूत

## एलएनएमयू मे संगोष्ठी आ भाषण प्रतियोगिता आयोजित, सेलिना कुमारी प्रथम

दरभंगा, समदिया



ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय (एलएनएमयू) के विश्वविद्यालय अंग्रेजी विभागक तत्वावधान मे डिजिटल लोकतंत्र मे सार्वजनिक सूचनाक मीडिया जिम्मेदारी आ नैतिकता विषय पर संगोष्ठी आ भाषणप्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य विद्यार्थीसब मे मीडियाक सामाजिक जिम्मेदारी,सूचनाक विश्वसनीयता आ नैतिक पत्रकारिताक प्रति जागरूकता विकसित करब छल। कार्यक्रमक मुख्यअतिथि विश्वविद्यालयक जनसंपर्क पदाधिकारी डॉ. आरएन चौरसिया कहलनि जे पत्रकारिता आ नैतिकताएक-दोसराक पूरक अछि। नैतिक पत्रकारिता सामाजिक परिवर्तनक सशक्त माध्यम अछि। वर्तमान समय मे पत्रकारिता मे सत्यनिष्ठा, निष्पक्षता, स्वतंत्रता आ मानवीय संवेदनशीलताक आवश्यकता बढ़ि गेल अछि। पत्रकारक धर्म सत्य कें सामने आनब, अन्यायक विरुद्ध आवाज उठायब आ जनहितक रक्षा करब अछि। नैतिक पत्रकारिता लोकतंत्र कें मजबूत बनयबाक संग सरकार आ प्रशासनक जवाबदेही सेहोसुनिश्चित करैत अछि। अध्यक्षीय संबोधन मे मानविकी संकायाध्यक्ष सह अंग्रेजी विभागाध्यक्ष प्रो. पुनिता झा कहलनि जे पत्रकार आम जनता आ शासन-प्रशासनक बीच संवादक महत्वपूर्ण कड़ी छथि। पत्रकारिताक विश्वसनीयता ओकर नैतिकतापर निर्भर करैत अछि। डिजिटल युग मे पत्रकारिताक समक्षकतेको नव चुनौती सेहो उभरि रहल अछि, जाहि पर गंभीरतापूर्वक विचार करबाक आवश्यकता अछि।भाषण प्रतियोगिता मे विद्यार्थीसब फेक न्यूज, भ्रामक सूचना, सोशल मीडिया, अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता आ मीडियाक निष्पक्षता जेकां विषय पर अपन विचार रखलनि। प्रतियोगिता मे सेलिना कुमारी प्रथम, संगीता कुमारी द्वितीय आ साहिल कुमार सिंह तथा श्रेया श्री संयुक्त रूप सं तृतीय स्थान प्राप्त कयलनि।कार्यक्रमक उद्घाटन छात्र कल्याण अध्यक्ष प्रो. अशोक कुमार मेहता कयलनि। निर्णायक मंडल मे हिंदीविभागक डॉ. मंजरी खरे आ राजनीति विज्ञान विभागक डॉ. नीतू कुमारी शामिल छलीह। कार्यक्रमकसंचालन डॉ. वीरेंद्र कुमार मिश्रा, स्वागत डॉ. नवीन कुमार सिंह आ धन्यवाद ज्ञापन डॉ. संकेत कुमार झाकयलनि। एहि अवसर पर विभागक शिक्षक आ छात्र-छात्रा सभ उपस्थित छलाह।

# जनसमस्याक त्वरित निष्पादनक निर्देश, डीएम कयलनि जन संवाद

समस्तीपुर, समदिया



आम नागरिकक समस्याक त्वरित समाधान आ प्रशासन तथा जनताक बीच सीधा संवाद स्थापित करबाक उद्देश्य सं सोमदिन समाहरणालयक सभाकक्ष मे जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे जन संवाद कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं आयल नागरिक अपन व्यक्तिगत आ सार्वजनिक समस्या सं जुड़ल आवेदन प्रस्तुत कयलनि। जिलाधिकारी एक-एक आवेदकक बात गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित मामिला मे नियमानुसार कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। जन संवाद मे भूमि विवाद, दाखिल-खारिज, परिमार्जन, अतिक्रमण, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, प्रधानमंत्री आवास योजना, राशन कार्ड, बिजली, सड़क, पेयजल, शिक्षा आ स्वास्थ्य सहित विभिन्न विभाग सं जुड़ल समस्या उठाओल गेल।जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे प्राप्त आवेदनसभक गंभीरतापूर्वक समीक्षा कयनिष्पक्ष, पारदर्शी आ समयबद्ध तरीका सं निष्पादन सुनिश्चित करथि। ओ कहलनि जे शिकायतक समाधान मे कोनो स्तर पर लापरवाही अथवा अनावश्यक विलंब बर्दाश्त नहि कयल जायत। जिलाधिकारी कहलनि जे जे समस्या जिला, अनुमंडल अथवा प्रखंड स्तर पर सुलझाओल जा सकैत अछि, तकर शीघ्रनिष्पादन कयल जाए। ओतहि जाहि मामिला मे स्थल निरीक्षण, जांच अथवा विभिन्न विभागक बीच समन्वयक आवश्यकता अछि, ताहू मे निर्धारित समय-सीमाक भीतर कारबाइ सुनिश्चित हो। ओ अधिकारी सभ कें कयल गेल कारबाइक नियमित समीक्षा करबाक आ समस्या निष्पादनक बाद आवेदक कें सूचितकरबाक निर्देश सेहो देलनि। प्रशासनक उद्देश्य नागरिकसभक समस्याक संवेदनशीलताक संग समाधानकय हुनका बेर-बेर सरकारी कार्यालयक चक्कर लगयबाक परेशानी सं राहति देब अछि।

# पीएम सूर्य घर योजना लेल कल्याणपुर विद्युत उपकेंद्र मे जागरूकता बैसार



समस्तीपुर, समदिया

पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना कें जन-जन धरि पहुंचय आ उपभोक्ता सभ कें एहि योजनाक लाभ सं अवगत करयबाक उद्देश्य सं कल्याणपुर विद्युत शक्ति उपकेंद्र मे विशेष जागरूकता बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे अधिक सं अधिक उपभोक्ता कें योजना सं जोड़बाक आ आवेदनक संख्या बढ़ेबाक मुद्दापर चर्चा कयल गेल। बैठकक दौरान उपभोक्ता सभ कें घरक छत पर रूफटॉप सोलर पैनल लगयबाक फायदा, सरकारक तरफ सं देल जा रहल अनुदान आ आवेदन करबाक पूरा प्रक्रियाक विस्तृत जानकारी देल गेल। अधिकारी सभ उपभोक्ता सभ कें योजनाक लाभ उठेबाक लेल प्रेरित कयलनि, जाहि सं ओ सौर ऊर्जाक उपयोग कय बिजली खर्च मे कमी आनबाक दिशा मे आगू बढ़ि सकथि। बैसार मे बैंक सं जुड़ल समस्या सभ पर विशेष चर्चा कयल गेल। उपभोक्ता सभ कें ऋण लेबा मे होइत परेशानी दूर करबाक उपाय पर विचार कयल गेल, जाहि सं योजना लेल आवेदन करयवला लोक कें वित्तीय प्रक्रिया पूरा करबा मे सुविधा हो। योजनाक प्रचार-प्रसार तेज करबाक लेल वेंडरसभक संग सेहो विशेष चर्चा कयल गेल। उद्देश्य अछि जे योजनाकजानकारी अधिक सं अधिक लोक धरि पहुंचय आ पात्र उपभोक्ता रूफटॉप सोलर लगयबाक लेल आगू आबथि। बैसार मे विभागीय अधिकारी, कर्मचारी आ पैघ संख्या मे उपभोक्ता उपस्थित छलाह।

# उच्चैठ भगवती स्थान मे विराजैत छथि मां छिन्नमस्तिका भवानी, भक्तक झोली भरैत छथि भगवती

बेनीपट्टी, विद्याधर झा

## कालिदास एतहि मां दुर्गाक आशीर्वाद पाबि महामूर्ख सं महाविद्वान बनल छलाह



शारदीय नवरात्र शुरू होइतहि मिथिलाक प्रसिद्ध शक्तिपीठ सभ मे भक्तिक माहौल बनल अछि। नवरात्रक दोसर दिन भक्त सभ मां ब्रह्मचारिणीक पूजा-अर्चना कयलनि। एहि बीच विश्वप्रसिद्ध सिद्धपीठ उच्चैठ भगवती स्थान मे मां उच्चैठवासिनीक दर्शन आ पूजा-अर्चना लेल प्रतिदिन हजारोश्रद्धालु पहुंचि रहल छथि। मान्यता अछि जे मां छिन्नमस्तिका भवानी अपन दरबार मे आबयवला भक्तसभक मनोकामना पूर्ण करैत छथि। जिला मुख्यालय सं करीब 30 किलोमीटर आ अनुमंडल मुख्यालय सं मात्र 5 किलोमीटर दूर स्थित उच्चैठ भगवती स्थानक पौराणिक आ ऐतिहासिक महत्व रहल अछि। एतय मां दुर्गा करीब ढाई फीट ऊंच शिलाखंड पर सिंह आ कमलासन पर विराजमान छथि। प्रतिमा मे मस्तक नहि रहबाक कारण श्रद्धालु हुनका मां छिन्नमस्तिका कहैत छथि। भक्त सभ हुनका मां सिद्धिदात्रीक रूप मे सेहो पूजैत छथि।

– **कालिदास कें भेटल छल विद्वान बनबाक वरदानः** उच्चैठ भगवती स्थान सं जुड़ल एकटा प्रसिद्ध पौराणिक कथा महाकवि कालिदासक जीवन सं संबंधितअछि। मान्यता अछि जे अपन विदुषी पत्नी विद्योत्तमा सं तिरस्कृत भेलाक बाद कालिदास मां दुर्गाक शरण मे उच्चैठ पहुंचल छलाह। ओतय एकटा संस्कृत पाठशाला मे विद्यार्थीक भोजन बनेबाक काज करैत छलाह। कथाक अनुसार, एक बेर भयंकर बाढ़िक कारण मंदिर लग बहैत नदीक प्रवाह तेज भए' गेल। संध्याकालीन दीप जरयबाक लेल मंदिर जाइत छात्र सभ डराइत छलाह। ओ सभ कालिदास कें मंदिर मे दीप जरयबाक लेल पठौलनि आ सबूतक रूप मे कोनो निशानी आनबाक लेल कहलनि। कालिदास नदीपार कय मंदिर पहुंचलाह, पूजा कयलनि आ दीप जरौलनि। कथा कहैत अछि जे मंदिर मे निशानी छोड़बाक लेल ओ दीपक कालिख मां दुर्गाक मुख पर लगयबाक प्रयास कयलनि। तखने मां प्रकट भेलीह आ हुनकर भक्ति सं प्रसन्न भए वरदान मांगय लेल कहलथिन। कालिदास अपन जीवनक दुख सुनौलनि। मान्यता

अछि जे मां हुनका वरदान देलथिन जे ओ जाहि पुस्तक कें स्पर्श करताह, ओकर अक्षर हुनका याद भए' जायत। एहि वरदानक बाद कालिदास महामूर्ख सं महाविद्वान बनि गेलाह।

– **श्रीराम सेहो कयने छलाह पूजा-अर्चना** उच्चैठ भगवती स्थानक संबंध त्रेतायुग सं जोड़ल जाइत अछि। पौराणिक मान्यताक अनुसार, जनकपुर यात्राक क्रम मे मर्यादा पुरुषोत्तम श्रीराम एतय रुकि मां दुर्गाक पूजा-अर्चना कयने छलाह। मंदिरक पूब दिस श्मशान घाट आ सरोवर अछि। एतय आइयो तंत्र साधना कयल जाइत अछि।

– **भोर 3 बजे शुरू होइत अछि दर्शनः** उच्चैठ भगवती स्थान मे भोर करीब 3 बजे श्रृंगार आ आरतीक बाद श्रद्धालुसभक दर्शन शुरू होइत अछि। भक्त सभ अपन बारीक प्रतीक्षा कय क्रमशः मां भगवतीक दर्शन आ पूजा-अर्चना करैत छथि। सांझक महाआरतीक समय मंदिर परिसर मे श्रद्धालुक भीड़ उमड़ि पड़ैत अछि। नवरात्रक अवसर पर मंदिर मे भक्तिमय वातावरण बनल अछि आ दूर-दूर सं श्रद्धालु मां उच्चैठवासिनीक आशीर्वाद लेबाक लेल पहुंचि रहल छथि।

> » जनकपुर यात्राक क्रम मे श्रीराम सेहो कयने छलाह पूजा-अर्चना

# सहयोग पोर्टल पर लंबित 25 शिकायत समीक्षा, त्वरित निष्पादनक निर्देश

बेनीपट्टी, समदिया



सहयोग पोर्टल पर दर्ज लंबित शिकायत सभक निष्पादनक स्थिति समीक्षा करबाक लेल सोमदिन अपर समाहर्ता मुकेश रंजन झा बेनीपट्टी प्रखंड कार्यालय पहुंचलाह। एहि दौरान ओ संबंधित विभागक पदाधिकारीसभक मौजूदगी मे शिकायतकर्तासभक समस्या सुनलनि आ शिकायतक त्वरित निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। अपर समाहर्ता स्पष्ट कयलनि जे सहयोग पोर्टल पर दर्ज शिकायत सभ कें गंभीरता सं लैत नियमानुसार समाधान सुनिश्चित कयल जाए, जाहि सं लोक कें अपन समस्या सुलझेबाक लेल अनावश्यक रूप सं सरकारी कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य। प्राप्त जानकारीक अनुसार, सहयोग पोर्टल पर विभिन्न विभाग सं संबंधित करीब 25 शिकायत लंबित अछि। एहि शिकायत सभ मे ग्रामीण कार्य विभाग, शिक्षा विभाग, स्वास्थ्य विभाग, दाखिल-खारिज आ प्रधानमंत्री आवास योजना सहित आन मामिला सं जुड़ल शिकायत शामिल अछि। सोमदिन भेल समीक्षाक दौरान मात्र 4 शिकायतकर्ता उपस्थित भेलाह। एहि मे बनकट्टा-उड़ेन निवासी अमरेश लाल कर्ण आ बेहटा गांवक उर्मिला देवी सहित दू अन्यशिकायतकर्ता शामिल छलाह। चारू शिकायतकर्ता प्रधानमंत्री आवास योजना सं संबंधित समस्या लेल पोर्टल पर शिकायत दर्ज करौने छलाह। एडीएम शिकायतकर्ता सभक समस्या सुनलाक बाद संबंधित विभागीय पदाधिकारी सभ सं मामिलाक जानकारी लेलनि। ओ शिकायतक जांच कय नियमानुसार यथाशीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। संगहि लंबित मामिला मे अनावश्यक देरी नहि करबाक आ समस्या समाधान लेल आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि।

# गजल सम्राट जगजीत सिंहक याद मे बोकारो मे मेलोडियस सर्किल सजओलक सुरक महफिल

बोकारो,समदिया




सुप्रसिद्ध गज़ल गायक जगजीत सिंह के पुण्यतिथिक उपलक्ष्य मे रवि देर सांझ सेक्टर 6 मे मेलोडियस सर्किल द्वारा संगीत संध्याक आयोजन कय हुनका स्वरमयी श्रद्धांजलि देल गेल। अरुप कुमार मिश्रा के संयोजन मे आयोजित एहि कार्यक्रमक आरंभ सुप्रसिद्ध गायक अरुणपाठक, प्रसेनजीत शर्मा, जी आर मिश्रा, राजेंद्र शेखर, आनंद मिश्रा, राकेश व मोनू द्वारा जगजीतसिंह के तस्वीर पर माल्यार्पण व पुष्पार्चनक बाद दीप प्रज्ज्वलन सं भेल। अरुण पाठक कहलनिजे जगजीत सिंह अपन मखमली आवाज़ व सुमधुर गायकी सं गज़ल गायकी मे एकटा अलग मुकाम हासिल कयलनि। हुनक गाओल गीत आ गज़ल सभ सदियों धरि गुनगुनाओल जाइत रहत। राजेंद्र शेखर कहलनि जे गज़ल गायकी के जन-जन मे लोकप्रिय बनाबय मे जगजीत सिंहजी के अप्रतिम योगदान रहल अछि। अरुप मिश्रा कहलनि जे जगजीत सिंह जी के गायकी केकायल सभ रहलाह अछि। प्रसेनजीत शर्मा कहलनि जे हुनक गायकी मे जे सुकून भेटैत अछि से अद्भुत थिक। एहि अवसर पर कलाकार सभ जगजीत सिंह जी के गाओल किछु यादगार गीत-गज़लसभकसुमधुर प्रस्तुति सं हुनका स्वरमयी श्रद्धांजलि देलनि। गायक अरुण पाठक अंबे चरण कमल हैंतेरे..., तुम इतना जो मुस्कुरा रहे हो, क्या गम है जिसको छुपा रहे हो..., ये दौलत भी ले लो ये शोहरत भी ले लो.., होटों से छू लो तुम मेरा गीत अमर कर दो... व प्यार का पहला खत लिखने में वक्त तो लगता है सुनाकय सभहक वाहवाली लेलनि। अरुप कुमार मिश्रा ना कुछ था तो खुदा था..., जिंदगी में सदा मुस्कुराते रहो..., प्रसेनजीत शर्मा होश वालों को खबर क्या बेखुदी क्याचीज़ है...., गरज बरस प्यासी धरती पर फिर पानि दे मौला..., राजेंद्र शेखर होटों से छू लो...,आनंद मिश्रा तेरे आने की खबर महके..., मोनू ने तुमको देखा तो ये ख्याल आया..., प्रसेनजीत व अरुप अपनी आंखों के समंदर में उतर जाने दे...., आनंद मिश्रा व प्रसेनजीत शर्मा हम तो हैंपरदेस में देश में निकला होगा चांद... के सुंदर प्रस्तुति सं सभ कें आनंदित कयलनि। मोनू मिश्रा के धन्यवाद ज्ञापन सं कार्यक्रमक समापन भेल।

# पारसनाथक जंगल मे पांच किलोक केन बम आ 38 ग्रेनेड शेल भेटल

पारसनाथ,समदिया



पारसनाथ पहाड़ी क्षेत्र मे पुलिस आ सीआरपीएफक संयुक्त टीम तलाशी अभियान चला कए जेरुवाबेड़ा जंगल लग सं भारी मात्रा मे विस्फोटक सामग्री बरामद कयलक। एहि मे 5 किलो वजनक एकटा केन बम, लोहेक 38 अर्धनिर्मित ग्रेनेड शेल आ 35 मीटर कोडेक्स वायरक अतिरिक्त बिजलीक तार, ग्रेनेड बनाबय मे उपयोग होयबला अन्य सामग्री आ एकटा इमरजेंसीलाइट शामिल अछि।पुलिस कें आशंका अछि जे एहि सामग्रीक उपयोग कोनो वारदात के अंजाम देबा लेल कयल जासकैत छल। 10 अक्टूबरक राति एसपी डॉ. बिमल कुमार आ सीआरपीएफक 154म बटालियनक कमांडेंट सुनील दत्त त्रिपाठी कें एहि संबंध मे सूचना भेटल छल।एकरा बाद एसपी अपर पुलिस अधीक्षक (अभियान) सुरजीत कुमार आ सीआरपीएफक द्वितीय कमान अधिकारी अभिनव आनंदक नेतृत्व मे संयुक्त टीम गठित कयलनि। टीम जंगलकआसपास सघन तलाशी अभियान चलौलक। एहि दौरान विस्फोटक सामग्री बरामद भेल।बरामद सामग्री कतय सं आयल आ एकरा जंगल मे के नुकाकए रखने छल, पुलिस एकर जांचकए रहल अछि। क्षेत्र मे संदिग्ध गतिविधि सभ पर नजरि रखबाक संग तलाशी अभियान सेहो जारी अछि।

# वार्ड पार्षद सभ नगर परिषद कार्यालयक सोझां देलनि धरना, सड़क योजना मे गड़बड़ीक आरोप

## अध्यक्ष-उपाध्यक्ष कें बर्खास्त करबाक मांग

पाकुड़,समदिया




पाकुड़ नगर परिषद मे 2 करोड़ रुपैयाक सड़क योजनाक चयन मे नियमक पालन नहिहोयबाक आरोप लगबैत किछु वार्ड पार्षद नाराजगी जतौलनि। नाराज 8 वार्ड पार्षद अपन समर्थकसभक संग नगर परिषद कार्यालयक सोझां धरना देलनि।धरना मे शामिल पार्षद सभ अध्यक्ष, उपाध्यक्ष आ नगर परिषदक अधिकारी सभक विरुद्ध नारालगौलनि। ओ सभ अध्यक्ष-उपाध्यक्ष कें बर्खास्त करबाक आ योजना चयन मे भेल गड़बड़ीकजांच करयबाक मांग कयलनि।वार्ड पार्षद रूपाली सरकार, मो. असलम राजा हाड़ी, मिथुन मरांडी आ किरण लाल कपड़ी सहित आन पार्षद सभ बतौलनि जे 2 करोड़ रुपैयाक सड़क योजनाक चयन मे नियमक पालन नहि भेल। कतेको बेर आवेदन देलाक बादो कोनो कारबाइ नहि भेल। पार्षद सभ मांग कयलनि जे विभाग सं राय भेटय धरि 2 करोड़ रुपैयाक सड़क योजना सं संबंधित समझौता, कार्यादेश आ आगूक कारबाइ पर रोक लगाओल जाए। एहि संग स्थायीसमिति सं पारित 11 वार्डक योजनाक वैधता आ नियमक पालनक जांच सेहो कयल जाए।ओ सभ चेतावनी देलनि जे जं योजनाक चयन नियमक विरुद्ध पाओल जाइत अछि, तं टेंडररद्द कए सभ 21 वार्ड लेल नियमानुसार फेर सं योजनाक चयन कयल जाए। मांग सभ परकारबाइ नहि भेलापर ओ सभ अनिश्चितकालीन धरना, चक्का जाम आ कार्यालय मे तालाबंदीजेकां लोकतांत्रिक कार्यक्रम करबाक चेतावनी देलनि।ओतहि, नगर परिषदक कतेको आन वार्ड पार्षद सभ कहलनि जे योजनाक चयन मे कोनो प्रकारक नियमक अनदेखी नहि भेल अछि। जाहि वार्ड पार्षद अपन वार्ड सं संबंधित सड़क लेल प्रस्ताव देने छलाह, हुनकर प्रस्ताव पारित भेल अछि।

# नवरात्रि पर मिथिला महिला समिति सांस्कृतिक प्रस्तुतिसभक संग कयलक मां दुर्गाक आराधना

बोकारो,समदिया




प्रतिष्ठित सामाजिक व सांस्कृतिक संस्था मिथिला सांस्कृतिक परिषद्, बोकारो के इकाई मिथिला महिला समिति द्वारा नवरात्रिक अवसर पर परिषद द्वारा संचालित मिथिला एकेडमीपब्लिक स्कूल, सेक्टर 4 के विद्यापति सभागार मे सांस्कृतिक प्रस्तुतिसभक संग मां दुर्गाकआराधना कएल गेल। एहि अवसर पर मिथिला महिला समितिक दिस सं मिथिला एकेडमीपब्लिक स्कूल के 50 लीटर पानिक क्षमता बला दूटा वाटर फिल्टर डोनेट कएल गेल। समितिकअध्यक्ष पूनम मिश्रा आ सचिव आभा झाक नेतृत्व मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे शीला मिश्रा, किरण मिश्रा, नमीता झा, सीमा झा, रुबी ठाकुर, रंजना भगत, जयंती पाठक, बीना झा, आशा झा, बीनू चौधरी, पूनम झा, रितु मिश्रा, अलका झा, रुचि प्रेरणा, विनीता राय, बबीता झा, प्रेरणा ओझा, सुशीला यादव, उषा, राज कुमारी झा आदि मां दुर्गाक आरती कयलनि आ भगवती वंदनाजय जय भैरवि असुर भयाउनि पशुपति भामिनी माया.., जगदंब अहीं अवलंब हमर हे माय अहांबिनु आस ककर.. आदि भक्ति गीतक सुमधुर प्रस्तुति सं वातावरण के भक्तिमय बना देलनि।समितिक सदस्या सभ मिथिलाक पारंपरिक झिझिया नृत्यक मनोहारी प्रस्तुतिक बाद गुजरातीडांडिया नृत्यक सेहो सुंदर प्रस्तुति कयलनि। किरण मिश्रा, आशा झा, रंजना, पूनम, नमिता झा भक्ति गीत आ बीनू चौधरी, बबीता झा, रुचि प्रेरणा व बिनीता राय मनोहारी नृत्य प्रस्तुति सभ सं सभकें आनंदित कयलनि। अध्यक्ष पूनम मिश्रा आ सचिव आभा झा सभ कें नवरात्रिक शुभकामना देलनि। ओ बतओलनि जे समिति द्वारा समय-समय पर मिथिलाक कला-संस्कृति सं संबंधित कार्यक्रमभक अलावा समाज सेवा संजुड़ल कार्य सेहो कएल जाइत अछि।

# महाराजा अग्रसेन जयंती पर देल गेल एकता आ सहयोग करबाक संदेश

बोकारो,समदिया



मारवाड़ी पंचायत चास-बोकारोक दिस सं रवि दिन पंचायत भवन मे महाराजा अग्रसेन जयंती मनाओल गेल। कार्यक्रमक शुरुआत महाराजा अग्रसेनक चित्रक समक्ष दीप प्रज्वलित कए कयल गेल। समारोह मे समाजक वरिष्ठ सदस्य, महिला, युवा आ बच्चा सभ भाग लेलनि।अतिथि आ वरिष्ठ सदस्य सभक स्वागत पुष्पगुच्छ, माला आ अंगवस्त्र दए कयल गेल।वक्ता सभ कहलनि जे महाराजा अग्रसेन समाज कें एकता, समानता, सेवा, सहयोग आभाइचाराक संदेश देलनि। हुनकर आदर्श आइयो समाज कें सही दिशा देखबैत अछि। समारोह मेमहिला सभ महाराजा अग्रसेनक 'एकटा ईंट, एकटा रुपैया' सिद्धांत पर आधारित कलाकृति प्रस्तुत कयलनि। एहि माध्यम सं सामाजिक सहयोग आ सामूहिक भागीदारीक भावना देखाओल गेल। उपस्थित लोक सभ एहि प्रस्तुतिक सराहना कयलनि।एहि दौरान समाजक वरिष्ठ सदस्य सभ कें सम्मानित कयल गेल। एहि संग महाराजा अग्रसेन ज्ञान क्विज प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल, जाहि मे बच्चा आ युवा सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। प्रतियोगिताक उद्देश्य नव पीढ़ी कें महाराजा अग्रसेनक जीवन, विचार आ समाजक सांस्कृतिक विरासत सं जोड़ब छल।कार्यक्रमक अंत मे समाजक एकता, सेवा आ सामाजिक सद्भाव कें मजबूत करबाक संकल्प लेल गेल।

# छह नव पंचायतक गठनक मांग तेज, संघर्षक तैयारी पर भेल चर्चा

बोकारो,समदिया



जिलाक उत्तरी क्षेत्र मे प्रस्तावित छह पंचायतक गठनक मांग लए पंचायत निर्माण समितिक दिस सं रवि दिन ग्राम बेलडीह आ गंझूडीह मे बैसार कयल गेल। बैसार मे पंचायत निर्माणक वर्तमानस्थितिक समीक्षा कयल गेल आ मांग पूरा करयबाक लेल आंदोलन तेज करबाक रणनीति परविचार-विमर्श भेल। वक्ता सभ कहलनि जे प्रस्तावित पंचायत सभक गठनक मांग लए जरूरतपड़लापर सड़क सं सदन तक संघर्ष कयल जाएत। बेलडीह मे भेल बैसारक अध्यक्षता गिरिधारी सिंह कयलनि आ संचालन सृष्टिधर कयलनि।ओतहि गंझूडीह मे बैसारक अध्यक्षता छत्रु सिंह कयलनि आ संचालन गणेश चंद्र डे कयलनि। दुनू बैसार मे पंचायत निर्माणक दिशा मे एखन धरि भेल प्रगति आ आगूक कार्ययोजना पर चर्चा कयल गेल।बैसार मे मांग कें मजबूती सं उठेबाक लेल राजभवन अथवा विधानसभा घेराव करबाक संभावनापर विचार कयल गेल। एहि अतिरिक्त क्षेत्रक नक्शा आ खतियान सुरक्षित रखबाक मुद्दा परसेहो चर्चा भेल। संगहि स्थानीय सांसद सं भेंट करबाक निर्णय लेल गेल। एहि अवसर पर संतोष मुर्मू, संतोष सिंह, विनोद राय, इश्तियाक अंसारी, गुलाम अंसारी, फुलेवरमांझी, वंशीधर सिंह, बुधु सिंह, टेकलाल सिंह, कोकिल सिंह आदि उपस्थित छलाह।

# रक्तदानक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक लेल लोक सभ लेलनि संकल्प

सरायकेला,समदिया

रक्तदान मात्र किछु बूंद रक्त देबाक नाम नहि अछि। ई कोनो अनजान व्यक्ति कें नव जीवन देबाक अवसर अछि। ई मानवताक प्रति अपन कर्तव्यक निर्वहन करबाक माध्यम सेहो अछि।हमर स्वैच्छिक रक्तदान कोनो जरूरतमंद परिवारक चेहरा पर मुस्कान लौटा सकैत अछि। एहि लेल समाजक प्रत्येक स्वस्थ व्यक्ति कें रक्तदानक प्रति जागरूक रहबाक चाही। ई संदेश सम्मानित अतिथि आ सांसद प्रतिनिधि प्रो. कालीपद सोरेन सालमपाथर मे आयोजित रक्तदानशिविरक दौरान देलनि। जिलाक गम्हरिया प्रखंड अंतर्गत सालमपाथर नव प्राथमिक विद्यालय परिसर मे आदिम जुवान जुमीद गांवता गम्हरियाक दिस सं चारिम रक्तदान शिविर आयोजित कयल गेल। नई जिंदगी परिवार आ जमशेदपुर ब्लड सेंटरक सहयोग सं आयोजित एहि शिविर मे 150 यूनिट रक्त संग्रहकरबाक लक्ष्य निर्धारित कयल गेल।प्रो. कालीपद सोरेन अपन संबोधन मे कहलनि जे रक्तक कोनो कृत्रिम विकल्प नहि अछि। दुर्घटना, गंभीर बेमारी आ आपातकालीन परिस्थिति मे रक्तक उपलब्धता कोनो रोगीक जीवन आमृत्युक बीच निर्णायक साबित भए सकैत अछि। एहन परिस्थिति मे रक्तदानक प्रति सामाजिकजिम्मेदारीक भावना विकसित करब आवश्यक अछि। ओ युवा सभ सं अपील कयलनि जे ओ सभ भ्रांति सं दूर रहि स्वैच्छिक रक्तदान कें जनजागरूकता आ जनसेवाक अभियानक रूप मे आगू बढ़ाबथि। कार्यक्रमक मुख्य अतिथि झामुमोक केंद्रीय सदस्य कृष्णा बास्के सेहो रक्तदान कें मानवताकसच्चा सेवा बतौलनि। ओ आयोजक सभक पहलक प्रशंसा कयलनि। ओ कहलनि जे रक्तदानकमहत्व एहि लेल सेहो बेसी अछि, कारण एहि सं कोनो जरूरतमंद रोगीक जीवन बचयबाक अवसरभेटैत अछि। शिविर मे झामुमो गम्हरिया प्रखंड अध्यक्ष भोमरा माझी, समाजसेवी अविनाश सोरेन, प्रधानमंत्री कृषि कर्मण पुरस्कार सं सम्मानित सोखेन हेंब्रम, झारखंड छात्र मोर्चाक जिला उपाध्यक्ष होपनाबेसरा, मुख्य संरक्षक सीताराम हेंब्रम, सह संरक्षक सुधीर किस्क आ बुरुडीहक मुखिया संगीताकुमारी सहित आन लोक उपस्थित छलाह। आयोजक सभ रक्तदानक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक संकल्प दोहरौलनि। ओ जरूरतमंद रोगी सभक सहायता करबाक संकल्प सेहो लेलनि।

## राहुल दुबे गिरोह सं सेहो जुड़ल अछि संबंध

# चतरा मे हथियार सभक संग टीएसपीसी समर्थक गिरफ्तार, लेवी वसूलबाक लेल कए रहल छल रेकी

चतरा,समदिया



चतरा पुलिस टीएसपीसी उग्रवादी संगठनक एकटा समर्थक कें गिरफ्तार केने अछि।आरोपित लग सं भारी मात्रा मे हथियार आ कारतूस बरामद भेल अछि। पुलिस ओकरा चतरा-सिमरिया मुख्य सड़क सं गिरफ्तार कयलक।एसपी अनिमेष नैथानी बतौलनि जे 11 अक्टूबर के साई नाथ लाइन होटल लग एकटाहथियारबंद संदिग्धक घूमबाक सूचना भेटल छल। सदर एसडीपीओ सन्नी वर्धनक नेतृत्व मे एकटा टीम गठित कयल गेल।पुलिस कें देखि आरोपित जंगल दिस भागय लागल, मुदा जवान सभ ओकरा पकड़ि लेलनि। गिरफ्तार आरोपितक पहचान लातेहार जिलाक बालूमाथ थाना क्षेत्रक मुरपा गाम निवासी 40 वर्षीय मुकेश गंझू के रूप मे भेल अछि। ओकर निशानदेही पर पुलिस एकटा देसी कट्टा, 54 जिंदा कारतूस, 6 मिसफायर गोली आ 2खोखा बरामद कयलक। पुलिसक अनुसार, मुकेश गंझू लेवी वसूलबाक लेल रेकी कए रहल छलआ ओकर संबंध कुख्यात राहुल दुबे गिरोह सं सेहो जुड़ल अछि।उग्रवादी सभक लेल हथियार नुकाकए राखैत छलकड़ाइ सं पूछताछ केलापर कतेको चौंकाबय बला तथ्य सोझां आयल अछि। एसपी बतौलनि जेमुकेश गंझू पछिला छह मास सं टीएसपीसी उग्रवादी सभक लेल हथियार नुकाकए राखैत छल।ओकरा ई हथियार एकटा उग्रवादी दहशत पसारबाक उद्देश्य सं देने छल। मौत के डर देखा कए लेवी वसूलबाक लेल ओ लगातार शहर आ आसपासक इलाका सभक रेकी कए रहल छल। जांच मे ई बात सेहो सोझां आयल अछि जे आरोपित कुख्यात राहुल दुबे गिरोहक सदस्य सभ आ दोसर आपराधिक गिरोह सभक सीधा संपर्क मे छल। एहि गिरफ्तारी सं चतरा पुलिस कें आपराधिक नेटवर्कक कतेको महत्वपूर्ण कड़ी हाथ लागल अछि। पुलिस आब एहि कड़ी सभक गहन जांच कए रहल अछि। सदर थाना मे आरोपित मुकेश गंझू विरुद्ध आर्म्स एक्टक संबंधित धारा सभक अंतर्गत कांड संख्या 421/2026 दर्ज कएओकरा न्यायिक हिरासत मे जेल पठा देल गेल अछि।

# मानदेय नहि भेटलापर 108 एंबुलेंसकर्मी कयलनि भिक्षाटन




जामताड़ा,समदिया

» झारखंड एंबुलेंस संघ बकाया भुगतान
» फेर बहाली आ अधिकारक मांग कयलक

झारखंड प्रदेश एंबुलेंस कर्मचारी संघ सोम दिन भिक्षाटन कए विरोध जतौलक। 108 एंबुलेंसकर्मी सभ कें साढ़े तीन मास सं मानदेय नहि भेटल अछि, जाहि कारण ओ आर्थिक संकट सं गुजरि रहल छथि। ओ सभ सरकार सं बकाया भुगतान, फेर बहाली आ श्रमिक अधिकारदेबाक मांग कयलनि।संघक जिलाध्यक्ष सुरेश रवानी कहलनि जे एंबुलेंसकर्मी स्वास्थ्य व्यवस्थाक महत्वपूर्ण हिस्साछथि। ओ ईपीएफ, ईएसआईसी, अतिरिक्त काजक भुगतान आ न्यूनतम वेतन जेकां श्रमिकअधिकार देबाक मांग सेहो कयलनि।जामताड़ाक सिविल सर्जन डॉ. सुरेंद्र कुमार मिश्रा बतौलनि जे एंबुलेंस चालक सभक भुगतानसम्मान फाउंडेशन करैत अछि। कर्मी सभ तीन मासक भुगतान बकाया रहबाक बात कहलनि। समस्याक समाधान लेल उच्च अधिकारी सभ कें पत्र लिखल जाएत। सिविल सर्जन बतौलनि जे जिला मे 13 एंबुलेंस मे सं 9 एखन काज कए रहल अछि। भिक्षाटन कार्यक्रम मे संघक कोषाध्यक्ष राजीव पंडित सहित कतेको एंबुलेंसकर्मी उपस्थित छलाह।

# झारखंड वरिष्ठ नागरिक समन्वय समितिक महत्वपूर्ण बैसार मे बुजुर्ग सभक समस्या पर भेल विचार-विमर्श

धालभूमगढ़,समदिया



धालभूमगढ़क प्रेम नगर स्थित वरिष्ठ नागरिक भवन मे झारखंड वरिष्ठ नागरिक समन्वय समितिक बैसार भेल। बैसारक उद्देश्य वरिष्ठ नागरिक सभक समस्या सभक स्थायी समाधान लेल विभिन्न संस्थाक बीच समन्वय मजबूत करब छल। बैसारक अध्यक्षता समितिकसंयोजक राम वल्लभ साहु कयलनि।सहसंयोजक आ अधिवक्ता सतीश चंद्र वर्णवाल कहलनि जे समिति संविधानक प्रावधानकअनुसार अपन लक्ष्य हासिल करबाक लेल एकजुट भए काज करत। ओ वरिष्ठ नागरिक सभकहित मे सक्रिय भागीदारी आ सहयोग बढ़यबाक जरूरत पर जोर देलनि। वरिष्ठ नागरिकपरिषदक अध्यक्ष अखिलेश कहलनि जे जटिल समस्या सभक समाधान मे समिति प्रभावकारीभूमिका निभाओत। बैसार मे दूटा निर्णय लेल गेल। जमशेदपुर सहित झारखंडक बुजुर्ग सभक अधिकार आ सुविधा लेल उपायुक्त कें मांग-पत्र सौंपल जाएत। प्रधानमंत्री कार्यालय कें ज्ञापन पठा कोविड काल संपहिने भेटय बला छूट आ सुविधा सभ फेर सं बहाल करबाक मांग कयल जाएत। बैसारक अंत मे दिवंगत साथी सभक स्मृति मे दू मिनट मौन राखि श्रद्धांजलि अर्पित कयलगेल।

# इथियोपिया मे तीन गुजराती युवक-युवतीक अपहरण, एक करोड़ फिरौतीक मांग, सोना गिरवी राखि परिवार जुटौलक टाका








**महेसाणा, एजेंसी**

गुजरातक महेसाणा जिलाक वडस्मा गामक तीन युवक-युवती कें अमेरिका पठेबाक नाम पर गैरकानूनी रस्ता पकड़ब भारी पड़ल। ऋत्विक, मयूरी आ ममता एजेंटक माध्यम सं अमेरिका जाय लेल निकलल छलाह, मुदा इथियोपिया पहुंचिते कथित रूपें अपहरणकर्ता सभ हुनका सभ कें बंधक बना लेलक। परिवार सं एक करोड़ रुपैयाक फिरौती मांगल गेल। परिवारक दावा अछि जे अपहर्ता सभ टाका नहि देलापर तीनू व्यक्तिक अंग काटि पठेबाक धमकी देने छल। बाद मे तीनू सुरक्षित मुक्त करा लेल गेलाह आ 1 अक्टूबर कें अपना गाम वापस पहुंचलाह।

**कोना इथियोपिया पहुंचलाह तीनू? :** ऋत्विक, मयूरी आ ममता आपस मे पितियौत-ममियौत बहिन-भाइ छथि। तीनू एजेंटक सहायता सं गैरकानूनी रास्ता पकड़ि अमेरिका जाय लेल निकलल छलाह। परिवारक अनुसार, 22 सितंबर के ममता अपन पिताके फोन कए कहलनि जे ओ सभ कनाडा पहुंचि गेल छथि। एकर बाद 29 सितंबर धरि परिवारक हुनका सभ सं कोनो संपर्क नहि भेल। ममताक पिता किरीट चौहान महेसाणाक लांघणज थाना मे शिकायत दर्ज करौलनि। बाद मे परिवार कें जानकारी भेटल जे तीनू कें इथियोपिया मे कथित रूपें अपहरण कए लेल गेल अछि। एहि मामिला मे दू एजेंटक नाम सामने आयल अछि। एक छथि महेसाणाक डोंगरवा गामक अल्पेश पांचाल आ दोसर वडोदराक भार्गव पटेल। एक एजेंट पहिने मीडिया कें बतौने छल जे तीनू कें जयपुर सं विमान द्वारा अबू धाबी आ फेर इथियोपिया लाओल गेल। परिवारक एक सदस्यक अनुसार, इथियोपिया मे दू घंटा रुकबाक बाद विमान बदलि कनाडा जेबाक योजना छल। मुदा इथियोपिया पहुंचिते अपहर्ता सभ तीनूके नाम लए बजौलनि। परिवारक आरोप अछि जे एहि सं तीनू कें बुझबा मे आबि गेल जे हुनका सभ कें पहिने सं निशाना बनाओल गेल छल। बाद मे हुनका सभ कें एकटा गाड़ी मे बैसा कए मकान पर लए जाओल गेल।

**60 लाख देलाक बादो एक करोड़क मांग :** परिवारक कहब अछि जे अपहर्ता सभ अलग-अलग फोन नंबर सं संपर्क करैत छल आ हिंदी मे बात करैत छल। ऋत्विकक परिवारक सदस्यक अनुसार, अपहर्ता धमकी दैत छल जे एक करोड़ रुपैया देलापर तीनू कें छोड़ल जायत, नहि तं एक-एक कए अंग काटि परिवार लग पठा देल जायत। परिवारक दावा अछि जे एजेंट वीडियो कॉल पर ऋत्विक सं बात करौने छल। वीडियो मे ओकरा पाछू बंदूक लेने किछु लोक देखाइत छल। तीनू पर दबाव बना कए परिवार कें ई कहबाक लेल कहल गेल जे ओ सभ कनाडा पहुंचि गेल छथि आ आब अमेरिका जेबाक लेल टाकाक जरूरत अछि। परिवारक एक सदस्यक अनुसार, ओ सभ 60 लाख रुपैया पठेबाक बात कहलनि। हुनकर दावा अछि जे टाका भेजलाक बादो अपहर्ता एक करोड़ रुपैया सं कम लेबाक लेल तैयार नहि भेल। परिवारक कहब अछि जे टाका भेजबाक रसीद सेहो हुनका सभ लग अछि। मुदा पुलिस एहि दावा सं अलग जानकारी देलक। लांघणज थानाक निरीक्षक एएम गेहलोतक अनुसार, परिवार अपहतार्के कोनो टाका नहि देने छल। पुलिसक कहब अछि जे परिवार बातचीतक दौरान अपहतार्के ई विश्वास दियौलक जे ओकरा सभ लग देबाक लेल टाका नहि अछि। पुलिस बाबा खान नामक व्यक्तिके अपहरण आ परिवार सं संपर्क करबाक जिम्मेवार बतौलक।

**अमेरिका जेबाक लेल बंधक राखल गेल सोना :** परिवारक दावा अछि जे एजेंट प्रत्येक व्यक्तिके अमेरिका पहुंचेबाक लेल 80 लाख रुपैया मांगने छल। एहि हिसाबें तीनू लेल 2 करोड़ 40 लाख रुपैया होइत। बाद मे एक परिवारक सदस्य होयबाक कारण प्रति व्यक्ति 70 लाख रुपैया, अर्थात कुल 2 करोड़ 10 लाख रुपैया मे बात तय भेल छल। परिवारक एक सदस्य बतौलनि जे किछु टाका मित्र सभ सं लेल गेल आ शेष टाका जुटेबाक लेल 20-25 तोला सोना गिरवी राखय पड़ल। हुनकर कहब अछि जे सोना एखनहुं गिरवी अछि। परिवार कें आशा छल जे अमेरिका पहुंचलाक बाद ओतय रहैत मित्र आ संबंधी सभ टाकाक व्यवस्था कए देताह। ऋत्विक 23 वर्षक छथि। ओ दसम पास नहि कए सकल छलाह आ वायरमैनक प्रशिक्षण लेने छलाह। हुनकर पिता कैंसर सं पीड़ित छथि। परिवार सोचने छल जे ऋत्विक अमेरिका मे कमाइ करताह तं पिताक इलाजक खर्च उठेबा मे सहायता भेटत। ममता चावड़ा बीएससी आ बीएड कयने छथि। ओ किछु समय शिक्षिका सेहो रहल छथि। हुनकर विवाह तीन वर्ष पहिने भेल छल आ हुनकर पति छात्र वीजा पर छह महीना पहिने अमेरिका गेल छलाह। परिवार ममता कें कानूनी रास्ता सं अमेरिका पठेबाक पांच बेर प्रयास कयने छल, मुदा प्रत्येक बेर वीजा अस्वीकृत भए गेल। एकर बाद परिवार गैरकानूनी रास्ता अपनयबाक निर्णय लेलक। मयूरी गांधीनगर मे रहैत छथि।

**अमेरिका पठेबाक नाम पर डंकी रूटक जाल, एजेंट सभक भूमिका पर सवाल**

**अपहरणक खुलासा आ पुलिसक कारबाइ :** परिवारक एक सदस्यक अनुसार, एहि घटना सं किछु दिन पहिने कड़ीक एक युवकक सेहो एही तरहें अपहरण भेल छल। ओकरा मुक्त करयबाक लेल 53 लाख रुपैया देबाक बात कहल गेल। मुक्त भेलाक बाद ओ युवक अपन परिवारके जानकारी देलक जे वडस्माक तीन लोकके सेहो ओहि ठाम आनल गेल अछि। एहि सूचनाक आधार पर दुनू परिवारक संपर्क भेल आ अपहरणक खुलासा भेल। विदेश मंत्रालयक सूत्रक हवाला दैत इंडियन एक्सप्रेस रिपोर्ट कयलक जे इथियोपिया मे तीन भारतीय नागरिकक अपहरण भेल छल आ स्थानीय अधिकारी सभ हुनका सभके सुरक्षित मुक्त करा लेलनि।

# पाकिस्तान मे आपातकाल लागू, खैबर पख्तूनख्वाक सरकार निलंबित, पूर्व मुख्यमंत्री नजरबंद, सेना तैनात



**राष्ट्रपति आसिफ अली जरदारी प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ सरकारक सलाह पर प्रांत मे आपातकाल लागू केलनि**

**इस्लामाबाद, एजेंसी**

पाकिस्तान मे एक बेर फेर राजनीतिक तनाव बढ़ि गेल अछि। पूर्व प्रधानमंत्री इमरान खानक रिहाईक मांग पर लोकसभक आक्रोश बढ़लाक बाद पाकिस्तानी सरकार खैबर पख्तूनख्वा प्रांत मे आपातकाल लागू करबाक घोषणा कयलक अछि। समाचार रिपोर्टक अनुसार, राष्ट्रपति आसिफ अली जरदारी रविदिन प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ सरकारक सलाह पर प्रांत मे आपातकाल लागू करैत पूर्व प्रधानमंत्री इमरान खानक पार्टी पाकिस्तान तहरीक-ए-इंसाफ (पीटीआइ) केर राज्य सरकार कें निलंबित कए देलनि। प्रांत मे सेना बजाओल गेल अछि आ पार्टीक पूर्व नेता सभ कें हिरासत मे लेल जा रहल अछि। प्रांतक पूर्व मुख्यमंत्री अली अमीन गंडापुर कें हुनकर घरहि मे नजरबंद कए देल गेल अछि। ई कारबाइ एहन समय मे भेल अछि, जखन पीटीआइ इमरान खानक रिहाई लेल दबाव बनेबाक उद्देश्य सं कतेको दिन सं रैली कए रहल अछि। पार्टी आगामी दिन मे राजधानी इस्लामाबाद दिस मार्च करबाक चेतावनी सेहो देने अछि। पार्टी प्रवक्ता जुल्फिकार बुखारी एहि कदमक आलोचना करैत कहलनि जे ई आपातकालक भेष मे तख्तापलट सं बेसी किछु नहि अछि। ओ चेतावनी देलनि जे एहि निर्णय सं देश मे रक्तपात आ अस्थिरता आओर बढ़ि सकैत अछि।

## इमरान खानक तीन बहिन हिरासत मे

प्रस्तावित मार्च सं पहिने प्रशासन इमरान खानक तीन बहिन आ पार्टीक सैकड़ो कार्यकर्ता कें हिरासत मे लए लेने अछि। हुनकर एकटा निकट सहयोगीक अनुसार, पीटीआइ मुख्यमंत्री सोहेल अफरीदीक आवाजाही पर सेहो प्रतिबंध लगा देल गेल अछि। गृह मंत्रालयक अधिकारी सभक अनुसार, प्रदर्शनकारी सभ कें संसद धरि पहुंचबा सं रोकबाक लेल प्रमुख राजमार्ग सभ कें माल ढोबयबला कंटेनर राखि अवरुद्ध कए देल गेल अछि। सुरक्षा लेल हजारो सुरक्षाकर्मी तैनात कयल गेल छथि।

## अफगानिस्तान सीमा पर सेना तैनात

एहि बीच, पाकिस्तानक गृह मंत्रालय अफगानिस्तान सीमा सं सटल खैबर पख्तूनख्वा प्रांत मे सेना तैनात करबाक आदेश देने अछि। एहि इलाका मे पाकिस्तानी सेना आ तहरीक-ए-तालिबान पाकिस्तान (टीटीपी) बीच लगातार संघर्ष होइत रहल अछि। पीटीआइ नेता सभक कहब अछि जे निर्वाचित प्रतिनिधि सभ कें किनार क' केंद्र सरकार सुरक्षा व्यवस्था बहाल नहि क' सकैत अछि। पार्टी ई आरोप सेहो लगौने अछि जे इस्लामाबाद आतंकवाद विरोधी अभियानक उपयोग ओकर राजनीतिक स्थिति कमजोर करबाक लेल कए रहल अछि। पार्टी प्रवक्ता जुल्फिकार बुखारी आपातकाल लागू करबाक निर्णय कें तख्तापलटक षडयंत्र बतौने छथि।

## आतंकवाद पर कारबाइ के लए केंद्र आ राज्य आमने-सामने

पाकिस्तानक शहबाज शरीफ सरकार आ सेना राज्यक बागडोर सम्हारि रहल पीटीआइ सरकार पर आतंकवादी गतिविधि पर रोक लगेबा मे विफल रहबाक आरोप लगा रहल अछि। मुदा पीटीआइ एहि आरोप सभ कें खारिज कयने अछि। पार्टीक कहब अछि जे केंद्र सरकार राज्य कें आवश्यक धनराशि उपलब्ध नहि करा रहल अछि। पीटीआइ आरोप लगौने अछि जे इस्लामाबाद प्रांतक लोकसभक निर्वाचित जनादेश कें कमजोर करबाक प्रयास कए रहल अछि।

# राहुल गांधी आ खरगे कें सीजेआइ सूर्यकांत देलनि सलाह

**नई दिल्ली, एजेंसी**

देशक मुख्य न्यायाधीश (सीजेआइ) न्यायमूर्ति सूर्यकांत विपक्षी गठबंधन इंडिया अलायंसक सांसद सभ सं भेंट करबाक आग्रह अस्वीकार कए देलनि। सोमदिन ओ कहलनि जे उच्चतम न्यायालयक दरबज्जा सभ लेल खुजल अछि आ प्रत्येक भारतीय नागरिक कें न्यायालय मे न्याय लेल पहुंचबाक अधिकार अछि। लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी आ राज्यसभा मे नेता प्रतिपक्ष मल्लिकार्जुन खरगे कें लिखल अपन जवाबी चिट्ठी मे न्यायमूर्ति सूर्यकांत कहलनि जे लंबित मामिला पर चर्चा करबाक लेल बैसार कयब शक्तिक विभाजन सिद्धांतक उल्लंघन होयत। ई न्यायिक नैतिकता आ मयार्दाक विरुद्ध सेहो होयत। वास्तव मे मल्लिकार्जुन खरगे आ राहुल गांधी चिट्ठी लिखि मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत सं भेंट करबाक समय मंगने छलाह।

दुनू नेता निर्वाचन आयोग सं जुड़ल अपन चिंता सभ सं हुनका अवगत करयबाक आ एहि मामिला मे हस्तक्षेप करबाक अनुरोध करय चाहैत छलाह। मुदा मुख्य न्यायाधीश हुनका सभ कें भेंट करबाक समय देबा सं मना कए देलनि। कांग्रेस नेताद्वय कें लिखल चिट्ठी मे मुख्य न्यायाधीश कहलनि जे हुनका सभक पत्र मे उठाओल गेल मुद्दा सभ पर विचार करबाक लेल सर्वोच्च न्यायालय लग कोनो प्रशासनिक अधिकार नहि अछि। एकर संगहि सीजेआइ विपक्षी नेता सभ कें सलाह देलनि जे ज्ञापन सौंपबाक बदला संविधानक अनुच्छेद 32 के अंतर्गत न्यायालयक न्यायिक शक्तिक उपयोग करथि।

**नेता प्रतिपक्ष कें लिखल चिट्ठी आयल सोझां**





## स्वयं उपस्थित भए अथवा ई-फाइलिंग सं दायर करी याचिका

मुख्य न्यायाधीश ईहो कहलनि जे एहि तरहक मामिला सभ पर 13 अक्टूबर कें सर्वोच्च न्यायालय मे सुनवाइ लेल सूचीबद्ध अछि। अपन चिट्ठी मे ओ राहुल गांधी आ मल्लिकार्जुन खरगे कें सलाह देलनि जे ओ दुनू नेता सोमदिन भोरे 10:30 बजे सं सांझ 4:30 बजे धरि स्वयं उपस्थित भए अथवा सुविधानुसार ई-फाइलिंगक माध्यम सं याचिका दायर कए सकैत छथि। सीजेआइ चिट्ठी मे भरोस सेहो देलनि जे एहि तरहक कोनो याचिका दायर होयबाक स्थिति मे कानूनक प्रावधानक अनुसार यथाशीघ्र सुनवाइ कयल जायत।

## मामिला न्यायालय मे लंबित तखन बात कोना?

एहि सं पहिने कांग्रेस नेता सभ कें आशा छलनि जे सोमदिन मुख्य न्यायाधीश हुनका सभ सं भेंट करताह। एहि कारणें खरगे आ राहुल गांधी पहिनहि कहने छलाह जे ओ सोमदिन सीजेआइक समक्ष अपन बात रखताह। मुदा मुख्य न्यायाधीश स्पष्ट कए देलनि जे जाहि मुद्दा पर ओ भेंट करय चाहैत छथि, से मामिला पहिने सं न्यायालय मे विचाराधीन अछि। एहन परिस्थिति मे ओहि विषय पर अलग सं बातचीत करबाक कोनो औचित्य नहि अछि। सीजेआइक एहि जवाबक बाद आब विपक्षी नेता सभक लेल अपन चिंता आ मांग न्यायालय मे औपचारिक याचिका दायर कए रखबाक विकल्प उपलब्ध अछि।

# अर्थशास्त्रक नोबेल पुरस्कार 2026 केर घोषणा
# अमेरिकाक 2 अर्थशास्त्री सम्मानित

**स्टॉकहोम, एजेंसी**



अर्थशास्त्री रॉबर्ट ई. हॉल आ माइकल वुडफोर्ड कें अर्थशास्त्रक नोबेल पुरस्कार 2026 सं सम्मानित कयल गेलनि। दुनू अर्थशास्त्री कें एहन आर्थिक प्रतिमान विकसित करबाक योगदान लेल ई पुरस्कार देल गेलनि, जाहि सं सरकार आ केंद्रीय बैंक आर्थिक संकट तथा बाजारक उतार-चढ़ाव सं निपटबा मे सहायता पबैत अछि। स्वीडेनक रॉयल स्वीडिश एके-डमी ऑफ साइंसेज स्टॉकहोम मे पुरस्कार विजेताक नामक घोषणा कयलक। दुनू अर्थशास्त्री कें आर्थिक स्थिरता बनौने रखबाक लेल महत्वपूर्ण आधार तैयार करबाक काज लेल चुनल गेलनि।

पुरस्कारक घोषणा करैत अकादमी कहलनि जे हुनका सभक शोध अर्थव्यवस्था मे तेजी आ मंदीक उतार-चढ़ाव कम करबा मे सहायता कयलक अछि। रॉबर्ट हॉल कैलिफोर्नियाक स्टैनफोर्ड विश्वविद्यालय सं जुड़ल छथि, जखन कि माइकल वुडफोर्ड न्यूयॉर्कक कोलंबिया विश्वविद्यालय मे छथि। पुरस्कारक घोषणा भेलाक बाद वुडफोर्ड न्यूयॉर्क सं दूरभाष पर पुरस्कार समिति सं बात कयलनि। ओ कहलनि जे ई हुनका लेल बहुत पैघ सम्मान अछि आ हुनका एकर अपेक्षा नहि छलनि। आर्थिक विज्ञान पुरस्कार समितिक अध्यक्ष जॉन हासलर कहलनि जे दुनू अर्थशास्त्रीक काज एहन आर्थिक प्रतिमान सभक लेल मजबूत सैद्धांतिक आधार तैयार कयलक अछि, जाहि सभक उपयोग आब दुनियां भरिक सरकार आ केंद्रीय बैंक करैत अछि। एहि प्रतिमान सभक सहायता सं अर्थव्यवस्था मे अनचोके होमयबला परिवर्तन कें बुझबा आ ताहि सं निपटबाक क्षमता नीक भेल अछि। एहि मे ऊर्जा संकट आ घरेलू खर्च मे अनचोके होमयवला परिवर्तन सन परिस्थिति शामिल अछि।

## अर्थशास्त्रीक शोधक महत्व बुझू

अकादमीक अनुसार, दुनू अर्थशास्त्रीक शोध नीति निर्धारक सभ कें ई बुझबा मे सहायता करैत अछि जे आर्थिक झटकाक प्रभाव केना कम कयल जा सकैत अछि। ऊर्जा मूल्य मे अनचोके वृद्धि अथवा लोकक खर्च करबाक तौर-तरीका मे बदलाव अर्थव्यवस्था पर दबाव उत्पन्न क' सकैत अछि। एहन परिस्थिति मे सरकार आ केंद्रीय बैंक एहि प्रतिमान सभक सहायता सं आर्थिक स्थिरता बनौने रखबाक लेल नीक निर्णय लए' सकैत अछि। पिछला वर्ष ई पुरस्कार कारोबार मे नवीन विचार आ नवाचार पर शोध करयबला तीन अर्थशास्त्री कें देल गेल छलनि। हुनका सभक काज ई देखौने छल जे नव उत्पाद आ आविष्कार आर्थिक विकास आ लोकक जीवनस्तर सुधारबा मे कोना योगदान दैत अछि। हालांकि, एकर परिणामस्वरूप कतेको पुरान कारोबार पाछू सेहो छुटि जाइत अछि।

**स्वीडेनक रॉयल स्वीडिश एकेडमी ऑफ साइंसेज स्टॉकहोम मे पुरस्कार विजेताक नामक घोषणा कयलक**

## अर्थशास्त्रक नोबेल पुरस्कारक इतिहास

एहि पुरस्कारक आधिकारिक नाम अल्फ्रेड नोबेलक स्मृति मे अर्थशास्त्रक स्वेरिजेस रिक्सबैंक पुरस्कार अछि। स्वीडेनक केंद्रीय बैंक 1968 मे एकर शुरूआत कयने छल। अल्फ्रेड नोबेल 19म शताब्दीक स्वीडिश कारोबारी आ रसायनशास्त्री छलाह। ओ डायनामाइटक आविष्कार कयने छलाह आ पांचटा नोबेल पुरस्कारक स्थापना कयने छलाह। तकनीकी रूप सं अर्थशास्त्रक ई पुरस्कार नोबेलक मूल पांच पुरस्कार श्रेणी मे शामिल नहि अछि। मुदा, प्रत्येक वर्ष 10 दिसंबर कें आन नोबेल पुरस्कार सभक संग ई पुरस्कार सेहो देल जाइत अछि। ई तिथि 1896 मे अल्फ्रेड नोबेलक मृत्युक वर्षगांठ अछि। एहि वर्ष पुरस्कारक राशि 1.2 करोड़ स्वीडिश क्रोना, अर्थात लगभग 11.58 करोड़ भारतीय रुपैया अछि। एकर पहिने पिछला सप्ताह चिकित्सा, भौतिकी, रसायन विज्ञान, साहित्य आ शांति क्षेत्रक नोबेल पुरस्कारक घोषणा कयल गेल छल।

# सऊदी अरबक हवाई अड्डा पर हूती हमला एक भारतीयक मृत्यु, 300 सं बेसी घायल

**रियाद, एजेंसी**



पश्चिम एशिया मे सऊदी अरब आ हूती विद्रोही सभक बीच संघर्ष आओर गहींर होइत जा रहल अछि। रविदिन रियादक किंग खालिद अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा पर मिसाइल हमला मे 13 गोटे लोकक मृत्यु भए गेल। मृतक सभ मे एक भारतीय नागरिक सेहो शामिल छथि। एहि हमला मे 300 सं बेसी लोक घायल भेल छथि, जाहि मे 10 भारतीय नागरिक सेहो छथि। विदेश मंत्रालय एहि हमलाक कड़ा निंदा कयने अछि। मृतक सभ मे सऊदी अरबक चारि नागरिक आ बांग्लादेश, फलस्तीन, अमेरिका, मिस्त्र, जॉर्डन, सीरिया आ सूडानक एक-एक नागरिक शामिल छथि। भारतीय नागरिकक मृत्य पर विदेश मंत्री एस. जयशंकर दुख व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे मृतकक परिवारक प्रति हुनकर गहींर संवेदना अछि आ भारतीय दूतावास परिवार कें हरसंभव सहायता उपलब्ध कराओत।

## विदेश मंत्रालय जारी कयलक बयान

विदेश मंत्रालय रियादक हवाई अड्डा पर 10 अक्टूबर सहित पछिला किछु दिन मे भेल बारंबार हमला सभक निंदा कयलक। मंत्रालय कहलनि जे एहि हमला मे लोकक जान गेल, कतेको लोक घायल भेलाह आ संपत्तिक क्षति भेल। भारत सऊदी अरबक संप्रभुताक रक्षाक लेल ओतुक्का सरकार आ लोकक संग ठाढ़ अछि। भारत आशा व्यक्त कयलक जे क्षेत्र मे शीघ्र शांति आ सामान्य स्थिति बहाल होयत। रियाद स्थित भारतीय दूतावास घायलक सहायता मे लागल अछि।

## हैदराबाद निवासी छलाह मृतक

एआइएमआइएम नेता असदुद्दीन ओवैसी पुष्टि कयलनि जे मृतक यूसुफ हैदराबादक मेहदीपट्टनम निवासी छलाह। हुनकर बेटाक घुटनाक शल्यक्रिया चलि रहल अछि, जखन कि दोसर बेटाक पैरक तीनटा आंगुर काटय पड़ल अछि। हुनकर पत्नी आ बेटी सुरक्षित छथि। ओ विदेश मंत्री सं पीड़ित परिवार कें हरसंभव सहायता देबाक आग्रह कयलनि।

# डेनमार्क ओपन मे चैंपियन आन से यंग सं भिड़तीह सिंधु
## पुरुष एकल मे लक्ष्य सेनक चाउ तिएन चेन सं होयत मोकाबला

दू बेर ओलंपिक पदक जीतनिहार पीवी सिंधुक डेनमार्क ओपन बैडमिंटन टूर्नामेंटक पहिल दौर मे विश्व नंबर 1 आ मौजूदा चैंपियन आन से यंग सं मोकाबला होयत। मंगल सं शुरू होमय बला 9 लाख 50 हजार अमेरिकी डॉलरक इनामी राशि बला सुपर 750 टूर्नामेंट मे भारतीय खेलाड़ी सभक सोझां कड़ा चुनौती रहत। पुरुष एकल मे लक्ष्य सेनक मोकाबला तेसर वरीयता प्राप्त चाउ तिएन चेन सं होयत। पूर्व विश्व चैंपियन सिंधु हालक दिन मे भेटल-जुलल प्रदर्शनक बाद डेनमार्क पहुंचल छथि। ओ जुलाई मे जापान ओपन सुपर 750 के खिताब जीतने छलीह, जखनकि पिछला सप्ताह आर्कटिक ओपनक क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचल छलीह। ओतए हुनका थाईलैंडक रत्चानोक इंतानोनक विरुद्ध तीन गेम धरि चलल मोकाबला मे हारक सामना करए पड़ल छलनि। हालांकि, आन से यंगक विरुद्ध सिंधुक पिछला रिकॉर्ड चिंता बढ़ाबय बला अछि। भारतीय खेलाड़ी दक्षिण कोरियाक एहि स्टार शटलरक विरुद्ध अपन पिछला सभ 10 मोकाबला हारि चुकल छथि। एहन स्थिति मे पहिल दौर मे हुनका कठिन चुनौतीक सामना करए पड़तनि।

**ओडेंस मे मंगल सं शुरू होयत सुपर 750 टूर्नामेंट**

**लक्ष्य सेनक सोझां सेहो कड़ा चुनौती :** पुरुष एकल मे लक्ष्य सेन एशियाई खेलक व्यक्तिगत स्पर्धा मे निराशाजनक प्रदर्शनक बाद अपन सर्वश्रेष्ठ लय फेर हासिल करए चाहताह। पिछला दू वर्ष मे हुनकर प्रदर्शन उतार-चढ़ाव बला रहल अछि। एहि साल ओ दोसर बेर ऑल इंग्लैंड चैंपियनशिपक फाइनल मे जगह बनेने छलाह। एहि सं पहिने 2022 मे सेहो ओ एहि प्रतिष्ठित प्रतियोगिताक फाइनल धरि पहुंचल छलाह। लक्ष्य 2024 पेरिस ओलंपिक मे पुरुष एकल के सेमीफाइनल धरि पहुंचनिहार एकमात्र भारतीय खेलाड़ी सेहो छथि। हालांकि, हालक दिन मे पीठक चोट हुनकर तैयारी कें प्रभावित कयने अछि। ओ एशियाई खेलक पुरुष टीम स्पर्धाक क्वार्टर फाइनल मे जापानक कोडाई नाराओका के हरा देने छलाह, मुदा व्यक्तिगत स्पर्धाक पहिल दौर मे बाहर भए गेल छलाह। आब हुनका चाउ तिएन चेनक विरुद्ध अपन सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करए पड़तनि। चाउ एशियाई खेल मे भारतीय खेलाड़ी आयुष शेट्टी कें तीन गेमक मोकाबला मे हरौने छलाह।



**आयुष शेट्टी आ श्रीकांत पर सेहो नजरि :** आयुष शेट्टी अपन हालिया सफलता सभ कें आगू बढ़ेबाक इरादा सं मैदान मे उतरता। ओ 2025 मे अमेरिकी ओपन सुपर 300 के खिताब जीतने छलाह। एहि साल विश्व चैंपियनशिप मे ओ ओहि समयक विश्व नंबर 1 चीनक शी यु ची कें हरा कए सभक ध्यान अपना दिस खींचने छलाह। डेनमार्क ओपनक पहिल दौर मे हुनकर मोकाबला इंडोनेशियाक अल्वी फरहान सं होयत। विश्व चैंपियनशिपक प्री-क्वार्टर फाइनल मे फरहान आयुष कें हरा देने छलाह। 2017 मे डेनमार्क ओपनक पुरुष एकल खिताब जीतनिहार किदांबी श्रीकांत एहि बेर फ्रांसक अर्नौं मेरकलक विरुद्ध अपन अभियान शुरू करताह। महिला एकल मे भारतक चुनौती तन्वी शर्मा, अश्मिता चालिहा, देविका सिहाग आ उन्नति हुड्डा सं रहत। तन्वीक पहिल दौर मे जापानक नात्सुकी निदाइरा सं मोकाबला होयत। ओ अगस्त मे ताइपे ओपन जीत कए अपन पहिल बीडब्ल्यूएफ विश्व टूर खिताब हासिल कयने छलीह। अश्मिताक मोकाबला बुल्गारियाक कलोयाना नलबंतोवा सं होयत। अश्मिता सेहो अगस्त मे कोरिया मास्टर्स सुपर 300 के खिताब जीतबाक बाद एहि टूर्नामेंट मे उतरि रहल छथि। देविकाक सोझां आठम वरीयता प्राप्त थाईलैंडक पोर्नपावी चोचुवोंग रहतिह, जखनकि उन्नतिक मोकाबला चीनक हान चियान शी सं होयत। उन्नति पिछला मास एशियाई खेल मे प्रभावशाली प्रदर्शन करैत क्वार्टर फाइनल मे जगह बनेने छलीह। ओ शीर्ष 10 मे शामिल एक खेलाड़ी कें हरौने छलीह आ जापानक अकाने यामागुचीक विरुद्ध तीन गेम धरि कड़ा मोकाबला देने छलीह।

**सात्विक-चिराग आ त्रिसा-गायत्री सं उम्मीद :** पुरुष युगल मे पूर्व विश्व नंबर 1 भारतीय जोड़ी सात्विकसाईराज रंकीरेड्डी आ चिराग शेट्टी एशियाई खेल मे पहिल दौर सं बाहर भेलाक बाद वापसी करए चाहताह। भारतीय जोड़ी मई मे सिंगापुर ओपन सुपर 750 के खिताब जीत कए दू वर्ष सं चलि रहल खिताबी इंतजार समाप्त कयने छल। एहि बाद पिछला मास चीन मास्टर्सक खिताब सेहो अपना नाम कयने छल। पांचम वरीयता प्राप्त सात्विक-चिरागक पहिल दौर मे चीनक हे जी तिंग आ रेन शियांग यू सं मोकाबला होयत। महिला युगल मे त्रिसा जॉली आ गायत्री गोपीचंद भारतक प्रमुख चुनौती रहतिह। एहि जोड़ी अगस्त मे विश्व चैंपियनशिप मे ऐतिहासिक कांस्य पदक जीतने छलीह। एशियाई खेल मे सेहो दुनू क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचल छलीह, जतए मलेशियाक पर्ली तान आ थिनाह मुरलीधरनक हाथे हार भेल छलनि। डेनमार्क ओपनक पहिल दौर मे हुनकर मोकाबला चीनी ताइपे की यान फेई चेन आ हिसएह पेई शान सं होयत। रुतपर्णा पांडा आ श्वेतपर्णा पांडाक भारतीय जोड़ी सेहो प्रतियोगिता मे हिस्सा लेत। पहिल दौर मे हुनकर मोकाबला चीनक छठम वरीयता प्राप्त बाओ ली जिंग आ काओ जि हान सं होयत।

# शंघाई मास्टर्स : जीतक बाद कैस्पर रूड आ ऑगर-एलियासिमक बीच 'राउंड ऑफ 16' मोकाबला तय



कैस्पर रूड सोम दिन शंघाई मास्टर्सक तेसर राउंड मे अमेरिकी खेलाड़ी लर्नर टीएन कें 6-4, 7-6 (3) सं हरा कए 'राउंड ऑफ 16' मे अपन जगह पक्का कयलनि। 20म वरीयता प्राप्त रूड 14म वरीयता प्राप्त खेलाड़ी कें 1 घंटा 42 मिनट मे हरौलनि। कैस्पर रूड अपन सर्व आ पहिल सर्वक दम पर शानदार प्रदर्शन करैत अगिला राउंड मे प्रवेश कयलनि। ओ 13 ऐस लगौलनि, जखनकि टीएन सात ऐस लगौने छलाह। रूड अपन पहिल सर्व पर 89 प्रतिशत अंक जीतलनि, जखनकि अमेरिकी खेलाड़ी अपन पहिल सर्व पर 69 प्रतिशत अंक जीतलनि। रूड टीएनक सर्विस एक बेर तोड़लनि। ई महत्वपूर्ण ब्रेक पहिल सेट के 10म गेम मे भेटल, जाहि सं ओ सेट जीत लेलनि। ओ अमेरिकी खेलाड़ीक विरुद्ध भेटल दुनू ब्रेक प्वाइंट सेहो बचौलनि। ओतहि, फेलिक्स ऑगर-एलियासिम स्पेनक पाब्लो कैरेनो बुस्टा कें 6-3, 4-6, 6-1 सं हरा कए 'राउंड ऑफ 16' मे प्रवेश कयलनि। आब हुनकर मोकाबला रूड सं होयत। मुदा, चारिम वरीयता प्राप्त ऑगर-एलियासिम कें जीत हासिल करबाक लेल किछु बेसी मेहनत करय पड़लनि। ओ अपन पहिल सर्व आ नेट प्वाइंटक नीक उपयोग कयलनि। ओ पहिल सर्व पर 80 प्रतिशत अंक जीतलनि आ 18 मे सं 14 नेट प्वाइंट सेहो हासिल कयलनि। दोसर दिस, बुस्टा अपन पहिल सर्व पर मात्र 63 प्रतिशत अंक आ नेट पर पांच अंक जीतलनि। कनाडाक खेलाड़ी 37 विनर लगौलनि आ मैच मे स्पेनिश खेलाड़ीक सर्विस चारि बेर तोड़लनि, जखनकि अपन सर्विस मात्र एक बेर गौलनि। एहि चारि ब्रेक मे दूटा पहिल सेट मे भेटल, जे ऑगर-एलियासिम 6-3 सं जीतलनि। एकर बाद स्पेनिश खेलाड़ी वापसी कयलनि। कैरेनो बुस्टा दोसर सेट शुरू होइते सर्विस तोड़लनि आ अपन सर्विस बचबैत दोसर सेट 6-4 सं जीत लेलनि। मुदा, निर्णायक सेट मे हुनका भारी हारक सामना करय पड़लनि। एहि सेट मे कनाडाक खेलाड़ी कैरेनो बुस्टाक सर्विस दू बेर तोड़लनि आ अंत मे अपन सर्विस बचा कए जीत सुनिश्चित कयलनि। ऑगर-एलियासिम आ रूडक अगिला मोकाबला प्री-क्वार्टर फाइनल मे होयत। दुनू खेलाड़ी एखन धरि आठ बेर आमने-सामने भेल छथि, जाहि मे कनाडाक खेलाड़ी नॉर्वेक खेलाड़ी पर 5-3 सं आगू छथि। ऑगर-एलियासिम दुनू खेलाड़ीक बीच भेल पिछला चारू मोकाबला जीतने छथि। एहि मे ओलंपिक क्वार्टर फाइनल मे भेटल जीत सेहो शामिल अछि। दुनू खेलाड़ीक बीच पिछला मोकाबला मोंटे-कार्लो मास्टर्स 1000 प्रतियोगिता मे भेल छल, जतय रूडक रिटायर होयबाक बाद कनाडाक खेलाड़ी जीत हासिल कयने छलाह।

# रणजी ट्रॉफी : रविंद्र जडेजाक बल्ला चलल, सौराष्ट्र लेल लगौलनि शतक रिंकू सेहो बिखेरलनि जलवा

रणजी ट्रॉफी 2026-27 सत्रक शुरूआत रविंद्र जडेजा सौराष्ट्र दिस सं खेलैत शानदार अनुमान मे कयलनि। जडेजा बेहतरीन बल्लेबाजी करैत शतकीय पारी खेललनि। ओतहि, उत्तर प्रदेश दिस सं खेलैत रिंकू सिंह सेहो शतक लगौलनि। जडेजा छत्तीसगढ़क विरुद्ध खेलैत 209 गेंदक सामना कए 102 रनक दमदार पारी खेललनि। अपन एहि पारी मे ओ 7 चौका लगौलनि। जखन जडेजा बल्लेबाजी करय उतरलाह, तखन सौराष्ट्रक स्कोर 3 विकेट पर 120 रन छल। ओ चारिम विकेट लेल चिराग जानीक संग 31 रनक साझेदारी कयलनि। चिराग आउट भेलाक बाद प्रेरक मांकड़ जडेजाक नीक जोड़ीदार बनलाह। दुनू मिलि पांचम विकेट लेल 205 रनक शानदार साझेदारी कयलनि।

प्रेरक 150 गेंदक सामना करैत 129 रनक बेहतरीन पारी खेललनि। जडेजा आ प्रेरकक शतकीय पारीक बदौलत सौराष्ट्रक टीम 392 रनक कुल स्कोर तक पहुंचय मे सफल रहल। चिराग जानी 83 रनक योगदान देलनि। ओतहि, बिहारक विरुद्ध उत्तर प्रदेश दिस सं खेलैत रिंकू सिंह सेहो शतकीय पारी खेललनि। रिंकू 168 गेंद मे 112 रन बनौलनि। अपन एहि पारी मे ओ 8 चौका आ 3 छक्का लगौलनि। रिंकू माधव कौशिकक संग 312 गेंद मे 207 रनक साझेदारी कयलनि। माधव सेहो 150 रनक दमदार पारी खेललनि। बड़ौदा दिस सं खेलैत दीपक हुड्डा गोवाक विरुद्ध अर्धशतकीय पारी खेललनि। ओ 98 गेंद मे 5 चौकाक मदति सं 52 रन बनौलनि। मुदा, राजस्थान दिस सं खेलैत मानव सुथार बल्लेबाजी मे खास कमाल नहि देखा सकलाह आ 17 रन बना कए आउट भए गेलाह। ओतहि, हैदराबाद दिस सं खेलैत मोहम्मद सिराज त्रिपुराक विरुद्ध पहिल पारी मे एकोटा विकेट नहि लए सकलाह। रवि दिन कर्नाटक दिस सं खेलैत केएल राहुल बल्लेबाजी मे असफल रहल छलाह आ मात्र 4 रन बना सकलाह। जखनकि मुंबई लेल खेलैत यशस्वी जायसवाल सेहो बिना खाता खोलने पवेलियन लौटि गेल छलाह। मुदा, मोहम्मद सिराज शानदार गेंदबाजी करैत दिल्लीक विरुद्ध 4 विकेट लेलनि।



**27 अक्टूबर सं जालंधर आ मोहाली मे होयत टूर्नामेंटक नबम संस्करण**

# एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी मे भारतक दबदबा 5 खिताब जीत कए सभ सं सफल टीम

भारतीय पुरुष हॉकी टीम एशियाई चैंपियंस ट्रॉफीक इतिहास मे सभ सं सफल टीम अछि। वर्ष 2011 मे शुरू भेल एहि टूर्नामेंट मे भारत एखन धरि 5 बेर खिताब जीत चुकल अछि। आब भारतीय टीमक नजरि छठम बेर चैंपियन बनेबाक लेल रहत। हीरो एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी पंजाब 2026 के आयोजन 27 अक्टूबर सं 5 नवंबर धरि जालंधर आ मोहाली मे कयल जाएत। भारत प्रतियोगिताक 8 संस्करण मे 5 खिताब अपना नाम केने अछि। टीम पहिल संस्करण मे शूटआउट के जरिए जीत दर्ज कयने छल, जखनकि 2024 मे चीन कें हरा कए खिताबक सफलतापूर्वक बचाव कयने छल। अलग-अलग परिस्थिति मे भेटल एहि जीत सभ एशियाई हॉकी मे भारतक लगातार मजबूती कें देखबैत अछि। हालहि भारतीय टीम एशियाई खेल मे अपन स्वर्ण पदकक पहिल बेर सफलतापूर्वक बचाव कए इतिहास रचने छल। आब टीम एक बेर फेर मैदान मे उतरत आ एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी मे अपन दबदबा कायम रखबाक प्रयास करत।



**2011 मे पाकिस्तान कें हरा कए बनल पहिल चैंपियन :** एशियाई चैंपियंस ट्रॉफीक पहिल संस्करण 2011 मे चीनक ऑर्डोस मे खेलल गेल छल। एहि मे भारत, चीन, मलेशिया, पाकिस्तान, दक्षिण कोरिया आ जापानक टीम हिस्सा लेने छल। फाइनल मे भारतक मोकाबला चिर प्रतिद्वंद्वी पाकिस्तान सं भेल। निर्धारित समय धरि मोकाबला गोलरहित बराबरी पर रहल, तकर बाद भारत शूटआउट मे 4-2 सं जीत दर्ज कयलक। एहि जीतक संग भारतीय टीम टूर्नामेंटक पहिल चैंपियन बनल।

**2016 मे दोसर बेर जीतलक खिताब :** तीन वर्षक अंतरालक बाद एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी 2016 मे मलेशियाक कुआंतन मे फेर शुरू भेल। भारत फाइनल मे एक बेर फेर पाकिस्तानक विरुद्ध शानदार प्रदर्शन कयलक आ 3-2 सं जीत हासिल कए दोसर बेर खिताब अपना नाम कयलक। भारत दिस सं रुपिंदर पाल सिंह, अफ्फान यूसुफ आ निकिन थिमैया गोल कयने छलाह। एहि जीत टूर्नामेंट मे भारतक मजबूत स्थिति आर पक्का भए गेल।

**2018 मे भारत आ पाकिस्तान संयुक्त विजेता :** भारत 2018 मे ओमानक राजधानी मस्कट मे आयोजित पांचम संस्करण मे तेसर बेर खिताब जीतलक। हालांकि, एहि बेर फाइनल के परिणाम असामान्य रहल। भारत आ पाकिस्तान फाइनल मे पहुंचल, मुदा लगातार बरखा होएबाक कारण मोकाबला पूरा नहि भए सकल। तकर बाद दुनू टीम कें संयुक्त विजेता घोषित कयल गेल। एहि तरहे भारतक खाता मे तेसर खिताब जुड़ि गेल।

**2023 मे मलेशियाक विरुद्ध शानदार वापसी :** भारत 2023 मे पहिल बेर एशियाई चैंपियंस ट्रॉफीक मेजबानी कयने छल। चेन्नईक मेयर राधाकृष्णन हॉकी स्टेडियम मे खेलल गेल सातम संस्करणक फाइनल मे भारतीय टीमक मोकाबला मलेशिया सं भेल। मोकाबलाक दौरान एक समय भारत पछुआ गेल छल आ मलेशिया पहिल हाफ धरि 3-1 सं आगू छल। भारतीय खेलाड़ी आखरी 16 मिनट मे शानदार वापसी कयलनि। हरमनप्रीत सिंह, गुरजंत सिंह आ आकाशदीप सिंहक गोलक बदौलत भारत 4-3 सं जीत दर्ज कयलक। एहि जीतक संग भारत चारिम बेर चैंपियन बनल आ टूर्नामेंटक इतिहास मे सब सं बेसी खिताब जीतनिहार टीम बनि गेल।

**2024 मे चीन कें हरा कए खिताबक बचाव :** भारत 2024 मे चीनक हुलुनबुइर मे आयोजित आठम संस्करण मे अपन खिताबक बचाव कयलक। फाइनल मे भारतीय टीमक मोकाबला मेजबान चीन सं भेल। मोकाबला कड़ा रहल, मुदा जुगराज सिंहक निर्णायक गोलक बदौलत भारत 1-0 सं जीत हासिल कयलक। ई भारतक पांचम एशियाई चैंपियंस ट्रॉफी खिताब छल आ एहि सं टूर्नामेंटक सभ सं सफल टीमक रूप मे ओकर रिकॉर्ड आर मजबूत भेल।

**छठम खिताब पर रहत भारतक नजरि :** 8 संस्करण मे 5 खिताब भारतक लगातार सफलता आ दबाव मे नीक प्रदर्शन करबाक क्षमता देखबैत अछि। कहियो शूटआउट मे जीत, कहियो संयुक्त विजेता बनेबाक परिणाम, तं कहियो पछुआएबाक बाद शानदार वापसी—भारतीय टीम अलग-अलग परिस्थिति मे खिताब अपना नाम केने अछि। आब 27 अक्टूबर सं पंजाब मे शुरू होमय बला नबम संस्करण मे भारतीय टीम लग अपन खिताबक संख्या 6 तक पहुंचयबाक मौका रहत।

# रणजी ट्रॉफी मे तुषार देशपांडेक हैट्रिक, मुंबई लेल एहन कएनिहार छठम गेंदबाज



तेज गेंदबाज तुषार देशपांडे सोम दिन रणजी ट्रॉफी 2026-27 मे चंडीगढ़क विरुद्ध मोकाबलाक दोसर दिन शानदार हैट्रिक लैत इतिहास रचि देलनि। ओ रणजी ट्रॉफी मे मुंबई दिस सं हैट्रिक लेनिहार छठम गेंदबाज बनि गेलाह। वानखेड़े स्टेडियम मे खेलल जा रहल मोकाबला मे देशपांडे लगातार तीन गेंद पर अर्जुन आजाद, शिवम भांबरी आ दीपेंद्र कुश कें आउट कयलनि। हुनकर एहि उपलब्धि सं चंडीगढ़क टीम मुंबईक पहिल पारी मे बनाओल गेल 429 रनक जवाब मे 37 रन पर छह विकेट गमा कए संकट मे पड़ि गेल। समाचार लिखल जाए धरि देशपांडे 17 रन दए पांच विकेट हासिल कए लेने छलाह।

**मुंबई लेल हैट्रिक लेनिहार गेंदबाज सभक सूची मे शामिल :** देशपांडे सं पहिने मुंबई दिस सं रणजी ट्रॉफी मे पांच गेंदबाज हैट्रिक लए चुकल छथि। एहि सूची मे जहांगीर खोत, उमेश कुलकर्णी, अब्दुल इस्माइल, रॉयस्टन डायस आ शार्दुल ठाकुर शामिल छथि।

**मुंबई लेल रणजी ट्रॉफी मे हैट्रिक लेनिहार गेंदबाज :** जहांगीर खोत 1943-44 मे मुंबईक ब्रेबोर्न स्टेडियम मे बड़ौदाक विरुद्ध हैट्रिक लेने छलाह। उमेश कुलकर्णी 1963-64 मे आनंद मे गुजरातक विरुद्ध हैट्रिक लेने छलाह। अब्दुल इस्माइल 1973-74 मे मुंबईक ब्रेबोर्न स्टेडियम मे सौराष्ट्रक विरुद्ध हैट्रिक लेने छलाह। रॉयस्टन डायस 2023-24 मे पटना मे बिहारक विरुद्ध हैट्रिक लेने छलाह। शार्दुल ठाकुर 2024-25 मे मुंबईक बीकेसी मैदान पर मेघालयक विरुद्ध हैट्रिक लेने छलाह। देशपांडेक हैट्रिक मुंबई कें मोकाबला मे मजबूत स्थिति मे पहुंचा देने अछि। चंडीगढ़क सोझां आब मुंबईक पहिल पारीक स्कोर तक पहुंचब आ मोकाबला मे वापसी करब कठिन चुनौती अछि।

धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




वर्ष 17, अंक 35 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053